**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI’ JOQARI’ HA`M WORTA ARNAWLI’ BİLİM MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATI’NDAG`I’ QARAQALPAQ MA`MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

***Qol jazba huqi’qi’nda***
UDK:336.121

**Saparova Gu’layim Baxadirovna**

**5A230901 – Buxgalteriyali’q yesap ha`m audit**

# FERMER XOJALI’QLARI’ FI’NANS XOJALI’Q İSKERLİGİN BYUDJETLESTİRİWDİN’ SHO’LKEMLESTİRİW-METODİKALI’Q TA’MİYNATI’N İSLEP SHI’G’I’W

**Magistr akademiyali’q da`rejesin ali’w ushi’n jazi’lg`an dissertaciya**

**MAK da jaqlawg`a ruxsat**

**Magistratura bo`limi basli’g`i’**

**_________doc. Gulimov A.**

**Kafedra basli’g`i’ __________doc. K. Ismailov**

**Ilimiy basshi’:____________e.i.k. B.Seilbekov**

No`kis-2015

# MAZMUNI

**KİRİSİW** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3

**1-BAP. Byudjetlestiriwdin' teoriyalıq ha'm sho'lkemlestiriw-metodikalıq tiykarları** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8

1. Byudjetlestiriwdin' ekonomikali'q a'hmiyeti ha'm woni' basqari'w yesabi' sistemasi'nda rawajlandi'ri'w sha'rt-sharayatlari'. . . . . . . . . . 8

1.2. Byudjetlerdin' tu'rleri, wazi'ypalari', principleri ha'm byudjetlestiriw basqi'shlari' . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21

**2-BAP. Fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriwdin' ilimiy-metodikali'q tiykarlari'** . . . . . . . . . . . . . 40

2.1. Biznes jobani' du'ziwdin' ekonomikali'q a'hmiyeti ha'm woni'n' fermer xojali'qlari'n sho'lkemlestiriwdegi ro'li . . . . . . . . . . . . . . . . . 40

2.2. Fermer xojali'qlari'n byudjetlestiriwdin' ma'mleket ekonomikasi'ndag'i' tutqan worni', woni' rawajlandi'ri'wdi'n' tiykarg'i' bag'darlari' . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51

**3-BAP. Fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriw na'tiyjeleri ha'm ekonomikadag'i' u'lesin ko'beyttiriw jollari'** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57

3.1. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriwdin' na'tiyjeleri ha'm mashqalalari' 57

3.2. Fermer xojali'qlari'n byudjetlestiriwdin' abzalli'qlari' ha'm wolardi'n' ekonomikadag'i' u'lesin ko'beyttiriw jollari' . . . . . . . . . . 63

**JUWMAQLAW HA'M USINISLAR** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68

**PAYDALANILG'AN A'DEBİLAR DİZİMİ** . . . . . . . . . . . . . . . . . . 72

# K İ R İ S İ W

**Magistrlik dissertaciyani’n’ aktualli’g’i’.** O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti ta’repinen Ja’ha’n finansli’q-ekonomikali’q krizisinin’ ekonomikami’zg’a, soni’n’ ishinde agrar tarmaqqa ta’sirin jumsarti’wg’a tiykar bolg’an faktorlar ani’qlani’p, aqi’betlerin jog’alti’wdi’n’ jollari’ ha’m ilajlari’ belgilep berildi.

Finansli’q ja’rdem mug’dari’ asqanda da, bul xojali’qti’ o’z-o’zinen rentabelli da’rejege ali’p shi’qpaydi’. Demek, aji’rati’lg’an resurslardan xojali’qta aqi’lg’a muwapi’q paydalani’w ha’m rentabellikti asi’ri’w imka’niyatlari’n ani’qlaw lazi’m.

Soni’n’ ushi’n fermer xojali’qlari’n ma’mleket ta’repinen qollap-quwatlaw menen bir qatarda jer, materialli’q ha’m finansli’q resurslardan aqi’lg’a muwapi’q paydalani’w, da’ramatlardi’ qa’liplestiriw ha’m olardi’ isletiwdin’ ishki finans-xojali’q mexanizmlerin de jetilistiriw za’ru’r.

Prezidentimiz İ.A.Karimov atap wo’tkenindey, ”...İmka’niyati’, ku’sh-quwati’ az bolg’an fermer xojali’qlari’ wo’zin za’ru’r texnika, aylanba qarji’ menen ta’miyinlew, kredit qa’biletine iye boli’w, yen’ tiykarg’i’si’, wo’z qa’rejetlerin qaplaw ha’m payda ko’rip islew, da’ramatti’ asi’ri’wdi’n’ isenimli tiykari’na aylana almasli’g’i’n bu’gin wo’mirdin’ wo’zi ko’rsetpekte.”[1].

Sol sebepli fermer xojali’qlari’nda da’ramatlardi’ qa’liplestiriw yesabi’ ha’m rentabellikti asi’ri’w ma’seleleri wo’z aldi’na aktual ma’selelerden biri boli’p yesaplanadi’.

Sonday-aq, ha’zirgi waqi’tta fermer xojali’qlari’ finansli’q jag’dayi’ni’n’ jamanlasi’wi’na ali’p keletug’i’n ishki faktorlar sezilerli da’rejede bar. Soni’n’ ishinde, da’ramatlardi’ qa’liplestiriw ha’m yesapqa ali’w mexanizminin’ na’tiyjesizligi, resurslardan aqi’lg’a muwapi’q paydalanbasli’q ha’mde finansli’q-ekonomikali’q jumi’slardi’n’ to’men da’rejedeligi ko’pshilik jag’daylarda xojali’qtag’i’ bar sheklengen resurslardi’ to’men rentabelli, ha’tte zi’yan ko’riletug’i’n wo’nimlerdi islep shi’g’ari’w ushi’n jumsaw jag’daylari’

bar. Na'tiyjede, da'ramatlardi' qa'liplestiriw processin qadag'alaw ha'm basqari'wdi'n' informaciyali'q ta'miynati' jamanlasadi'. Sonday-aq, payda keltiretug'i'n wo'nimlerdi islep shi'g'ari'w sheklenip, xi'zmettin' uli'wma finansli'q na'tiyjesi de to'menleniwine ali'p keledi.

Sonli'qtan fermer xojali'qlari'nda ba'sekege shi'damli' wo'nimlerdi islep shi'g'ari'w ha'm woni'n' na'tiyjelilik da'rejesin asi'ri'w da'ramatlardi' qa'liplestiriw yesabi'n ha'm rentabellik analizin jetilistiriwde aktual esaplanadi'.

**Magistrlik dissertaciyani'n' obiekti ha'm predmeti.** Izertlew obiekti boli'p, Qaraqalpaqstan Respublikasi' awi'l ha'm suw xojali'g'i' ministrligi yesaplanadi, predmeti Qaraqalpaqstan Respublikasi' awi'l ha'm suw xojali'g'i' ministrligi yesabatlari' mag'li'wmatlari'nan ibarat.

**Magistrlik dissertaciyani'n' maqseti**: Fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriwdin' ekonomikali'q a'hmiyetin bahalaw ha'm na'tiyjeliligin rawajlandi'ri'wg'a qarati'lg'an ilimiy ha'm a'meliy usi'ni'slar islep shi'g'i'wdan ibarat.

**Magistrlik dissertaciyani'n' wazi'ypalari'**. Usi' maqsetke yerisiw ushi'n to′mendegi wazi'ypalardi' wori'nlawi'mi'z tiyis.

-byudjetlestiriwdin' teoriyali'q ha'm sho'lkemlestiriw-metodikali'q tiykarlari'n islep shi'g'i'w

-fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriwdin' ilimiy-metodikali'q tiykarlari'n islep shi'g'i'w

-fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriw na'tiyjeleri ha'm ekonomikadag'i' u'lesin ko'beyttiriw jollari'n ani'qlaw

**Magistrlik dissertaiycani'n' ilimiy jan'ali'g'i'**

-byudjetlestiriwdin' teoriyali'q ha'm sho'lkemlestiriw-metodikali'q tiykarlari' islep shi'g'i'lg'an

-fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriwdin' ilimiy-metodikali'q tiykarlari' islep shi'g'i'lg'an

---

[1]Karimov İ.A. Jah'on moliyaviy - iqtisodiy inqirozi, O'zbekiston sharoitida uni bartaraf etishning yollari va choralari //-T.:O'zbekiston ,2009.-23b.

-fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriw na'tiyjeleri ha'm ekonomikadag'i' u'lesin ko'beyttiriw jollari' ani'qlang'an.

**İzertlewdin' tiykarg'i' ma'seleleri ha'm gipotezasi'.** İzertlew na'tiyjeleri magistrlik dissertaciya jumi'si'ni'n' temasi' boyi'nsha ilimiy maqala ha'm tezisler ko'rinisinde, 2015-ji'ldi'n' 17-18 aprel ku'nlerinde Gu'listan ma'mleketlik universitetinde wo'tkerilgen Respublikali'q ilimiy-a'meliy konferenciyada «O'zbekiston Respublikasida lizing operatsiyalari hisobi masalalari» atamasi'nda, usi' ji'ldi'n' 6-7 may ku'nleri Berdaq ati'ndag'i' QMU, Sotsial-ekonomikali'q fakultetinde wo'tkerilgen Xali'qarali'q ilimiy-a'meliy konferenciyasi'nda «Byudjetlerdin' tu'rleri, wazi'ypalari', principleri ha'm byudjetlestiriw basqi'shlari'» atamasi'ndag'i' bayanati' menen qatnasti', Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universitetinin' magistrler toplami'ni'n' 2015-ji'lg'i' sani'nda «Fermer xo'jaliklarida byudjetlashtirishning iqtisodiy mohiyati va uni boshqaruv hisobi tizimida rivojlantirish yo'llari» temasi'ndag'i' maqalasi' baspadan shi'qpaqta.

**Izzertlew temasindag' a'debiyatlarg'a sholiw** Fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriwdin' aktual ma'seleleri ko'plegen ekonomist ali'mlardi'n' ilimiy jumi'slari'nda basqari'w yesabi' sistemasi'n u'yreniwge u'lken itibar berilgenligin ayti'wi'mi'z lazi'm. Wolardan, Abdug'aniev A.A., Dusmuratov R.D., Mamadiyarov D.U., Pardaev A.X., Pardaev B.X.,Xasanov B.A., Xashimov A.A.[2]. Demek, ka'rxanalardi'n' finansli'q siyasati'n islep shi'g'i'wg'a tiyisli ilimiy usi'ni'slardi' jarati'w za'ru'rligi jetilip kelmekte. Bul usi'ni'slarda bolsa ka'rxanadag'i' pul ag'i'mlari'n analiz qi'li'w ha'm rejelestiriwdin' bazar sharayati' talaplari'na sa'ykes keletug'i'n sistemasi'n jarati'w ushi'n ka'rxana byudjetin qadag'alaw ha'm ori'nlaw sistemasi'na tiykarlang'an zamanago'y finansli'q basqari'w sistemasi'n islep shi'g'i'w za'ru'rligi ko'rsetiliwi lazi'm.

---

[2]Dusmuratov R.D., Mamadiyarov D.U. Qishloq xojaligida boshqaruv h'isobi: uslubiёt va amaliyot.T.: "Moliya" nashriyoti, 2008 y.-148b.; Pardaev A.X., Pardaev B.X. Boshqaruv hisobi./-T.: G'ofur G'ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi,

**Izzertlew na'tiyjelerinin' teoriyaliq ha'm a'meliy a'hmiyeti.** İzertlewdin' teoriyali'q ha'm metodikali'q tiykarlari'n respublikami'zdi'n' agrar tarawi'nda fermer xojali'g'i' ha'reketi, awi'l xojali'g'i'n modernizaciyalawg'a qarati'lg'an Ni'zamlar, Prezident İ.A.Karimovti'n' ekonomikani' modernizaciyalaw, agrar reformalardi' teren'lestiriw boyi'nsha miynetleri, Pa'rmanlari', Ministrler Kabinetinin' qararlari', qabi'llang'an normativ-xuquqi'y hu'jjetleri, shet yellik ha'm respublikami'z ali'mlari'ni'n' awi'l xojali'g'i'n modernizaciyalawda fermer xojali'qlari'nda byudjetlestiriwdin' na'tiyjelerin ani'qlawg'a qarati'lg'an ilimiy-izertlew jumi'slari' quraydi'. Magistrlik dissertaciyani'n' ilimiy juwmaqlari' ha'm a'meliy usi'ni'slari'nan joqari' woqi'w wori'nlari'nda «Finans menedjmenti», «Buxgalteriya yesabi'ni'n' milliy standartlari'», «Basqari'w yesabi'» pa'nlerin oqi'ti'wda paydalani'w mu'mkin.

**Izertlewde qollanilatug'in metodikanin' si'patlamasi.** Fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriwdi yesaplawda tiykari'nan statistikali'q, ekonomikali'q, ilimiy-teoriyali'q usi'llardan paydalani'ldi' ha'm olardi' sheshiw mashqalari' boyi'nsha tiykari'nan boljaw ha'm analiz usi'llari'nan paydalani'ldi'.

**Izertlewdin' du'zilisi ha'm sipatlamasi**. Dissertaciya jumi'si' kirisiw, u'sh bap, juwmaqlaw ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen turadi'. Jumi'sti'n' kirisiw bo'liminde temani'n' aktualli'g'i', woni'n' maqseti ha'm wazi'ypalari', obiekti, predmeti, metodikasi' ha'm usi'llari', paydalani'lg'an informaciyali'q bazasi', izertlew na'tiyjelerinin' ilimiy jaqtan jan'ali'q da'rejesi, a'meliy a'hmiyeti ha'm qollani'li'wi', strukturasi' ha'm qurami' bayan etilgen.

Magistrlik dissertaciyanin' birinshi babi', «Byudjetlestiriwdin' teoriyali'q ha'm sho'lkemlestiriw-metodikali'q tiykarlari'» dep ataladi' ha'm bunda, byudjetlestiriwdin' ekonomikali'q a'hmiyeti ha'm woni' basqari'w yesabi' sistemasi'nda rawajlandi'ri'w sha'rt-sharayatlari', ha'm de byudjetlerdin'

---

2008.104b.; Xasanov B.A. Xashimov A.A. Boshqaruv hisobi : oliy oquv yurtlari uchun darslik. TDİU.-Toshkent:Yangi nashr, 2011. 168b.

tu’rleri, wazi’ypalari’, principleri ha’m byudjetlestiriw basqi’shlari’ haqqi’nda tu’sinikler berilgen.

Jumi’sti’n’ ekinshi babi’, «fermer xojali’qlari’ finans xojali’q iskerligin byudjetlestiriwdin’ ilimiy-metodikali’q tiykarlari’» dep atali’p bunda, biznes jobani’ du’ziwdin’ ekonomikali’q a’hmiyeti ha’m woni’n’ fermer xojali’qlari’n sho’lkemlestiriwdegi ro’li ha’mde fermer xojali’qlari’n byudjetlestiriwdin’ ma’mleket ekonomikasi’ndag’i’ tutqan worni’, woni’ rawajlandi’ri’wdi’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’ bayan etilgen.

Magistrlik dissertaciyani’n’ u’shinshi babi’, «fermer xojali’qlari’ finans xojali’q iskerligin byudjetlestiriw na’tiyjeleri ha’m ekonomikadag’i’ u’lesin ko’beyttiriw jollari’» dep atali’p, bul jerde, Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda fermer xojali’qlari’ finans xojali’q iskerligin byudjetlestiriwdin’ na’tiyjeleri ha’m mashqalalari’ ha’m fermer xojali’qlari’n byudjetlestiriwdin’ abzalli’qlari’ ha’m wolardi’n’ ekonomikadag’i’ u’lesin ko’beyttiriw jollari’ de fermer xojali’qlari’n byudjetlestiriwdin’ abzalli’qlari’ ha’m wolardi’n’ ekonomikadag’i’ u’lesin ko’beyttiriw jollari’ qaralg’an.

# 1-BAP. Byudjetlestiriwdin’ teoriyali’q ha’m sho’lkemlestiriw-metodikali’q tiykarlari’

## 1.1. Byudjetlestiriwdin’ ekonomikali’q a’hmiyeti ha’m woni’ basqari’w yesabi’ sistemasi’nda rawajlandi’ri’w sha’rt-sharayatlari’

Ekonomikani’n’ agrar sektori’n modernizaciyalaw sharayati’nda fermerlik ha’reketi awi’l xojali’g’i’ wo’ndirisin sho’lkemlestiriw ha’m basqari’wdi’n’ jan’a usi’llari’n izlep kelmekte. Fermer xojali’qlari’nda basqari’w yesabi’ sistemasi’n rawajlandi’ri’w ha’m juwapkerlik woraylari’n ani’qlaw rawajlang’an ma’mleketlerde ken’ qollani’li’p ati’rg’an byudjetlestiriw texnologiyasi’n a’meliyatta qollawg’a imka’n beredi.

Byudjetlestiriw kontsepciyasi’ tiykari’nda ag’i’mdag’i’ byudjetlerdi strategiyali’q byudjetler penen sa’ykeslestiriw; ag’i’mdag’i’ byudjetlerdi fermer xojali’g’i’ni’n’ tu’rli bag’darlari’ boyi’nsha muwapi’qlasti’ri’w ha’m biriktiriw; fermerlerdi optimal mu’ddetler ishinde informaciyalar menen ta’miyinlew sistemasi’n jarati’w; finansli’q byudjetlerdi wori’nlaw u’stinen qadag’alaw sistemasi’n sho’lkemlestiriw joli’ menen fermer xojali’g’i’ni’n’ tabi’sli’ islewin ta’miynlewge umti’li’w jatadi’. Demek, byudjetlestiriw basqari’wdi’n’ wo’z-aldi’na qurali’ boli’p, woni’n’ a’hmiyetin byudjetlerdi o’z-ara biriktirgen halda du’ziw, qabi’l qi’li’ng’an byudjetlerdin’ wori’nlani’wi’ u’stinen ag’i’mdag’i’ qadag’alaw, haqi’yqi’y ko’rsetkishlerdin’ byudjet ko’rsetkishlerinen shetleniwlerdi yesapqa ali’w ha’m a’hmiyetli shetleniwlerdi analiz qi’li’w sistemasi’ si’pati’nda ta’riplew mu’mkin. Qalaberse, fermer xojali’qlari’ byudjeti da’ramatlar ha’m qa’rejetler, pul qarji’lari’ tu’simi ha’m to’lemin ten’salmaqli’li’qlasti’ri’w usi’li’ yesaplanadi’.

Bu’gingi ku’nde buxgalteriya yesabi’na tiyisli bolg’an normativ-huqi’yqi’y hu’jjetlerde “byudjetlestiriw” atamasi’ tilge ali’nbaydi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi byudjetlestiriw bati’s ma’mleketlerinde basqari’w yesabi’ do’gereginde a’melge asi’ri’ladi’. Basqari’w yesabi’ bolsa ni’zam hu’jjetleri menen ta’rtipke sali’nbaydi’. O’zbekistan Respublikasi’ “Buxgalteriya yesabi’ haqqi’nda”g’i’ Ni’zami’nda, Buxgalteriya yesabi’ni’n’ milliy standartlari’ ha’m

buxgalteriya yesabi'na tiyisli basqa normativ hu'jjetlerde basqari'w yesabi' haqqi'nda hesh na'rse delinbegen. Sonday-aq, byudjetlestiriw texnologiyalari'n qollaw ma'selesi de buxgalteriya yesabi'n sho'lkemlestiriw ha'm ju'ritiw menen baylani'sli' normativ hu'jjetlerde ha'zirshe itibardan shette qalmaqta.

Ka'rxanalarda byudjetlestiriwdi qollawdi'n' a'hmiyeti ha'zirshe tekg'ana O'zbekistan Respublikasi' Sali'q Kodeksinin' 21-"Qa'rejetler" babi'ni'n' 141-"Qa'rejetlerdi gruppalaw" statyasi'nda sa'wlelengen. Bul jerde: "Tiykarlang'an ha'm hu'jjetlerde tasti'yi'qlang'an qa'rejetler, usi' Kodekste na'zerde tuti'lg'an hallarda bolsa, ni'zam hu'jjetlerinde yaki sali'q to'lewshinin' yesapqa ali'w siyasati'na muwapi'q ra'smiylestirilgen zi'yanlar da sali'q to'lewshinin' qa'rejetleri boladi'"[3], delinedi. Bul hu'jjette birinshi ma'rte ka'rxana wo'zinin' a'melge asi'rg'an qa'rejetlerin ekonomikali'q jaqtan tiykarlawi' na'zerde tuti'lg'an. Biznes-reje, rejelestiriletug'i'n da'ramatlar ha'm qa'rejetler byudjeti tiykar boli'wi' mu'mkin. Sonday-aq, agrar sektor ekonomikasi'n ta'rtipke sali'wshi' normativ-huqi'yqi'y hu'jjetlerde de byudjetlestiriwdi qollaw za'ru'rligi haqqi'ndag'i' ma'seleler sa'wlelendirilmegen. Basqari'w yesabi' sistemasi'nda byudjetlestiriw processin qa'liplestiriwge tayanatug'i'n bolsaq, bunda normativ-metodikali'q ta'miynlewdegi kemshiliklerdi ko'rsetken maqul. O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' 05.02.1999 ji'l №54-sanli' Qarari' menen "Wo'nim (jumi's, xi'zmet) islep shi'g'ari'w ha'm sati'w qa'rejetleri qurami' ha'm finansli'q na'tiyjelerdi qa'liplestiriw ta'rtibi haqqi'nda Ni'zam" tasti'yqlang'an. Wonda ayti'li'wi'nsha, "Bul Ni'zam tiykari'nda tarmaqlardi'n' qa'rejetler qurami' ha'm yesabi' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' tiyisli ministrlikleri ha'm ka'rxanalari', xojali'q birlespeleri (korporaciyalar, koncernler, assotciaciyalar, kompaniyalar ha'm t.b.) ta'repinen O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Finans ministrligi ha'm Ma'mleketlik Sali'q komiteti menen kelisilgen halda belgilep beriledi"[4].

---

[3] Soliqqa oid qonun xujjatlaridagi yangiliklar. 2012 yil. – Toshkent: «NORMA», 2012. -512 b. («Norma maslahatchi» gazetasi kutubxonasi, 1-chiqarilish). 116 b.

[4] "Mahsulot (ish, xizmat) ishlab chiqarish va sotishga doir xarajatlar tarkibi va moliyaviy natijalarni shakllantirish tartibi tog'risida Nizom" O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 05.02.1999 yil №54 Qarori bilan tasdiqlangan

Lekin, ha’zirge shekem awi’l xojali’g’i’nda wo’nimnin’ (jumi’s, xi’zmet) wo’zine tu’ser bahasi’n rejelestiriw, yesapqa ali’w ha’m yesaplap shi’g’ari’w boyi’nsha hesh bolmag’anda, bir sistemag’a keltirilgen metodikali’q usi’ni’slar da joq. Soni’n’ ushi’n bu’gingi ku’nde awi’l xojali’g’i’nda mag’li’wmatlar ali’w, wolardi’ qayta islew, analiz qi’li’w, sonday-aq, wolarg’a tayani’p tiykarlang’an byudjetler du’ziw metodikasi’ qa’liplespegen, dewimizge tiykar bar.

Si’rt el ali’mlari’ni’n’ ilimiy miynetleri ha’m woqi’w-metodikali’q a’debiyatlari’ soni’ ko’rsetedi, kompaniyalar iskerligi a’meliyati’nda byudjetlerdin’ yeki tiykarg’i’ tu’ri bar: invecitsiya proektleri byudjetleri ha’m firmalardi’n’ ag’i’mdag’i’ iskerligi byudjetleri. Rawajlang’an ma’mleketler firmalari’ a’meliyati’nda ag’i’mdag’i’ xi’zmet byudjeti basqari’w yesabi’ni’n’ a’hmiyetli elementi yesaplanadi’. Demek, ag’i’mdag’i’ xi’zmet byudjetleri puqta du’zilmes yeken, basqari’w yesabi’ sistemasi’ da na’tiyjeli isley almaydi’.

Fermer xojali’qlari’ni’n’ jer uchastkalari’n optimallasti’ri’w ha’m Respublika Prezidenti İ.A.Karimovti’n’ ko’rsetpesi menen Fermerler ken’eslerin sho’lkemlestiriwge shekem a’meliyatshi’lar u’lken qi’zi’g’i’w bildirmegeni sebepli, byudjetlestiriwdi yengiziw ha’mde fermer xojali’qlari’nda byudjetlestiriw sistemasi’nan paydalani’w temasi’ ekonomikali’q a’debiyatlarda rawajlandi’ri’lmadi’. Lekin ekonomist ali’mlar arasi’nda bir ta’repten byudjet basqari’wi’ tu’sinigi, yekinshi ta’repten, pul ag’i’mlari’n rejelestiriw ha’m qadag’alaw tu’sinigi aralasti’ri’p jiberildi. Tiykari’nda pul ag’i’mlari’n rejelestiriw ha’m qadag’alaw byudjetlestiriw sistemasi’ni’n’ a’hmiyetli bir bo’limi. Sol sebepli “byudjet” ha’m “byudjetlestiriw" tu’siniklerine ani’qli’q kiritiw za’ru’r.

Byudjet degende ko’binese ma’mleket basqari’wi’na tiyisli kategoriya - O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Oliy Ma’jilisinde dodalanatug’i’n ha’m tasti’yi’qlanatug’i’n ma’mleket byudjeti tu’siniledi. Respublikami’zdag’i’ ekonomistler A.X.Pardaev ha’m B.X.Pardaevlar pikirlerin keltiriwimiz wori’nli’: “A’dette, byudjet haqqi’nda ko’pshilik ka’rxana basshi’lari’ wo’zlerin

basqasha sezedi. Sebebi, byudjet atamasi' ma'mleket finansi', ma'mleket byudjeti tu'sinikleri menen baylani'sli' dep qaraydi' ha'mde woni' qa'rejetler smetasi' ko'rinisinde qaraydi''"[5].

B.A.Xasanov ha'm A.A.Xashimovlar bul atamalardi'n' mazmuni'na to'mendegishe jaqi'nlasqan:"Byudjet atamasi' ken' ma'nide, ma'mleket ko'leminde ekonomikali'q siyasatti' islep shi'g'i'w, jalpi' ishki wo'nimnin' bahasi'n bo'listiriw ha'm qayta bo'listiriw na'tiyjesinde hu'kimet i'qti'yari'nda woraylasqan pul fondlari'ni'n' qa'liplesiwi ha'm wolardan aqi'lg'a muwapi'q paydalani'wdi' an'latadi'.

Byudjetlestiriw atamasi' bizin' ekonomikali'q a'debiyatlarda jeterlishe jarati'lmag'an, sebebi ka'rxanani' kompleks rejelestiriw, qadag'alaw ha'm xojali'q xi'zmetin analizlew sistemasi' usi' waqi'tqa shekem tekg'ana biznes-rejelestiriw menen sheklengen edi"[6].

Si'rt elde byudjet turmi's tu'sinigi yesaplanadi': shan'araq byudjeti yaki kompaniyani'n' finansli'q rejesi, yag'ni'y kompaniya basshi'si' ta'repinen tasti'yi'qlang'an finansli'q jag'day boljawi' boli'p, wonda qa'rejetler ha'm qa'rejetlerdin' tiykarg'i' limitleri, finansli'q na'tiyjeler normativleri, tu'rli maqsetli finansli'q ko'rsetkishler belgilep qoyi'ladi'.

Ma'mleketimizdegi avtorlar dag'azalag'an baspalarda ko'binshe usi' tu'siniklerdin' bati's ekonomistlerinin' ilimiy jumi'slari'ndag'i' talqi'lani'wi'na tayani'ladi'. Bul tu'sinikke woni'n' barli'q ta'replerin qamti'p alatug'i'n ta'rip beriw maqsetinde de usi' atamalardi'n' tu'rli jergilikli ha'm si'rt el dereklerindegi ta'riplerin teren'irek analiz qi'lami'z.

Byudjette a'melge asi'ri'wdag'i' rejelestirilgen ilajlar baha, ayi'ri'm waqi'tta natural ko'riniste sa'wlelenedi. Lekin mug'darli' bayanlang'an ha'r qanday rejeni de byudjet dep ataw qi'yi'n. Bunnan ti'sqari', ta'riptin' yekinshi bo'limi "byudjet"tin' wo'zin emes, ko'birek "byudjetlestiriw" atamasi'n sa'wlelendiredi. Ma'selen, byudjet du'ziw ha'm tasti'yi'qlawdi'n' wo'zi

[5]Pardaev A.X., Pardaev B.X. Boshqaruv hisobi./-T.: G'ofur G'ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2008.104b.
[6]Xasanov B.A. Xashimov A.A. Boshqaruv hisobi : oliy oquv yurtlari uchun darslik. TDİU.-Toshkent:Yanginashr, 2011. 168b.

woni'n' wori'nlani'wi' u'stinen qadag'alaw wo'z-wo'zinen a'melge asi'ri'li'wi'n bildirmeydi. Byudjet qadag'alaw qurali'na aylanadi', woni'n' ja'rdeminde jaqsi' jolg'a qoyi'lg'an qadag'alaw ha'm tiykarlaw sistemasi' bolg'anda g'ana ha'reketlerdin' na'tiyjeliligi ani'qlanadi'. Byudjet resurslardi' wori'nli' bo'listiriwge ha'm da'slepki qadag'alawdi' a'melge asi'ri'wg'a imka'n beredi. Bul bolsa xi'zmet na'tiyjeliligin asi'ri'wg'a ja'rdem beredi. Lekin basqa ta'repten, byudjet islep shi'g'i'li'p, tasti'yi'qlang'annan keyin woni' wori'nlaw basqa tu'rli basqari'w usi'llari'n qollawdi' talap yetedi. Byudjet ko'rsetkishlerinen aytarli'qtay shetleniwlerdi bahalaw ha'm analiz qi'li'w tuwri'lawshi' ilajlardi' a'melge asi'ri'w byudjetke du'zetiwler kiritiw yaki byudjettin' wo'zin wo'zgertiw za'ru'rligin keltirip shi'g'aradi'. V.M.Popov avtorli'qlari' menen birge "Byudjet-bul finansli'q ani'qlang'an reje. Buxgalteriya qabi'l qi'li'ng'an qararlar tuwri'li'g'i'n bahalawdi'n' a'hmiyetli ko'rsetkishi bolsada, rejelestiriw de byudjetlestiriw de sanlardi' sali'sti'ri'w emes, a'hmiyetlisi-bul qararlardi' qabi'l qi'li'w mexanizmin jolg'a qoyi'w"[7] dep ta'ripleydi. Sol sebepli, xi'zmetti basqari'w "byudjet" yemes, ba'lkim ko'birek "byudjetlestiriw" ta'ripine kiredi. Bunnan ti'sqari', ko'rip shi'g'i'li'p ati'rg'an ani'qlamalardan byudjetler rejelestiriwdin' qanday tu'rine-strategiyali'q yaki ag'i'mdag'i' rejelestiriw tu'rine kiriwi de ani'q emes. Sebebi bazi'bir strategiyali'q maqsetler de mug'darli' wo'lshemlerde ani'qlani'wi' mu'mkin. Ma'selen, rus ali'mi' N.P.İvashenko avtorli'g'i'nda shi'g'ari'lg'an "Firma ekonomikasi'" sabaqli'g'i'nda "Byudjetlestiriw- resurslardi' bo'listiriw ha'm byudjetlerdi sali'sti'ri'wdi'n' strategiyalari', da'stu'rleri ha'm rejelerin a'melge asi'ri'wdi' ta'miyinleytug'i'n sistemani' qa'liplestiriw"[8] si'pati'nda xarakterlep, strategiyali'q rejelestiriw menen baylani'sti'rg'an.

V.K.Sklyarenko, V.M. Prudnikovlar"byudjet" tu'sinigin "smeta" atamasi' menen isletip, woni' "Firma byudjeti-rejelestirip ati'rg'an ji'lda ka'rxanani'n' barli'q xojali'q bo'linbeleri ha'm funktsional xi'zmetlerinin' da'ramatlar ha'm

---

[7]Popov V.M.i dr. Biznes firmı i byudjetirovanie potoka denejnıx sredstv.- M.: Finansı i statistika, 2003 114s.
[8]Ekonomika firmı. Uchebnik/ Pod obsh. red. prof. N.P.İvashenko. -M.:İNFRA -M, 2006. 468 s. (Uchebnik ekonomicheskogo fakulteta im. M.V.Lomonosova).

qa’rejetler ji’yma rejesi (smetasi’)” si’pati’nda ani’qlama beredi. Byudjet mo’lsherlep qoyi’lg’an ilajlardi’ wori’nlawdi’n’ wo’zine ta’n jumi’s qurali’ boli’p, bunda wori’nlawshi’lar, wori’nlani’w waqti’ ha’mde qurallari’ ani’q belgilengen boladi’. Solay etip, bul ani’qlamada avtorlar byudjetti (smetani’) ka’rxanani’n’ ag’i’mdag’i’ iskerligin rejelestiriwge kiritken. Lekin ani’qlama biraz tar ha’m ani’q emes ekenin ta’n ali’w za’ru’r dep yesaplaymi’z. Sebebi ha’r qanday “rejelestirilip ati’rg’an ji’ldag’i’ ji’yma rejesi (smeta), yag’ni’y ag’i’mdag’i’ reje de byudjet yesaplana bermeydi. Bunnan ti’sqari’, byudjet xojali’q iskerliginin’ da’stu’ri yemes. Byudjette ma’lim bir maqset ha’mde wazi’ypalar belgilenip, finanslasti’ri’w derekleri ani’qlanadi’ ha’m woni’ wori’nlawshi’lardan wazi’ypalardi’ usi’ derekler do’gereginde sheshiw talap yetiledi. Fermerler wo’z iskerliklerin sho’lkemlestiriw kerek boladi’, bunda belgilengen maqset ha’mde wazi’ypalardi’ byudjet shegarasi’nan shi’g’i’p ketpesten wori’nlawlari’ mu’mkin.

“Byudjet” tu’sinigi worni’na ko’birek “smeta” atamasi’ qollani’li’wi’na sebep, “byudjet” bizin’ tu’sinigimizshe “smeta”g’a (qa’rejetler smetasi’, kapital qoyi’lmalar smetasi’) jaqi’n. Bizin’ pikirimizshe, “byudjet” atamasi’nan paydalang’an abzali’raq, sebebi “smeta” atamasi’ qa’rejetlerdi ha’m kapital qoyi’lmalardi’ rejelestiriw tarmag’i’ menen sheklenip qaladi’ ha’m “byudjet” atamasi’ni’n’ ma’nisin toli’q sa’wlelendirmeydi. Ma’selen, B.A. Xasanov ha’m A.A. Xashimovlardi’n’ jazi’wlari’nsha: “Byudjetlerdi tayarlawda to’mendegi smetalar du’ziledi: materialli’q qa’rejetler smetasi’; tiykarg’i’
wo’ndiriste ba’nt bolg’an xi’zmetkerlerge miynet haqi’ qa’rejetleri smetasi’; wo’ndiris wo’zgesheligine iye u’steme qa’rejetler smetasi’; administrativlik-basqari’w qa’rejetleri smetasi’”[9]. “Bas byudjetti du’ziwdin’ juwmaqlawshi’ basqi’shi’ ku’tilip ati’rg’an payda yaki zi’yan haqqi’ndag’i’ uli’wmalasti’ri’lg’an smetani’ du’zip shi’g’i’w yesaplanadi’. Bul smeta to’mendegi ko’rsetkishlerdi wo’zinde sa’wlelendiredi; a) wo’nim sati’w, jumi’slar wori’nlaw ha’m xi’zmetler ko’rsetiwden ali’ng’an da’ramatlar; b)

wo'ndiriske sarplanatug'i'n shiyki zat ha'm materiallar qa'rejetleri; v)tiykarg'i' wo'ndiriste ba'nt bolg'an xi'zmetkerlerdin' miynet haqi' qa'rejetleri; g) wo'ndiris wo'zgesheligindegi u'steme qa'rejetler; d) sati'lg'an wo'nimlerdin' wo'zine tu'ser bahasi'; e) sati'w ha'm administrativlik-basqari'w qa'rejetleri; z) wo'ndiristen ku'tilip turg'an payda yaki zi'yan"[10].

A.X.Pardaev ha'm B.X. Pardaevlar "Byudjet -bul rejelestirilgen xi'zmetti a'melge asi'ri'wdan aldi'n du'ziletug'i'n finansli'q hu'jjet yesaplanadi'"[11] dep ani'qlama berip, "byudjet" ha'm "reje" atamalari' bir qi'yli' yemesligine itibar qaratadi'.

N.E.Zayats, T.İ. Vasilevskayalar "byudjet" atamasi'n tiykari'nan ka'rxana finans-xojali'q xi'zmetinin' tu'rleri boyi'nsha baha ko'rinisinde ko'rsetilgen qi'sqa mu'ddetli rejeleri ja'mlenbesi si'pati'nda ani'qlama bergen: «Byudjet-ka'rxanani'n' ag'i'mdag'i' (operatsion), investicion ha'm finansli'q xi'zmeti boyi'nsha qarji'lar tu'simi ha'm sarplani'wi'n sa'wlelendiriwshi finansli'q reje"[12].

B.A. Xasanov ha'm A.A. Xashimovlardi'n' izertlewlerinde byudjetke joqari'da ko'rip shi'g'i'lg'an ani'qlamalardan ken'irek ani'qlama berilgen: "Byudjet-ka'rxanani'n' ma'lim da'wirge mo'lsherlengen xojali'q xi'zmetin rejelestiriw ko'rsetkishleri boli'p, wol kapital, tovar-materialli'q ha'm finansli'q resurslar, ag'i'mdag'i' ha'm investiciya xi'zmeti ushi'n finanslasti'ri'w qarji'lari'n yengiziw, da'ramat ha'm qa'rejetler, pul qarji'lari' ha'reketi, investiciyalar (kapital ha'm finansli'q qoyi'lmalar)di' wo'z ishine qamti'p aladi'"[13]. Bul jerde byudjet tu'siniginin' a'hmiyetli ta'repi ashi'p berilgen. Wog'an muwapi'q byudjet pu'tkil ka'rxana ushi'n xi'zmet rejesine yesaplanbastan, woni'n' bo'limleri boyi'nsha qa'rejet, da'ramat yaki payda

[9]Xasanov B.A. Xashimov A.A. Boshqaruv hisobi : oliy oquv yurtlari uchun darslik. TDİU.-Toshkent:Yanginashr, 2011.176 b.
[10] Usı derek. 177 b.
[11]Pardaev A.X., Pardaev B.X. Boshqaruv hisobi./-T.: G'ofur G'ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2008.106 b.
[12] Finansı predpriyatiy: uchebnoe posobie /N.E.Zayats F.59 [i dr.] ; pod obsh.red. N.E.Zayats, T.İ. Vasilevskoy.- 2-e izd.- Mn.: Vısshaya shk., 2005,394s.
[13]Xasanov B.A. Xashimov A.A. Boshqaruv hisobida byudjetlashtirish :O'quv qollanma). –T.:"O'qituvchi", 2004. 5b..

woraylari’ boyi’nsha byudjetler wori’nlani’wi’ ushi’n jeke juwapkerlikti bekkemlew maqsetinde ha’r bir bo’lim ushi’n wo’z aldi’na du’ziledi.

Byudjetlestiriw sistemasi’ndag’i’ ha’r bir byudjet o’zinen to’mendegi byudjetlerdin’ ji’yi’ndi’si’nan ibarat boladi’. Uluwma, byudjetler buxgalteriya yesabatlari’, kerisinshe basqari’w yesabatlari’ menen uqsas boli’wlari’ za’ru’r. Ma’selen, da’ramatlar ha’m qa’rejetler byudjeti, pul ag’i’mlari’ byudjeti, prognoz balansi’ si’yaqli’ uluwmalasti’ri’wshi’ byudjetler. Bunday uluwmalasti’ri’wshi’ byudjetler wo’z aldi’na juwapkerlik woraylari’ni’n’ byudjetlerin birlestiriw tiykari’nda du’ziledi. Bunda wo’nim tu’rleri, paydalanatug’i’n materiallar ha’m tag’i’ basqalar kesimindegi da’ramatlar ha’m qa’rejetler, tu’simler ha’m to’lemlerdin’ ani’q statyalari’ wo’z aldi’na juwapkerlik woraylari’ni’n’ da’slepki elementrleri yesaplanadi’.

B.A. Xasanov, A.A. Xashimovlar ko’plegen bati’s ekonomistleri (M. Meskon, A.Xosking ha’m b.) ha’m BMSh ekonomistleri (T.P.Karpova ha’m b) si’yaqli’ byudjetlestiriwdi basqari’w usi’llari’na kiritiwge itibar qaratadi’: “Byudjetlestiriw na’tiyjeli basqari’w usi’llari’nan yesaplani’p, to’mendegi wo’zgesheliklerge iye: ka’rxanani’n’ xi’zmeti menen bo’limler xi’zmetin kompleks rejelestiriledi; byudjetlestiriw proektin islep shi’g’i’w imka’nin jaratadi’; du’zilgen biznes-rejeni tasti’yi’qlaydi’; wo’zgerip turi’wshi’ ishki ha’m si’rtqi’ keri faktorlardi’ joq yetiwge ko’meklesedi”[14]. Bul ju’da’ tiykarli’, sebebi byudjetlestiriwdi yengiziw basqari’w sistemasi’n ko’p ta’repten qayta quri’wdi’ talap qi’ladi’. Tiykari’nan, woraylasqan basqari’wdan uzaqlasadi’, rejelestiriw processine basqari’wdi’n’ to’mengi da’rejesindegi menedjerler, soni’n’ ishinde, a’piwayi’ xi’zmetkerler ken’ yengiziledi, qi’zi’qti’ri’w ha’m materialli’q xoshametlew sistemasi’ wo’zgeredi, qabi’l qi’li’ni’p ati’rg’an basqari’w qararlari’ni’n’ finansli’q ta’repine itibar ku’sheyttiriledi. Solay etip, byudjetlestiriwdi xojali’q subiektleri finans-xojali’q xi’zmetin basqari’wdi’ sho’lkemlestiriwge, byudjetti juwapkerlik woraylari’ boyi’nsha islep shi’g’i’w, byudjetlerdi wori’nlaw u’stinen qadag’alaw ju’ritiwdi sho’lkemlestiriw,

mo’lsherlengen na’tiyjelerge yerisiw maqsetinde byudjet ko’rsetkishlerinen shetke ketiwlerdi analizlew ha’m xi’zmetti usi’ tiykarda basqari’wg’a tiykarlang’an qatnas si’pati’nda xarakterlew mumkin. Ameliyatta ayi’ri’m ka’rxana ha’m sho’lkemler wol yamasa bul ko’riniste byudjetlestiriw menen shug’i’llandi’. Lekin, ko’pshilik fermer xojali’qlari’ ra’smiy ra’wishte, yag’ni’y jazba formada maqset ha’mde strategiyalari’n qa’liplestirmeydi, wolardi’n’ kerisinshe byudjetlerdi wo’z aldi’na hu’jjetler si’pati’nda ra’smiylestirmeydi. Byudjetler ag’i’mdag’i’ rejelestiriw do’gereginde bir ji’ldi’ mo’lsherlep, aylarg’a bo’lingen halda (yaki basqasha da’wirler boyi’nsha) islep shi’g’i’ladi’. Lekin bazi’bir ka’rxanalar bazarg’a taza wo’nim menen shi’g’i’p ati’rg’anda yaki jan’a texnologiyalar yengizilip ati’rg’anda byudjetlerden worta mu’ddetli (u’sh ji’l ha’m wonnan arti’q ji’llar mu’ddetke) rejelestiriwde de paydalanadi’.

Byudjetler strategiyali’q basqari’w do’gereginde a’mel qi’li’p ati’rg’an ag’i’mdag’i’ basqari’wdi’n’ a’hmiyetli elementi yesaplanadi’. Byudjetlestiriwdin’ negizinde basqari’wdi’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’na, yag’ni’y rejelestiriw, sho’lkemlestiriw, yesap ju’ritiw, qadag’alaw ha’m analizge biriktirilgen qatnas jatadi’. Byudjetlestiriw sistemasi’, ka’rxana finans-xojali’q xi’zmetinin’ ha’mme ta’replerin-islep shi’g’ari’w, sati’w, finansli’q ta’replerdi qamti’p alatug’i’n ha’m wolardi’ muwapi’qlasti’ri’p turatug’i’n kompleksli sistema yesaplanadi’. Basqari’wdi’n’ barli’q buwi’nlari’nda qararlar qabi’l qi’li’ni’p ati’rg’anda tiykarg’i’ itibar finansli’q ma’selege qarati’ladi’. Bul paydani’ ko’beytiw, finansli’q resurslardi’ jumsali’p ati’rg’an qa’rejetler menen ten’salmaqlasti’ri’w ha’m pul ag’i’mlari’n muwapi’qlasti’ri’w si’yaqli’ maqsetlerge yerisiw, uli’wma, finansli’q jag’dayi’n jaqsi’law imka’niyati’n beredi.

Byudjetlestiriw strategiyali’q rejelerdi ani’qlasti’ri’wshi’ ka’rxanani’n’ tiykarg’i’ xi’zmetin rejelestiriwge tayanadi’. Bul belgilengen ilajlardi’ a’melge asi’ri’wdi’n’ maqsetke muwapi’qli’g’i’n ha’m na’tiyjeliligin aldi’nnan qadag’alawg’a, sonday-aq, resurslardi’ bo’listiriwge imka’n beredi. Ani’qlama

---

[14]Xasanov B.A. Xashimov A.A. Boshqaruv hisobi : oliy oquv yurtlari uchun darslik. TDİU.-Toshkent:Yanginashr, 2011.171

ma'mleket byudjetine sa'ykes bolsada, wol usi' tu'siniktin' a'hmiyetin jeterlishe sa'wlelendirgenligi ma'lim da'rejede kommerciyali'q ka'rxanalardi'n' byudjetlerine de tiyisli. Byudjetlestiriw ja'rdeminde da'ramatlar ha'm qa'rejetlerdin' ten'salmaqli'li'g'i' tekseriledi, kapital qoyi'lmalar ha'm finansli'q resurslar muwapi'qlasti'ri'ladi' ha'm finans-xojali'q xi'zmetinin' na'tiyjeliligin a'melge asi'ri'w bari'si'ndag'i' ishki imka'niyatlar ani'qlanadi'.

Haqi'yqi'y ko'rsetkishler yesabi' ha'm wolardi'n' byudjet bahalari'nan ayi'rmashi'li'g'i', wo'z waqti'nda du'zetiwler kiritiw maqsetinde byudjetler wori'nlani'wi'n qadag'alaw ha'm byudjetten shetke jiberiwlerdin' sebeplerin ani'qlaw, wolardi' joq qi'li'w jollari'n tabi'w ushi'n usi' shetke jiberiwlerdi analiz qi'li'w da tiykarg'i' sho'lkemlestiriwshi basqari'w wazi'ypalari' yesaplanadi'. Tiykari'nda byudjetlestiriw bir sistema boli'p, wonda rejelestiriw, yesap, qadag'alaw, analiz ha'm xi'zmet qanaatlandi'rarli' finansli'q na'tiyjelerdi ha'mde to'lew qa'bileti da'rejesin ta'miyinlew jag'i'nan basqari'w birigip ketedi.

Bazi' bir qa'niygeler basqari'w yesabi' sistemalari'ni'n' ta'sirshen'ligi tiykarg'i' principlerdin' uli'wmalaspag'anli'g'i'n ta'miyinleydi dep atap, qa'rejetler, finans ha'm kommecsiya xi'zmetin basqari'wdi'n' byudjet usi'li'n uli'wma qabi'l qi'li'ng'an basqari'w yesabi' principlerine kiritedi. Yag'ni'y basqari'w yesabi'nda byudjetlestiriwden paydalani'lmasa, basshi' ka'rxanani'n' finansli'q na'tiyjelerin na'tiyjeli basqari'w ushi'n za'ru'r informaciya menen ta'miynlenbeydi. Bunnan ti'sqari', byudjetlestiriw basqari'w yesabi'ni'n' quramli'q bo'limi boli'p, wonda rejelestiriw, byudjetlestiriw, sintetikali'q ha'm analitikali'q sshetlarda haqi'yqi'y mag'li'wmatlardi' sa'wlelendiriw, byudjetler wori'nlani'wi' qadag'alawi' ha'm analizi, waqi'yalarg'a baylani'sli' basqari'w qararlari' ushi'n informaciya tayarlawlardi' wo'z ishine aladi'.

Basqari'w yesabi' a'lbette keleshekke mo'lsherlengen boli'wi' za'ru'r. Woni'n' tiykarg'i' wazi'ypasi –ka'rxana basshi'si' ushi'n uzaq ha'm qi'sqa mu'ddetli maqsetlerge yerisiwge qarati'lg'an qararlardi' qabi'l qi'li'w ushi'n

b.

za'ru'r bolg'an tiyisli informaciya tayarlaw, ka'rxanani'n' islew na'tiyjeliligin asi'ri'wdan ibarat. Basqari'w yesabi' wo'tken ha'diyselerdi a'piwayi' yesaplawg'a yemes, keleshek ushi'n wazi'ypalar belgilew ha'm wolardi'n' wori'nlani'wi'na ja'rdem beriwge bag'darlang'an.

Bati's firmalari'ni'n' byudjetlestiriwi a'meliyatta ekonomikali'q informaciyalardan ka'rxana xi'zmetinin' na'tiyjeliligin asi'ri'w ha'm finansli'q jag'dayi'n bekkemlew maqsetinde finansli'q na'tiyjeler ha'm finansli'q ag'i'mlardi' rejelestiriw ha'mde qadag'alaw ushi'n paydalani'wg'a ju'da' jaqsi' mi'sal boladi'. A.Xosking byudjettin' (smetani'n') a'hmiyeti haqqi'nda aytar eken, birinshiden, byudjet pul yaki mug'dar ko'rsetkishlerde bayanlang'an ha'reketler rejesi si'pati'nda paydalani'p ati'rg'an resurslardi' qi'sqarti'ri'wg'a qarati'lg'an. Ekinshiden, wol "xi'zmettin' arnawli' tu'rlerin basqari'w ha'm qadag'alaw, haqi'yqi'y wori'nlani'wdi' bahalaw ha'm analiz qi'li'w ushi'n operatsion standartlardi' jarati'w, ha'reketler ushi'n juwapkerlikti belgilew, standartlardan shetke shi'g'i'w jag'daylari' ju'z bergende tezlik penen wolardi' joq qi'li'w maqsetinde shetke shi'g'i'wlardi' tabi'w ushi'n qural boli'p yesaplanadi'".

Sklyarenko V.K., Prudnikov V.M. "Byudjetlestiriw - bul wo'z aldi'na bo'linbelerdin' finansli'q qa'rejetleri ha'm na'tiyjelerinin' byudjetlerin ha'mde ka'rxana iskerligin islep shi'g'ari'w-finansli'q rejelestiriw"[15]dep ani'qlama beredi.

O'zbekistanli' ekonomist ali'mlar bu'gingi ku'nge kelip byudjetlestiriw protsessi haqqi'nda wo'zlerinin' pikirlerin bildirmekte. Wolardi'n' jumi'slari'nda usi' atamani'n' bati'stag'i' ta'repleri menen uli'wma ta'repleri ko'p.

Pardaev A.X., Pardaev B.X. jazi'wlari'nsha "Rejelestiriw delingende - keleside ani'q bir jumi'slardi' wori'nlaw ushi'n payda bolatug'i'n ha'reketlerdi aldi'nnan belgilep, ani'qlap ali'w tu'siniledi. Rejelestiriw processinde yeki

[15]Sklyarenko V.K., Prudnikov V.M. «Ekonomika predpriyatiya»: Uchebnik-M.: İNFRA-M, 2006.466s. (Vısshee obrazovanie).

tiykarg'i' ilaj bar. Bular: 1. Da'stu'rler islep shi'g'i'w; 2. Tiyisli byudjetlerdi qa'liplestiriw"[16].

B.A.Xasanov wo'z izleniwlerinde, "byudjetlestiriw processi bas byudjetti du'ziwden baslanadi'. Bas byudjet ka'rxana basshi'lari' ushi'n a'hmiyetli boli'p, rejelestirilgen yesabat da'wirinde wolar aldi'nda turg'an maqset ha'm wazi'ypalardi' ani'q belgilew ha'm islep shi'g'ari'w da'stu'ri wori'nlani'wi'n, da'ramatlar ha'm qa'rejetlerdin' qa'liplesiw processi, yesap-kitaplar jag'dayi'n gu'zetip bari'wg'a imka'n beredi"[17], dep jazadi'. Sonday-aq, "Byudjetlestiriw ka'rxanani'n' ma'lim da'wirge mo'lsherlengen finansli'q-xojali'q xi'zmetin rejelestiriw yesaplanadi'.

Rejelestiriw. Ko'pshilik jag'daylarda, basqari'w qararlari' boyi'nsha rejeler islep shi'g'ari'w da'stu'rin tayarlaw processinde qa'liplestiriledi ha'm byudjetlerdi du'ziwde ani'qlasti'ri'ladi'"[18].

Solay etip, ilimiy ha'm woqi'w-metodikali'q derekler analizi rejelestiriw, da'stu'rlestiriw ha'm byudjetlestiriw tu'siniklerin ani'q aji'rati'wg'a imka'n berdi. Reje-maqsetler sistemasi' ha'm maqsetke yerisiwge tiyisli strategiyalar boli'p yesaplanadi'. Da'stu'r-strategiyalardi' a'melge asi'ri'wg'a tiyisli ilajlar kompleksi. Byudjet bolsa maqset, strategiya ha'm mo'lsherlengen ilajlardi'n' finansli'q bayani', wori'nlani'wi'ni'n' prognoz qi'li'ni'p ati'rg'an finansli'q na'tiyjeleri ha'm buni'n' ushi'n za'ru'r bolg'an qa'rejetler kompleksi. Sonday-aq, "byudjetlestiriw" tu'sinigi finansli'q na'tiyjelerdi ha'mde finansli'q jag'dayda byudjetler du'ziw, olardi'n' wori'nlani'wi'n juwapkerlik woraylari' ha'm ka'rxana da'rejesinde qadag'alaw ha'm analizdi basqari'w processin informaciya menen ta'miyinlew sistemasi' si'pati'nda xarakterlewge; tiyisli byudjetlerdi muwapi'qlasti'ri'w tiykari'nda ka'rxana xi'zmetinin' tiykarg'i' ta'replerin (islep shi'g'ari'w, sati'w, finanslasti'ri'w) muwapi'qlasti'ri'wg'a; ka'rxana basqari'w sistemasi'ni'n' ha'r bir buwi'ni'nda ka'rxanani'n' uli'wma

---

[16]Pardaev A.X., Pardaev B.X. Boshqaruv hisobi/-T., G'afur G'ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2008.98-99b.
[17]Xasanov B.A. "Boshqaruv hisobi va ichki audit metodologiyasini takomillashtirish masalalari" 08.00.08 Buxgalteriya hisobi, iqtisodiy tahlil va audit" ixtisosligi boyicha doktorlik dissertatsiyasi avtoreferati. Toshkent, O'zRBMA, 2004,13 B
[18]Xasanov B.A. Xashimov A.A. Boshqaruv hisobi: oliy oquv yurtlari uchun darslik. TDİU.-Toshkent:Yanginashr, 2011. 168-169 B.

finansli’q maqsetlerine yerisiwge qarati’lg’an qararlar qabi’l qi’li’wg’a mo’lsher ali’w; sonday-aq, byudjetti rejelestiriw ha’m woni’ qadag’alawg’a ka’rxanani’n’ barli’q da’rejedegi menedjerlerin iske qosi’wg’a imka’n beredi.

Fermer xojali’qlari’nda buxgalteriya yesabi’ ko’binshe tekg’ana tikkeley yesap jumi’slari’n wori’nlaw, yag’ni’y xojali’q operaciyalari’ wori’nlang’annan keyin wolardi’ yesaplap qoyi’w menen sheklenedi. Yesapti’n’ basqa wazi’ypalari’: biznes-rejelestiriw, qadag’alaw, analiz ma’selelerine kelsek, wolardi’n’ teoriyali’q-metodikali’q tiykarlani’wi’ ha’mde a’meliyatta paydalani’w da’rejesin fermer xojali’qlari’n basqari’wdi’n’ ekonomikali’q usi’llari’ sistemasi’n yengiziw boyi’nsha sho’lkemlestiriw-ekonomikali’q mexanizmlerdi jarati’wg’a tiyisli zamanago’y talaplarg’a toli’q juwap bermeydi. Son’g’i’ ji’llarda buxgalteriya yesabi’ basqari’w siyasati’n qa’liplestiriw ha’m wori’nlawda, buxgalter bolsa prognozlasti’ri’w, rejelestiriw, qararlar qabi’l qi’li’w, basqari’w xi’zmetlerin informaciyalar menen ta’miyinlew u’stinen qadag’alaw ju’ritiwde belsene qatnasa basladi’. Yag’ni’y buxgalterdin’ basqari’w tarawi’nda ha’m basqari’w qararlari’n qabi’l qi’li’w bari’si’nda qosi’msha wazi’ypalari’ payda bolmaqta.

Solay yetip, zamanago’y basqari’w yesabi’ byudjetler sistemasi’na tayani’wi’ lazi’m. Byudjetler sistemasi’ basshi’g’a basqari’w qararlari’ni’n’ na’tiyjeliligin aldi’nnan bahalaw, resurslardi’ bo’limler wortasi’nda aqi’lg’a muwapi’q bo’listiriw, ka’rxanani’n’ rawajlani’w jollari’n belgilew ha’m krizis jag’daylari’na jol bermeslikke imka’n jaratadi’. Byudjet du’ziw mashqalalardi’ sheshiwdin’ na’tiyjeli joli’ yesaplanadi’. Byudjetlestiriw ka’rxana finansli’q-ekonomikali’q xi’zmetinin’ barli’q buwi’nlari’: islep shi’g’ari’w, wo’nim sati’w, ja’rdemshi bo’limlerdin’ xi’zmeti ha’m pul ag’i’mlari’n basqari’wdi’ wo’z ishine aladi’.

Sonday-aq, byudjetlestiriw basqari’w yesabi’ usi’li’ boli’w menen birge ka’rxana basshi’si’ ta’repinen tasti’yi’qlang’an da’stu’rler tiykari’nda islep shi’g’i’lg’an funktsional tarmaqlar boyi’nsha wo’z aldi’na byudjetler tayarlaw processi boli’p yesaplanadi’. Yag’ni’y, wol ishki finansli’q basqari’w sistemasi’.

Ayti’w mu’mkin, byudjetlestiriwdin’ finansli’q processi barli’q basqari’w wazi’ypalari’na baylani’sli’ boli’p, ka’rxana imka’niyatlari’n bazar sharayatlari’na muwapi’q jag’dayg’a keltiriwge bag’darlang’an tiykar yesaplanadi’.

## 1.2. Byudjetlerdin’ tu’rleri, wazi’ypalari’, principleri ha’m byudjetlestiriw basqi’shlari’

Byudjetlestiriw byudjetler sistemasi’na tiykarlanadi’. Byudjetler bolsa tu’rlishe ko’rinis ha’m formalarg’a iye boli’wi’ mu’mkin. Woni’n’ du’zilisi byudjetlerdin’ qurami’, ka’rxanani’n’ u’lken-kishiligi, byudjetlerdi islep shi’g’i’p ati’rg’an shaxslardi’n’ bilimi ha’m ta’jiriybesine baylani’sli’. Byudjetler finansli’q yesabatqa uqsap belgilengen, standart formalarg’a iye bolmastan, informaciyalardi’ ani’q ha’m paydalani’wshi’ ushi’n tu’sinerli formada usi’ni’li’wi’ lazi’m. Wol bir waqi’tti’n’ wo’zinde da’ramatlar ha’m qa’rejetler haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlardi’ wo’z ishine ali’wi’ mu’mkin yemes. Byudjetler islengen wo’lshew birliklerinde, baha birliginde de, natural birliklerde (saatlarda, wo’nim birliginde ha’m t.b.) de tayarlani’wi’ mu’mkin.

Byudjetti tayarlaw woni’n’ atali’wi’ ha’m qanday da’wirge mo’lsherlenip ati’rg’anli’g’i’n ani’qlawdan baslanadi’. Byudjetti usi’ni’w formasi’n islep shi’g’i’wshi’ tan’laydi’. Byudjettegi informaciyalar ani’q, ta’riplengen ha’m paydalani’wshi’ ushi’n qolayli’ boli’wi’ za’ru’r.

Byudjetler ka’rxana ushi’n da, woni’n’ bo’limleri ushi’n da islep shi’g’i’ladi’, bul bolsa wolardi’n’ xi’zmetin muwapi’qlasti’ri’w imka’nin beredi.

Uli’wma alg’anda, ka’rxana ushi’n byudjetlestiriw sistemasi’ wo’zine ta’n basqari’w texnologiyasi’ si’yaqli’ standart mag’li’wmatlardi’ ji’yi’wg’a tiykarlang’an.

Uli’wma byudjet wo’z aldi’na byudjetlerdi birlestiredi ha’m finansli’q rejelestiriw tarawi’nda basqari’w qararlari’n qabi’l qi’li’w ha’m qararlardi’ qadag’alaw ushi’n za’ru’r informaciyalar ag’i’mi’n xarakterleydi. Fermer xojali’g’i’ni’n’ u’lgi uli’wma byudjetin ha’m woni’n’ klassifikaciyali’q belgileri boyi’nsha xarakterleniwin keltiremiz (1.1-keste).

**1.1 keste**

**Fermer xojali’g’i’ uli’wma byudjetinin’ xarakterleniwi**

| Belgileri | Xarakterleri |
|---|---|
| **1** | **2** |
| Funkcional tarmaqlardi’ wo’z ishine ali’w da’rejesin | Xi’zmettin’ barli’q tarmaqlari’n: islep shi’g’ari’w, sati’w, ta’miyinlew, investiciya, finanslasti’ri’w, sali’qqa tarti’w, debitorlar ha’m kreditorlar menen yesap-kitaplar, paydani’ bo’listiriw, pul ag’i’mlari’ ha’m basqalardi’ toli’q wo’z ishine ali’w |
| Tarmaqlar ha’m b**o’**limlerdi o’z ishine ali’w da’rejesin | Wo’simlikshilik, sharwashi’li’q, qosi’msha tarmoqlar xi’zmet ko’rsetiwshi bo’linbeler, funktsional xi’zmet ha’m basqalardi’ wo’z ishine ali’w. |
| **Wo’**z aldi’na byudjet k**o’**rsetkishlerinin’ w**o’**z-ara baylani’sli’li’g’i’ | Tarmaqlar ha’m juwapkerlik woraylari’ boyi’nsha tiyisli ko’rsetkishlerdi fermer xojali’g’i’ni’n’ uluwma byudjeti do’gereginde muwapi’qlasti’ri’w. Da’ramat ha’m qa’rejetlerdi, pul qarji’lari’ tu’simi ha’m shi’g’i’si’n, aktivler ha’m kapitaldi’n’ qosi’msha wo’siwin ten’salmaqlasti’ri’w. |
| Du’ziw principleri | Birlemshi elementlerdi (da’ramatlar, qa’rejetler statyalari’ ha’m t.b.) juwapkerlik woraylari’ kesiminde birlestiriw. Basqari’w pog’onalari’ndag’i’ ha’r bir byudjet wo’zinen keyingi pog’onadag’i’ byudjetler ji’yi’ndi’si’nan ibarat. |
| Buxgalteriya yesabi’ sistemasi’ menen baylani’sli’li’g’i’ | Byudjet ko’rsetkishleri basqari’w yesabatlari’ ko’rsetkishleri menen sa’ykes boli’wi’, byudjet ko’rsetkishlerinin’ analitik yesap mag’li’wmatlari’ menen sa’ykes boli’wi’ lazi’m. Uluwmalasti’ri’wshi’ balans mag’li’wmatlari’ bolsa finansli’q yesabatti’n’ tiykarg’i’ formalari’ (buxgalteriya balansi’, finansli’q na’tiyjeler haqqi’ndag’i’ yesabat, pul ag’i’mlari’ haqqi’ndag’i’ yesabat) ko’rsetkishleri menen boli’wi’ kerek. |
| Ra’smiylestiriliwi ha’m wori’nlani’wi’ | Jazba hu’jjet formasi’nda basshi’ ta’repinen ra’smiy ra’wishte tasti’yi’qlanadi’. Byudjetlerdi du’ziw ha’m wolar wori’nlani’wi’ u’stinen qadag’alaw fermer (yaki woni’n’ basqari’wshi’lari’) ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’. |

Kerisinshe qa’niygeler ka’rxanani’n’ uluwma byudjeti qurami’ndag’i’ byudjetlerdi yeki tiykarg’i’ bo’limge: operacion ha’m finansli’q byudjetlerdi aji’ratadi’. Fermer xojali’qlari’ ushi’n uluwma byudjetinin’ qurami’n to’mendegishe xarakterlew mu’mkin (1.1-si’zi’lma).




**1.1-si’zi’lma. Fermer xojali’qlari’ uli’wma byudjetinin’ qurami’**

Fermer xojali’g’i’ni’n’ operacion byudjeti wo’z aldi’na tarmaqlardi’n’ rejelestirilip ati’rg’an operaciyalari’ yaki wo’z aldi’na wazi’ypalari’n sa’wlelendiredi ha’m ha’r bir tarmaqti’n’ da’ramatlari’ ha’m qa’rejetlerin bahalaw ushi’n tiykar boladi’. Operacion byudjet sati’w byudjeti, islep shi’g’ari’w da’stu’ri (islep shi’g’ari’w byudjeti), materialli’q ha’m miynet qa’rejetleri byudjeti, da’wir qa’rejetleri byudjetleri, sonday-aq, usi’ byudjetler tiykari’nda qa’liplestirilgen payda ha’m zi’yan haqqi’ndag’i’ prognoz yesabati’ si’yaqli’ funkcional byudjetlerdi wo’z ishine aladi’.

Finansli’q byudjet rejelestirilip ati’rg’an qarji’lardi’n’ derekleri ha’m wolardan paydalani’w bag’darlari’n sa’wlelendirer yeken, kapital qa’rejetler byudjeti investiciya byudjetin, finanslasti’ri’w derekleri byudjetin, pul

ag’i’mlari’ byudjetin ha’m prognoz balansi’n wo’z ishine aladi’.

Ha’zirgi waqi’tta ma’mleketimiz ekonomistlerinin’ a’meliyatta qollani’li’p ati’rg’an wo’z aldi’na byudjet tu’rlerin ta’riplep beriwshi baspalari’ da payda boldi’. Rossiyali’ ekonomistler byudjetlerdi to’rt toparg’a bo’ledi:

- tiykarg’i’ byudjetler (da’ramatlar ha’m qa’rejetler byudjeti, pul qarji’lari’ ha’reketi byudjeti, yesap-kitap balansi’);
- operacion byudjetler (sati’w byudjeti, tikkeley materialli’q qa’rejetler byudjeti, da’wir qa’rejetleri byudjeti);
- ja’rdemshi byudjetler (sali’qlar byudjeti, kredit rejesi, kapital qoyi’lmalar rejesi ha’m t.b.);
- qosi’msha (arnawli’) byudjetler (paydani’ bo’listiriw byudjetleri, proektler ha’m da’stu’rler byudjetleri).

Usi’ barli’q byudjetler uluwma byudjetti qa’liplestiriw ushi’n za’ru’r.

Agrar tarmaqta, soni’n’ ishinde fermer xojali’qlari’nda finansli’q basqari’w (menedjment) sistemasi’ jaqsi’ rawajlanbag’anli’g’i’ sebepli, byudjetlerdin’ wo’z aldi’na formalari’n, a’dette, biznes-reje ko’rinisinde qollaw jag’daylari’ ushi’raydi’. A.G.Trafimov biznes-rejelerdin’ bir neshe tu’rlerin ko’rsetedi: 1) agrar islep shi’g’ari’w ka’rxanalari’ ta’repinen xali’qarali’q banklerden zaëm qarji’lari’n ali’w ushi’n; 2) milliy banklerden kredit ali’w ushi’n; 3) ishki xojali’q bo’limleri ushi’n; 4) bankrot bolg’an ka’rxanani’n’ biznes-rejesi; 5) fermer xojali’g’i’ biznes-rejesi.

Joqari’da bayan yetilgenler byudjetlerdin’ tu’rli ko’rinisleri qollanatug’i’n kishi ko’lemdi belgilewge imka’n beredi, bul bolsa ka’rxanani’n’, soni’n’ ishinde, fermer xojali’g’i’ xi’zmetin finansli’q rejelestiriw ha’m qadag’alaw imka’niyati’n sheklep qoyadi’. Soni’n’ ushi’n byudjetlerdi islep shi’g’i’wg’a tiyisli bati’s ta’jiriybesin, sonday-aq, Rossiyali’ ali’mlar usi’ni’s qi’li’p ati’rg’an klassifikaciyalawdi’ uluwmalasti’ri’w ha’m fermer xojali’qlari’ a’meliyati’n u’yreniw tiykari’nda biz byudjetlerdin’ tiykarg’i’ belgilerine qarap klassifikaciyalawdi’ usi’ni’s qi’ldi’q (1.2-si’zi’lma).




**1.2-si'zi'lma.Fermer xojali'g'i'nda byudjetlerdin' tiykarg'i' belgileri boyi'nsha klassifikaciyalani'wi'**

Operacion xi’zmet byudjeti tiyisli da’wir ishinde operacion xi’zmetke tiyisli da’ramatlar ha’m qa’rejetlerdin’ ag’i’mdag’i’ rejesinde sa’wlelendiriletug’i’n ko’rsetkishlerdin’ mazmuni’n uluwmalasti’radi’.

Finansli’q xi’zmet byudjeti pul qarji’lari’ tu’simi ha’m sarplani’w rejesinin’ ko’rsetkishlerin tiyisli ta’rizde uluwmalasti’ri’wg’a mo’lsherlengen.

İnvesticiya xi’zmeti byudjeti usi’ xi’zmetke tiyisli da’ramatlar ha’m qa’rejetler ag’i’mdag’i’ rejesin tiyisli ta’rizde uluwmalasti’ri’wg’a qarati’lg’an.

Fermer xojali’g’i’ni’n’ uluwma byudjeti uluwma xi’zmetin xarakterlewshi birlestirilgen byudjet yesaplanadi’.

Fermerlik a’meliyati’nda da’ramatlar ha’m qa’rejetler byudjeti yaki basqasha aytqanda, payda ha’m zi’yanlar byudjeti, finansli’q na’tiyjeler rejesi a’meliyati’mi’zda ken’ tarqalmag’an. Usi’ byudjettin’ maqseti-rejedegi da’wir ushi’n da’ramatlardi’n’ usi’ da’wirde jumsalatug’i’n barli’q qa’rejetlerge qatnasi’n ko’rsetiwden ibarat.

Pul qarji’lari’ byudjeti – bul fermerdin’ banktegi yesap beti ha’m kassasi’ndag’i’ pul qarji’lari’ni’n’ barli’q prognoz qi’li’ni’p ati’rg’an pul kirisleri ha’m shi’g’i’slari’n sa’wlelendiriwshi rejesi.

Balans byudjeti-bul fermerdin’ qaramag’i’ndag’i’ barli’q mu’lkler, debitorli’q qari’zlar ha’m t.b. yag’ni’y aktivlerdin’ passivlerge qatnasi’ni’n’ prognozi’.

Ji’lli’q byudjet bir ji’l mu’ddetke du’ziledi.

Operativ byudjetler-du’ziw da’wiri boyi’nsha: shereklik, ayli’q ha’m won ku’nlik da’wirge du’ziliwi mu’mkin.

Wo’zgeriwshen’ byudjet-o’zgeriwshen’ byudjet isletpesi aldi’n’g’i’ da’wir mu’ddeti tamamlani’wi’ menen kelesi da’wir byudjetinin’ qosi’li’wi’nan ibarat. Soni’n’ yesabi’nan rejelestiriw processinin’ u’zliksizligi ta’miyinlenedi.

Turaqli’ byudjet -rejeli sati’w ha’m islep shi’g’ari’wdi’n’ ma’lim bir da’rejesine mo’lsherlengen byudjet.

Ag’i’mdag’i’ byudjet fermer xojali’g’i’ni’n’ da’ramatlar ha’m qa’rejetler rejesin tarmaqlarg’a jetkizedi ha’m ani’qlasti’radi’.

Kapital qoyi’lmalar byudjeti jan’a quri’li’s, rekonstrucsiya, modernizaciyani’ a’melge asi’ri’w, tiykarg’i’ fondlardi’, materialli’q yemes aktivlerdi sati’p ali’w basqi’shi’nda islep shi’g’i’latug’i’n kapital qoyi’lmalardi’n’ ag’i’mdag’i’ rejesi na’tiyjelerin ani’q bir wori’nlawshi’larg’a jetkiziw formasi’.

Funcsional byudjet qa’rejetler nomenklaturasi’ni’n’ bir (yaki yeki) statyasi’ boyi’nsha islep shi’g’i’ladi’.

Kompleks byudjet qa’rejetlerdin’ barli’q nomenklaturasi’, islep shi’g’ari’w tu’rleri boyi’nsha da, xojali’qtag’i’ islep shi’g’ari’w boyi’nsha da islep shi’g’i’ladi’.

İzertlengen ilimiy-teoriyali’q derekler, woqi’w-metodikali’q a’debiyatlar ha’m a’meliyat mag’li’wmatlari’na tiykarlani’p, fermer xojali’g’i’ basqari’wi’ni’n’ tu’rli da’rejelerinde du’ziliwi mu’mkin bolg’an byudjetlerdin’ u’lgi qurami’n usi’nami’z (1.2-keste).

**1.2-keste**

**Fermer xojali’g’i’ basqari’wi’ni’n’ tu’rli da’rejelerinde du’ziliwi mu’mkin bolg’an byudjet tu’rleri**

| Da’reje | Byudjet tu’rleri |
|---|---|
| Fermer xojali’g’i’ | Uluwma xojali’q qa’rejetleri byudjeti<br>Uluwma byudjet:<br>Payda ha’m zi’yanlar byudjeti<br>Pul ag’i’mlari’ byudjeti<br>Qarji’lar derekleri byudjeti<br>Balans byudjeti |
| Da’ramat woraylari’ | Sati’w byudjeti<br>Payda ha’m zi’yanlar byudjeti<br>Pul ag’i’mlari’ byudjeti<br>Da’wir qa’rejetleri byudjeti<br>Qarji’lar derekleri byudjeti<br>Balans byudjeti |
| Tarmaqlar yaki bo’limler | İslep shi’g’ari’w byudjeti(o’simlikshilik, sharwashi’li’q ha’m t.b.)<br>Zapas byudjeti<br>Sati’w byudjeti |

| | |
|---|---|
| | Uli'wma islep shi'g'ari'w qa'rejetleribyudjeti |
| Qa'rejet oraylari' | Materiallardan paydalani'w byudjeti<br>Miynet haqi' byudjeti |
| Proektler | Bazardi' wo'zlestiriw byudjeti<br>Proekt islep shi'g'i'w byudjeti<br>Jan'a quri'li's byudjeti |

Fermer xojali'g'i'nda ha'r qi'yli' byudjetlestiriw variantlari'n qollawdi'n' tiykarg'i' faktorlari'nan biri tarmaqlar sani' ha'm xi'zmet ko'lemi boli'p yesaplanadi'. Bizin' pikirimizshe, diyqan xojali'qlari' ha'm agrar tarmaqtag'i' xi'zmet ko'rsetiwshi kishi ka'rxanalar ushi'n byudjetlestiriwdin' toli'q sistemasi'n yengiziw maqsetke muwapi'q yemes. Biraq. byudjetlestiriw sistemasi'ni'n' a'hmiyetli elementlerin qollaw wolarda qi'zi'g'i'w woyani'wi' mu'mkin. Ma'selen, ka'rxanani'n' menshik kapitali', pul qarji'lari' ha'm wo'z-ara to'lemler jetispey turg'an sharayatlarda kelesi sherek ushi'n mo'lsherlengen da'ramatlar ha'm qa'rejetler byudjeti, pul ag'i'mlari' byudjetin du'ziw aktual esaplanadi'. Bul keshiktirip bolmaytug'i'n to'lemlerdi a'melge asi'ri'w ushi'n za'ru'r qarji'lardi' yengiziwge imka'n jaratadi'. Ma'selen, debitorlardan qari'zlardi' tez wo'ndiriw yaki tovar jetkizip beriwshilerge to'lenetug'i'n to'lemlerdi wo'z waqti'nda a'melge asi'ri'w yaki ketetug'i'n qa'rejetlerdi qi'sqarti'ri'w haqqi'nda aldi'nnan tayarlani'w imka'ni'n beredi. Bunnan ti'sqari', ko'plegen fermer xojali'qlari'ni'n' finansli'q jag'dayi' to'men ekenligin yesapqa ali'p, qa'rejetler byudjetin resurslardi'n' kereginen arti'q sarplani'wi' ushi'n juwapkerlik belgilengen halda byudjet du'ziw maqsetke muwapi'q. Sebebi bul wo'zine tu'ser bahani' ha'm paydani' qa'liplestiriw u'stinen qadag'alaw ali'p bari'wdi'n' jeke a'meliy usi'li'. Sanaat wo'nimleri (texnika, neft, to'gin ha'm t.b.) bahalari' wo'sip barati'rg'an sharayatta materiallar jumsali'wi'n islep shi'g'ari'li'p ati'rg'an wo'nim birligine jumsalatug'i'n materialli'q resurslar byudjetin du'ziw arqali' qadag'alaw mu'mkin.

Byudjetlestiriwdi yengiziw na'tiyjeleri tikkeley byudjettin' funkciyalari' menen baylani'sli'. Bul boyi'nsha izertlewler wo'tkizgen respublikami'zdi'n' jetekshi ali'mlari' A.X.Pardaev, B.X.Pardaev, B.A.Xasanov ha'm A.A.Xashimov barli'q xojali'q subiektleri ushi'n uluwma bolg'an to'mendegi funkciyalardi'

aji’rati’p ko’rsetedi: “1) ji’lli’q operaciyalardi’ rejelestiriwge ja’rdem beriw; 2) ka’rxanani’n’ tu’rli bo’limleri xi’zmetin muwapi’qlasti’ri’w; 3) rejelerdi tu’rli juwapkerlik woraylari’ basshi’lari’ itibari’na jetkiziw; 4) basshi’lardi’n’ ka’rxana maqsetlerine yerisiw joli’ndag’i’ xi’zmetin xoshametlew; 5) islep shi’g’ari’wdi’ basqari’w; 6) basshi’lar jumi’si’ni’n’ na’tiyjeliligin bahalaw”.

Rossiyali’ taraw qa’niygeleri O.E.Nikolaeva ha’mde T.V.Shishkova byudjet funkciyalari’n aji’rati’wda wonnan baylani’s (rejelerdi juwapkerlik woraylari’ basshi’lari’na jetkiziw) ha’m basqari’wg’a ko’meklesiw wazi’ypasi’n shi’g’ari’p taslag’an. Bizin’she, bunday pikirge qosi’li’p bolmaydi’. Sebebi bular ju’da’ a’hmiyetlt funkciyalar.

Joqari’da ati’ atalg’an avtorlar byudjetlerdi qollaw na’tiyjelerin belgiler yeken, byudjetlerdin’ tarmaqqa tiyislilik, ka’rxanani’n’ u’lken-kishiligi, xi’zmet bag’darlari’ mug’dari’ ha’m islep shi’g’ari’w tsiklinin’ quramali’li’g’i’na qarap yengiziw si’yaqli’ ta’replerin itibardan shetten qaldi’rg’an. Bizin’she, fermer xojali’qlari’nda bunday ta’replerdi inabatqa ali’w maqsetke muwapi’q. Sebebi byudjetlerdin’ funkciyalari’ ha’m byudjetlestiriwdin’ abzalli’qlari’ joqari’da ko’rsetilgen belgilerge qarap belgili boli’wi’ sezilerli da’rejede wo’zgerip turadi’, bul bolsa fermer xojali’qlari’nda byudjetlestiriwdi qollawdi’n’ aktualli’g’i’n belgilep beredi.

Byudjetlestiriwdi tabi’sli’ rawajlandi’ri’wda ka’rxanani’n’ u’lken-kishiligi, tarmaqlar sani’ ha’mde xi’zmet tu’rine qaramastan, ha’r bir fermer xojali’g’i’nda yerisiletug’i’n uli’wma na’tiyjelerge to’mendegilerdi kiritiw mu’mkin:

1. Basqari’wda tezlik ha’m na’tiyjeliliktin’ asi’wi’. Byudjetlestiriw bul jaqsi’ sharayatlardan paydalani’wg’a tayarlani’w, sonday-aq, keri ha’diyseler aqi’betlerin kemeytiw imka’niyati’n beredi. Byudjet keyin qadag’alani’wdi’ yesapqa alatug’i’n xi’zmet ko’rsetkishlerin wornatadi’. Byudjetlerdin’ wori’nlani’wi’n qadag’alaw processinde fermer xojali’g’i’ni’n’ iskerligi haqqi’nda tezlik penen informaciya ali’w, islep shi’g’ari’w ha’m kommerciyali’q xi’zmetke tezlik penen aralasi’w imka’niyati’na iye boladi’. Haqi’yqi’y ko’rsetkishlerdi reje ko’rsetkishleri menen

sali’sti’ri’w bolsa go’zlengen na’tiyjelerge yerisiw boyi’nsha tiyisli ilajlar ko’riw imka’nin beredi. Fermer (yaki woni’n’ basqari’wshi’lari’) bul waqi’tta rejeden shetleniwlerdi basqari’p turadi’. Finans-xojali’q xi’zmeti na’tiyjeliligi prognoz qi’li’ni’p ati’rg’an na’tiyjelilikten ayi’rmashi’li’g’i’, wog’an neler sebep bolg’ani’ ani’qlanadi’ ha’m jag’daydi’ du’zetiwge tiyisli ilajlar ko’riledi. Bayan qi’li’ng’an pikir-usi’ni’slardi’ uluwmalasti’ri’p, fermer xojali’g’i’nda byudjetler wori’nlani’wi’n qadag’alaw sistemasi’n to’mendegishe su’wretleymiz (1.3-si’zi’lma).




**1.3-si’zi’lma. Fermer xojali’g’i’nda byudjetler ori’nlani’wi’n qadag’alaw sistemasi’**

2. Da’ramat ha’m qa’rejetlerdi basqari’w, resurslardi’n’ bo’listiriliwi ha’m paydalani’li’wi’, qa’rejetlerdi optimallasti’ri’w ha’m wo’zgeriwshen’ qa’rejetlerdi

qadag'alaw qurali'nda finansli'q na'tiyjelerdi jaqsi'lawg'a yerisiledi. Resurslarg'a bolg'an talapti' ha'm qadag'alawdi' rejelestiriw na'tiyjesinde qa'rejetler optimallasadi', jog'alti'wlar ha'm kereksiz qa'rejetler kemeyedi. Sebebi yerisilgen na'tiyjeler ha'm jumsalg'an qa'rejetler analiz qi'li'ni'p qalmaydi', ba'lkim qadag'alaw aldi'nnan a'melge asi'ri'ladi'. Byudjetlerdin' ha'r bir juwapkerlik worayi' ta'repinen wori'nlani'wi' haqqi'ndag'i' ishki yesabat sistemasi' wori'nlawshi'lardi'n' resurslardi' kereginen arti'q sarplag'anlari' ushi'n juwapkerliklerin belgilep qoyi'wg'a imka'n beredi. Bunnan ti'sqari', materialli'q qa'rejetler byudjetin du'ziw ha'm woni' qadag'alaw yesapqa ali'nbag'an wo'nimlerdi islep shi'g'ari'wg'a qarji' sarplaw ha'm urli'qlardi'n' aldi'n ali'wg'a imka'niyat jaratadi'. Demek, byudjetler ja'rdeminde qarji'lar jumsali'wi'n aldi'nnan qadag'alaw ha'mde qarji'lar jumsali'wi'n analiz qi'li'w sistemasi'ni'n' jumi'si', byudjetlerdin' wori'nlani'wi' haqqi'nda yesabat tapsi'ri'w ha'm wo'z waqti'nda du'zetiwler kiritiw na'tiyjesinde fermer xojali'g'i'ni'n' alatug'i'n paydasi' ko'beyedi.

3. To'lew qa'biletinin' jaqsi'lani'wi'. Operatsion byudjetlerdi birlestiriw tiykari'nda pul ag'i'mlari' byudjetin du'ziw pul qarji'lari' defitsitligin aldi'nnan ko'riwge imka'n beredi. Bunda fermerde qosi'msha finanslasti'ri'w dereklerin yengiziw haqqi'nda aldi'nnan ha'reket qi'li'w imka'niyati' tuwi'ladi'.

4. Fermerdin' sho'lkemlestiriwshiligi, bilim ha'm ta'jiriybesi asi'wi'**.**

Byudjetlerdin' ko'rip shi'g'i'lg'an wazi'ypalari' byudjetlestiriwge tiyisli ko'p izertlewlerdin' avtorlari' ta'repinen aji'rati'p ko'rsetiledi. Lekin hesh kim bul wazi'ypalar bir tu'rdegi xi'zmet penen shug'i'llanatug'i'n ha'm juwapkerlik woraylari'n aji'rati'wdi'n' ilaji' bolmaytug'i'n kishi fermer xojali'qlari'nda ku'shsiz boli'wi'n esaplamaydi'. Solay yetip, wolarda byudjetlestiriwdin' sistemalari'nan paydalani'wdi'n' maqsetke muwapi'qli'g'i' iri ko'p tarmaqli' fermer xojali'qlari'ndag'i'g'a qarag'anda to'men. Sebebi kishi fermer xojali'qlari'nda byudjetlestiriwdi qollaw imka'niyati' sheklengen. Byudjetlestiriw sistemasi'n islep shi'g'i'w ha'm yengiziw quramali' protsess yesaplanadi'. Sol

sebepli, kishi fermer xojali’qlari’ toli’q ko’lemli byudjetlestiriw sistemasi’n yengiziwden keletug’i’n payda usi’nday sistemalardi’ jarati’w qa’rejetlerin qaplamasli’g’i’ itimali’ bar.

Byudjetlestiriw sistemasi’n jarati’w ha’m yengiziw, woni’n’ birden-bir sho’lkemde na’tiyjeli islewi ushi’n wol ma’lim bir principlerge muwapi’q keliwi za’ru’r. Byudjetler du’ziw ag’i’mdag’i’ rejelestiriwdin’ ko’rinisi bolg’ani’ ushi’n byudjetlestiriw sistemasi’ aldi’n uluwma rejelestiriw principlerine sa’ykes keliwi lazi’m. A.Fayol birlik, u’zliksizlik ha’m ani’qli’q si’yaqli’ principlerdi aji’rati’p ko’rsetedi, R.Akoff qatnasi’w principin tiykarlaydi’. Rejelestiriw tarawi’nda qa’niyge yesaplang’an professor D.Xan rejelestiriw ha’m qadag’alaw sistemasi’na bolg’an talaplardi’n’ biraz basqasha xarakterin usi’nadi’. Solay bolsada, mazmuni’ jag’i’nan wol joqari’da keltirilgenler menen bir qi’yli’ (bazi’ bir printsipler aji’rati’lg’an ha’m ani’qlasti’ri’lg’an, na’tiyjelilik principi qosi’lg’an):

- maqsetke bag’darlang’anli’q;
- toli’qli’li’q;
- reje bo’limlerinin’ maqsetke bag’darlang’an birigiwi: mazmunli’ birigiw; waqi’t boyi’nsha birigiw; mazmun ha’m waqi’t boyi’nsha birigiw;
- sa’ykesleniwshilik, aktualli’q, na’tiyjelilik.

Rejelestiriwdin’ tiykarg’i’ principleri mazmuni’n byudjetlestiriw sistemasi’na sa’ykes halda ko’rip shi’g’ami’z.

1. Birlik yamasa maqset kelisiwi principi byudjetlestiriw sistemali’ xarakterge iye boli’wi’ kerekligin bildiredi. Wo’z aldi’na funkcional bo’limlerdin’ rejeli xi’zmeti wo’z-ara muwapi’qlasti’ri’lg’an boli’wi’, yag’ni’y usi’ da’rejedegi basqa birliklerdin’ rejeli xi’zmeti menen baylani’sqan boli’wi’ za’ru’r, bo’limlerden birinin’ byudjetindegi ha’r qanday wo’zgerisler basqa bo’limlerdin’ byudjetinde sa’wleleniwi lazi’m. Bunnan ti’sqari’, rejeli xi’zmet birikken boli’wi’, yag’ni’y rejelestiriwdin’ ha’r bir sistemasi’ firmani’n’ uli’wma strategiyasi’nan kelip shi’g’i’p ha’reket qi’li’wi’, ha’r bir wo’z aldi’na byudjet bolsa onnan joqari’raq da’rejedegi bo’lim yaki sho’lkem byudjetinin’ bir bo’limi boli’wi’

za'ru'r. Byudjet protsessi dawami'nda basshi' da tez rejelestiriw ushi'n juwapker bolg'an xi'zmetkerler wortasi'nda maqsetler kelisimli boli'wi' lazi'm. Bunnan ti'sqari', byudjet rejeleri basqari'wdi'n' joqari' ha'm to'mengi da'rejeleri wortasi'nda kelisiliwi, sonday-aq, wo'z aldi'na bo'limlerdin' maqsetleri ha'mde wazi'ypalari' muwapi'qlasti'ri'li'wi' lazi'm. Qalaberse, wolar sonday muwapi'qlasti'ri'li'wi' kerek, wolardi'n' firma strategiyali'q rejelerine muwapi'qli'g'i' ta'miyinlensin.

2. U'zlu'ksizlik principi birinshiden, rejelestiriw processi a'melge asi'ri'li'p turi'li'wi' kerek, degen juwmaqqa tayanadi'. Amelde firmalar ko'binshe rejelestiriw processin toqtati'p qoyadi': byudjet du'zilgennen ha'm tasti'yi'qlang'annan keyin ji'ldi'n' ma'lim bir bo'limi da'wirinde kelesi da'wir baslang'ang'a shekem reje xi'zmeti uluwma toqtaydi'. Ekinshiden, islep shi'g'i'lg'an byudjetler birinin' keyininen yekinshisi keleberedi.

3. Sa'ykesleniwshilik principi uluwma alg'anda rejelerdi si'rtqi' ha'm ishki sharayatlar wo'zgerisine qarap tuwri'lap bari'w imka'niyati' bar boli'wi' lazi'mli'g'i'na tayanadi'. Lekin bul principti qabi'l qi'li'ng'an byudjetti ka'rxana ishinde wo'zgeris payda bolg'anda byudjetlestiriwdi de wo'zgerttiriw za'ru'riyati' yamasa imka'niyati' dep qabi'l qi'lmasli'q kerek. Byudjetke sali'ng'an maqset ha'mde wazi'ypalar byudjet da'wiri ishinde wo'zgermewi za'ru'r.

Sa'ykesleniwshilik principi byudjetlestiriwge qarag'anda to'mendegishe a'melge asi'ri'ladi'.

1. Bazi' bir wo'zgerislerdin' ju'z beriw itimali'n aldi'nnan inabatqa ali'w ushi'n byudjetlerge ko'binshe ma'lim bir rezervler yaki qa'wipsizlik u'stemeleri kiritiledi. Lekin bul rezervler bir ta'repten ju'da' u'lken bolmasli'g'i', yekinshi ta'repten – ju'da' to'men bolmasli'g'i' qadag'alani'p bari'li'wi' lazi'm.

2. Ka'rxana xi'zmet ju'ritiwinin' si'rtqi' sharayatlari' u'lken wo'zgerislerge ushi'rag'anda haqi'yqi'y na'tiyjelerdi da'slepki byudjet ko'rsetkishleri menen sali'sti'ri'w maqsetke muwapi'q bolmaydi'. Soni'n' ushi'n ka'rxana ha'm woni'n' bo'limleri xi'zmetinin' na'tiyjeliligine haqi'yqattan yerisilgen ko'rsetkish

bahalari'na yerisiw mu'mkin bolg'an na'tiyjelerdin' prognoz mag'li'wmati' menen sali'sti'ri'w tiykari'nda baha beriw mu'mkin.

3. Sati'wlar ha'mde wo'nim shi'g'ari'w ko'leminin' wo'zgerisine ali'p keliwshi xi'zmett sharayatlari' wo'zgergende islep shi'g'ari'w bo'limleri xi'zmetinin' na'tiyjeliligin bahalaw da qadag'alaw ushi'n sa'ykesleniwshi byudjetler dep atali'wshi' byudjetlerden paydalang'an maqsetke muwapi'q. Bunday byudjetlerde shi'g'i'mlar haqi'yqi'y islep shi'g'ari'w ko'lemlerine qarap qayta yesaplanadi'.

4. Ani'qli'q principine muwapi'q, byudjetler ka'rxanani'n' islew sharayati' imka'n beretug'i'n da'rejede ani'qlasti'ri'lg'an boli'wi' kerek. Sebebi byudjet ka'rxana ag'zalari'ni'n' ha'reketlerin belgilep beriwshi boli'p yesaplanadi'.

5. Qatnasi'w principi tiykari'nda byudjetlerdi qa'liplestiriw processi, bul process wo'zine tikkeley baylani'sli' bolg'an ha'mmesin wo'zine qamti'p ali'wi' kerek. Byudjet processine woni' du'ziw ha'm tuwri'lawdi' da kiritken halda barli'q basqari'wshi'lar, soni'n' ishinde, worta ha'm to'mengi buwi'n basshi'lari' da kiritiliwi lazi'm. Tu'rli juwapkerlik woraylari' basshi'lari' byudjet ko'rsetkishlerine yerisiwge qi'zi'g'i'wshan' bolg'anlari' ushi'n byudjetler joqari'dan ju'klep qoyi'lmasli'g'i' za'ru'r. Kerisinshe wolar qatnasi'w ushi'n xoshamet bolmay, xi'zmetkerlerdin' qarsi'li'g'i'na dus keledi.

Bizin'she, byudjet islep shi'g'i'w processi joqari'dan to'menge qarap yemes, kerisinshe to'mennen joqari'g'a qarap bari'wi' lazi'm. Bunday a'meliyat "wori'nlawshi'lar qatnasi'nda rejelestiriw" dep atalg'an. Juwapkerlik woraylari'ni'n' basshi'lari' wo'z bo'limleri ushi'n byudjet islep shi'g'i'wda aktiv qatnasi'wlari' za'ru'r. Sebebi wolar joqari' lawazi'mdag'i' basshi'larg'a qarag'anda wo'z bo'limlerinin' imka'niyalari' ha'm resurslarg'a bolg'an talabi'n jaqsi' biledi.

6. Juwapkerlik principi. Ha'r bir reje birligine byudjettin' tiyisli bo'limin wori'nlaw ushi'n juwapkerlik ha'm soni'n' menen birge waqi'yalardi'n' rawajlani'wi'na aralasi'w kepilligi beriliwi za'ru'r. Uluwma juwapkerlik

woraylari’ni’n’ aji’rati’li’wi’ byudjetlestiriw sistemasi’nda woni’n’ islew na’tiyjeliligin belgilep beriwshi a’hmiyetli qa’siyetlerden biri boli’p yesaplanadi’.

Bunnan ti’sqari’, byudjetlestiriw sistemasi’ jeterli da’rejede na’tiyjeli islewi ushi’n to’mendegi talaplar wori’nlani’wi’ za’ru’r:

- rejelestiriw ha’m qadag’alaw menen baylani’sli’ bolg’an qa’rejetler byudjetlestiriwdi yengiziwden ali’natug’i’n na’tiyjeden asi’p ketpewi za’ru’r;
- shetleniwlerdi basqari’w, bunda fermer ha’m basqari’wshi’lardi’n’ itibari’ tekg’ana belgilengen bahalardan asatug’i’n shetleniwlerge qarati’ladi’;
- byudjetlestiriw sistemasi’n qi’zi’qti’ri’w sistemasi’ menen bekkemlew;
- byudjetlestiriw talabi’ ushi’n za’ru’r informaciya bazasi’n jarati’w mag’li’wmatlarg’a elektron islew beriw sistemasi’ menen bekkemlengen basqari’w yesabi’ sistemasi’ ha’m prognoz analiz sistemasi’n qa’liplestiriw;
- ishki baylani’s ha’m qadag’alaw sistemalari’n jarati’w ha’m rawajlandi’ri’w;
- reje du’ziwshiler ha’m basqari’wdi’n’ barli’q basqi’shlari’nda juwapker shaxslardi’n’ birgelikte islewin ta’miyinlew.

Usi’ maqsette to’mendegi ishki normativ hu’jjetlerdi islep shi’g’i’w za’ru’r:

- buxgalteriya yesabi’ mag’li’wmatlari’n konvertaciyalaw ha’m birlestiriw (konsolidaciyalaw) haqqi’nda ni’zam;
- sali’q yesabi’ sshetlari’ rejesi;
- sali’q yesabati’n qa’liplestiriw haqqi’nda ni’zam;
- basqari’w yesabi’ ha’m yesabati’ sistemasi’ haqqi’nda ni’zam;
- byudjet basqari’wi’ni’n’ da’slepki reje-esap birlikleri klassifikaciyasi’ ha’m t.b.

Bul jerde ko’rsetilgen hu’jjetlerdin’ ha’mmesin de a’meliy iskerlikte islep shi’g’i’w ha’m wolarg’a tayani’w za’ru’r bolmasli’g’i’n yesapqa ali’w kerek.

Bati’s ma’mleketlerinde byudjetlestiriw basqi’shlari’ to’mendegi processlerden ibarat boladi’:

1. Uluwma maqsetlerdi belgilew;

2. Kompaniya bo'limleri (filiallari') ta'repinen wazi'ypalardi'n' qoyi'li'wi';

3. Finansli'q xi'zmettin' a'hmiyetli bag'darlari'n (kapitalg'a bolg'an talap, sati'wlar ko'leminin' o'lshemleri, finansli'q jag'day ha'm t.b.) bahalaw;

4. Byudjet tayarlaw: sati'wlardan ali'ng'an da'ramatlar boyi'nsha, islep shi'g'ari'w shi'g'i'nlari' boyi'nsha, pul qarji'lari' ha'reketi, balans aktivleri ha'm passivleri boyi'nsha ha'm t.b.;

5. Bo'limler byudjetlerin ha'm korporaciya boyi'nsha uluwma birlesken byudjet tayarlaw;

6. Byudjetlerdi za'ru'r o'zgertiwler kiritilgeni yaki kiritilmegeni ju'zesinen tekseriw;

7. Byudjetlerdin' wori'nlani'wi' haqqi'nda ayli'q yesabatlar islep shi'g'i'w;

8. Da'ramatlar ha'm qa'rejetlerdin' haqi'yqi'y ha'm rejedegi statyalari'n ani'qlaw.

Bunnan ti'sqari', R.Entoni ha'm J.Ris byudjetlestiriw protsessinde kompaniya basshi'lari'na aji'rati'latug'i'n joqari' wori'ng'a itibar qaratadi'. Sebebi kompaniya basshi'lari' juwmaqlawshi' rejelerdin' ha'r bir quramli'q bo'limlerindegi mag'li'wmatlardi' muwapi'qlasti'ri'w ha'm tuwri'law ushi'n u'zliksiz ra'wishte so'ylesiwler ju'ritiwi kerek boladi'.

Fermer xojali'qlari'nda byudjetlestiriw protsessi ha'zirshe sho'lkemlestiriw-metodikali'q jaqtan ta'miyinlengenligi joq. Pikirimizshe, bunda to'mendegi tiykarg'i' basqi'shlardi' a'melge asi'ri'w za'ru'r.

Birinshi basqi'shta fermerdin' strategiyali'q maqsetlerinen kelip shi'g'i'p qi'sqa mu'ddetli maqsetler islep shi'g'i'ladi' ha'm juwapker xi'zmetkerlerge jetkiziledi. Sonday-aq, wo'nimge ha'm islep shi'g'ari'w qurallari'na qari'm-qatnas ekonomikali'q ha'm basqa ko'rsetkishler aylanasi'nda belgilep ali'nadi'. Bul jerde sati'w ko'lemi prognozi' a'hmiyetli boli'p yesaplanadi' ha'mde bazar u'lesi,

wo'nim islep shi'g'ari'w, payda da'rejesin, basqari'w na'tiyjeliligi, miynet haqi' formasi' ha'm ko'lemi, diversifikaciya inabatqa ali'ni'wi' lazi'm.

Ekinshi basqi'shta fermer xojali'g'i'ni'n' operatsion byudjetleri tayarlanadi'.

U'shinshi basqi'shta – tayarlang'an byudjetler fermer ta'repinen analiz qi'li'ng'annan keyin tiyisli du'zetiwler kiritiliwi mu'mkin. Aqi'rg'i' basqi'sh o'z-aldi'na byudjetlerdi uluwma byudjetke birlestiriwdi wo'z ishine aladi'.

Rossiyali' qa'niygeler ulwuma byudjetti tiykari'nan da'slepki basqi'shta qa'liplestiriw ta'rtibi haqqi'ndag'i' pikirde qaladi'. Ma'selen, V.N.Samochkin to'mendegi o'zgesheliklerdi yesaplaydi': mashqalani'n' qoyi'li'wi' ha'm byudjet proektin islep shi'g'i'w ushi'n baslang'i'sh informaciyalardi' ji'yi'w; toplang'an informaciyani' analiz qi'li'w ha'm uluwmalasti'ri'w, ka'rxana ekonomikali'q xi'zmetinin' ilimiy tiykarlang'an ko'rsetkishlerin yesap-kitap qi'li'w, byudjet proektin qa'liplestiriw, byudjet proektin bahalaw; byudjetti tasti'yi'qlaw.

1.4-si'zi'lmada V.N.Samochkin byudjet tayarlaw ilajlari'ni'n' basqi'shlarda usi'ni'lg'an to'mendegi izbe-izligin usi'ni's etedi:




**1.4 si'zi'lma. Byudjetlerdi tayarlaw ha'm a'melge asi'ri'w algoritmi**

1) birinshi gezektegi tayarli'q

2) byudjettin' basshi'lar menen dodalani'wi';

3) ko'rip shi'g'i'lg'an byudjetlerdi muwapi'qlasti'ri'w ha'm analiz qi'li'w;

4) byudjettin' juwmaqlawshi' qabi'l qi'li'ni'wi';

5) byudjettin' keyingi analiz ha'm qadag'alaw qi'li'ni'wi'.

Joqari'da bayan etilgenlerden kelip shi'g'i'p, byudjetlerdi qa'liplestiriwdin' to'mendegi metodikali'q basqi'shlari'n usi'nami'z:

- qa'niygelerdi tayarlaw;
- yesap, rejelestiriw, hu'jjetler aylani'si' sistemasi'n analiz qi'li'w;
- fermer xojali'g'i'n ni'zamli' rawajlandi'ri'wdi'n' tiykarg'i' bag'darlari'n belgilep beretug'i'n ekonomikali'q modellerdi islep shi'g'i'w;
- byudjetler du'ziw texnologiyasi'n qa'liplestiriw;
- byudjetlestiriw mexanizmin analiz qi'li'w ha'm woni' fermer xojali'g'i' sharayati'nda si'nawdan o'tkiziw;
- byudjetler du'ziw ushi'n hu'jjetler aylani'si'n tayarlawg'a tiyisli minnetlemelerdi bo'limler ha'm ani'q bir wori'nlawshi'lar ortasi'nda bo'listiriw ha'm wolardi' tayarlaw mu'ddetlerin belgilew;
- usi'ni'lg'an informaciyalar ha'm fermerdin' maqsetlerin yesapqa alg'an halda woni'n' finans-xojali'q xi'zmeti na'tiyjeleri tiykari'nda bas byudjetti islep shi'g'i'w;
- byudjetler wori'nlaw metodikasi' ha'm qadag'alawi'n islep shi'g'i'w, si'rtqi' ha'm ishki sharayatlar wo'zgergende byudjetlerge du'zetiwler kiritiw;
- avtomatlasti'ri'w, finansli'q model, kompyuter ha'm da'stu'rli ta'miynatlardi' tan'law.

Bu'gingi ku'nde fermer xojali'qlari'ni'n' byudjeti ishki ha'm si'rtqi' wortali'qtan ali'natug'i'n informaciyalardi' toplaw, analizlew ha'm qayta islew, ka'rxanani'n' ekonomikali'q jag'dayi'n xarakterlewshi tiykarg'i' ha'm ja'rdemshi ko'rsetkishlerdi yesap-kitap qi'li'w ha'mde byudjetti a'melge asi'ri'wdi'n' barli'q basqi'shlari'nda ekonomikali'q-matematikali'q modeller ha'm informaciya texnologiyalari' tiykari'nda byudjetler wori'nlani'wi'n qadag'alawdi'n' ilimiy tiykarlang'an bir sistemasi' boli'wi' lazi'm.

Bul sistema xojali’q xi’zmeti na’tiyjeleri haqqi’nda tuwri’ informaciya ali’ni’wi’n ta’miyinlew ha’m soni’n’ menen birge xojali’q xi’zmetinin’ na’tiyjeliligin asi’ri’w menen birge to’mendegi imka’niyatlardi’ da beredi: ka’rxanani’n’ barli’q finansli’q ag’i’mlari’n ani’qlaw ha’m qadag’alaw; islep shi’g’ari’w qa’rejetlerin, aylanba qarji’lardi’, zapaslardi’, debitorli’q ha’m kreditorli’q qari’zlari’n na’tiyjeli basqari’w; sali’qqa tarti’wdi’ optimallasti’ri’w; hu’jjetler aylani’si’n basqari’w; byudjetti a’melge asi’ri’w basqi’shlari’nda bo’limler ha’m wolardi’n’ basshi’lari’ xi’zmetinin’ na’tiyjeliligin qadag’alaw.

Bunnan ti’sqari’, usi’ni’s yetilip ati’rg’an sho’lkemlestiriw-metodikali’q ta’replerin rejelestiriw, qa’rejetler normativlerin ani’qlaw, ag’i’mdag’i’ analizdi a’melge asi’ri’w ha’m basqari’w qararlari’n qabi’l qi’li’w, sonday-aq, fermer xojali’qlari’ni’n’ islep shi’g’ari’w xi’zmetin prognozlaw ushi’n ko’rsetkishler ali’wg’a imka’n beredi.

## 2-BAP. Fermer xojali'qlari' finans xojali'q iskerligin byudjetlestiriwdin' ilimiy-metodikali'q tiykarlari'

### 2.1. Biznes jobani' du'ziwdin' ekonomikali'q a'hmiyeti ha'm woni'n' fermer xojali'qlari'n sho'lkemlestirwdegi ro'li

Respublikami'zdi'n' bazar qatnasi'qlari'na wo'tiwine baylani'sli' fermer xojali'qlari'ni'n' iskerligin ali'p bari'wda bir qansha wo'zgerisler a'melge asi'ri'lmaqta. Biznes-jobada biznes filosofiyasi', fermer xojali'qlari'ni'n' ha'zirgi ha'm keleshektegi strategiyali'q ko'rinisi toli'q jobalasti'ri'li'p ko'rsetiledi.

Ha'zirgi waqi'tta ko'pshilik, ta'jiriybege iye qa'nigeler usi' hu'jjetti tayarlaw en' basli'si' yekenliginen, ba'lkim ju'da' qi'yi'n ekenliginen de xabardar. «Bir waqi'tta tayarlani'wshi' biznes-joba», kitabi' avtorlari' Gustav Verl ha'm Pol Kirshnerdin' «Biznes – jobag'a iye boli'p, siz professionolg'a aylanasi'z, o'z biznesin'izdi rawajlandi'ri'wi'n'i'z mu'mkin boladi'» dep aytqanli'g'i' biykar yemes, a'lbette haqi'yqattan da, biznes, biznes-joba bul biznestin' ha'zirgi ha'm keleshektegi jag'dayi'. Wol jan'a payda boli'p ati'rg'an biznestin' ju'regi boli'p tabi'ladi'. Kewildegidey islep shi'g'i'lg'an bizne-joba islep shi'g'ari'wdi' aktiv rawajlandi'ri'w ha'm soni'n' menen bir waqi'tta oni'n' dinamikasi'n qadag'alaw, investorlar, birge islesiw ha'm kredit resurslari'n qarati'w a'melge asi'ri'ladi'. Yen' tiykarg'i'si' wol yamasa bul islep shi'g'ari'wg'a pul kiritiw, barli'q qa'rejetlerdi qaplaytug'i'n mug'darda da'ramat ali'nama degen sorawlarg'a juwap beredi. Duri's, biznes-joba tek soni'n' menen sheklenip qalmaydi', sebebi wol funkcional wazi'ypalarg'a qarag'anda islep shi'g'ari'wdi' ju'zege keltiriw, texnika ha'm texnologiyalar, fermer xojali'qlari'ni'n' finansli'q jobalari' menen baylani'sli', a'hmiyetli ma'selerdi sheshiwge qarati'lg'an. Bul haqqi'nda biz keyinirek toqtap wo'temiz.

Soni' atap wo'tiw kerek, biznes - joba xojali'qti' basqari'w qurali' si'pati'nda ma'mleketimizdegi ka'rxanalardi'n' iskerlik a'meliyati'na kewildegidey tez kirisip ketken joq. Ma'selen, wo'z waqi'ti' dawami'nda tu'rli jantasi'w ha'm biznes jobalerdin' a'hmiyeti (ha'm)de, olardi' islep shi'g'i'w

usi’llari’na da ani’qli’q kiritpegen. A’sirese, ekonomikali’q reformalardi’n’ da’slepki ji’llari’nda za’ru’r ilimiy–metodikali’q a’debiyatlari’ni’n’ jetispewshiligi wo’zinin’ keri ta’sirin ko’rsetti. Sol ha’m basqa sebeplerge baylani’sli’ ko’plegen fermer xojali’qlari’ni’n’ biznes-jobalari’ joqari’ da’rejedegi tiykarlani’wi’ menen aji’rali’p turmadi’ ha’m ko’p jag’daylarda bank ka’rxanalari’ ta’repinen wolardi’ finanslasti’ri’wda belsendilik bolmadi’.

Biznesti jobalasti’ri’w boyi’nsha si’rt yel a’debiyatlari’ ag’i’mi’ni’n’ wo’siwi usi’ tarawg’a ma’lim bir ani’qli’q kiritip, woni’n’ ilimiy - metodikali’q tiykarlari’n bayi’tti’. Ayi’ri’m avtorlardi’n’ pikir ha’m sa’wbetlesiwin keltirip wo’tiwge ha’reket etemiz.

Joqari’da ayti’p wo’tilgen «Bir waqi’tta tayarlani’wshi’ biznes-joba» shi’g’armasi’nda bul soraw tiykari’nan jeke ta’rtipte wo’z biznesin ashi’w niyetinde bolg’an ta’replerge bag’darlang’an. Wonda, tiykari’nan, «biznes –joba» ka’rxanani’n’ jasawi’ ushi’n kerekli joldi’ tan’lap ali’wi’n’i’zda xi’zmet yetiwshi hu’jjet boli’p tabi’ladi’. Biznesin’iz penen baylani’sli’ bolg’an yen’ a’hmiyetli jag’day bul menedjment boli’p yesaplanadi’.

Edvard Blekvelldin’ «qanday qi’li’p biznes-joba du’ziw» shi’g’armasi’nda ko’rsetiliwinshe: «Biznes-joba bank yamasa basqa finansli’q ka’rxanalardan pul ali’w kerek bolg’anda, sonday -aq, akciyalar emissiyasi’nda paydalani’wshi’ joba boli’p yesaplanadi’».

1998 – ji’li’ Gruzinov V. P avtorli’g’i’ asti’nda usi’ni’lg’an «Ka’rxana ekonomikasi’» sabaqli’g’i’nda jazi’lg’ani’nday «biznes–joba birden-bir kommerciyali’q a’melge asi’ri’w yamasa jan’a ka’rxana jarati’w ushi’n arnalg’an tiykarlang’an ha’reketler ji’yi’ndi’si’n ani’qlawshi’ xu’jjet boli’p yesaplanadi’». 1996 – ji’lda Gorfinkel V. L ha’m Kupryakova E.M. avtorli’g’i’ asti’nda shi’g’ari’lg’an kitapta ayti’ladi’. «İsbilermenlik biznesinin’ tiykarg’i’ maqseti payda ali’w. Ko’zde tuti’lg’an (joba) kelisimde jobalasti’ri’wda aldi’n ala qansha summa ali’wg’a u’mit yetiw ha’m uli’wma ku’tilip ati’rg’an mug’darda payda keltiriwge isenim payda yetiw lazi’m».

Biznes-joba to'mendegi keltirilgen u'sh tiykarg'i' funkciyalardi' wori'nlawg'a baylani'sli' degen pikirler de bar:

- biznes ju'ritiw koncepsiyasi'n islep shi'g'i'w;

- ka'rxana xi'zmetinin' a'meldegi na'tiyjelerin bahalaw;

-pul qa'rejetlerin jumsaw za'rurligin tiykarlap beriw.

Joqari'da keltirilip wo'tilgenlerden ko'rinip turi'pti', biznes–joba du'ziw za'ru'rligi ayi'ri'm jag'daylarda wo'z biznesin jarati'w menen, yekinshi jag'dayda bank yamasa basqa finansli'q ka'rxanadan pul ali'w niyeti menen, u'shinshiden bolsa kommertciyali'q a'melge asi'ri'w, jan'a ka'rxana jarati'w za'ru'riyati' menen tiykarlanadi'. Bati's ekonomist ali'mlari'ni'n' wo'z ma'mleketleri hu'kimetleri menen birgelikte ja'miyette isbilermenlik ruwxi'n jarati'wg'a ha'reket qi'li'p ati'rg'anli'g'i'n tu'siniw mu'mkin. (Amerikali'lar–esleyik «biznesmen-millettin' alti'n fondi'»). Sol sebepli wolar wo'z usi'ni'slari'ni'n' ko'pshilik bo'legin jan'a jumi's ashi'w, wo'z biznesi menen shi'g'i'llani'w niyetinde bolg'an shaxslarg'a bag'darlang'an.

A'piwayi'lasti'ri'p aytqanda nan ha'm nan wo'nimlerin, lak-boyaw materiallari' yamasa ayaq-kiyim islep shi'g'ari'w menen shug'i'llani'wshi' ha'mde jan'a quri'li's yamasa jan'a a'melge asi'ri'wdi' qi'yali'na da keltirmeytug'i'n ka'rxanalar menen ne boladi'? Bul jag'dayda biznes–joba kerek bolama yamasa ka'rxana islep shi'g'ari'wi', xojali'qti'n' ekonomikali'q xi'zmeti ushi'n a'piwayi' joba du'ziw menen sheklenip qala bereme?

Biznes jobalardi'n' a'hmiyeti ha'm za'ru'rligin asti'na qoymag'an jag'dayda ayti'w kerek, bul hu'jjetti islep shi'g'i'w shet elde ken' qollani'wi' sebepligine u'rip-a'detke aylani'p qalmasli'g'i' lazi'm. Sonday-aq wol basqa ka'rxanalarda sonday qi'li'p ati'rg'ani'g'i' ushi'n islep shi'g'i'lmawi' kerek. Biznes-jobani' tayarlaw, woni'n' maqseti ha'm wazi'ypalari'nda ani'qli'q boli'wi' za'ru'r. Bul siz joqari'da yeslep o'tilgen. V.P. Gruzinovti'n' «Ka'rxana ekonomikasi'» sabaqli'g'i'nda ko'rsetilgen jag'daydan kelip shi'g'i'wi' mu'mkin: «Biznes–joba jaqsi' ka'rxana jarati'wdi' ko'zde tuti'wshi' hu'jjet boli'p yesaplanadi'».

O’zbekistan sharayati’nda ka’rxanalardi’n’ u’lken bo’limi (80% a’tirapi’nda) ag’zalar sani’ 10 adamnan 100 adamg’a shekem bolg’an kishi ka’rxana ha’m mikrofirmalardan ibaratli’g’i’ menen baylani’sli’ qa’siyeti yesapqa ali’ni’wi’ za’ru’r. Wolar biznes ha’m isbilermenliktin’ firmalari’ yesaplanadi’. Sol katnasi’q penen ta’biyiy soraw tuwi’ladi’: Bunday ka’rxanalarg’a zamanago’y sabaqli’qlar ha’m bati’s a’debiyatlari’nda usi’ni’s qi’li’p ati’rg’an ha’m struktura mazmuni’ biznes-jobalar kerekpe? Kishi ka’rxanalar si’n’ar ka’rxanalardi’n’ biznes-jobalari’nan nusqa ko’shirip almayma?

Bizin’ pikirimizshe, biznes-joba iri ha’m kishi ka’rxanalarda da islep shi’g’i’li’wi’ lazi’m. Bunda oni’ islep shi’g’i’w ka’rxanani’ rawajlandi’ri’w strategiyasi’nan basqa, wolardi’ a’melge asi’ri’w ushi’n sol waqi’tta ka’rxanadan qosi’msha finansli’q resurslar talap etiwshi jan’a strukturalardi’ a’melge asi’ri’w, islep shi’g’ari’wdi’ ken’eyttiriw, qayta ta’miyinlew ha’m texnikani’ jan’alaw, wo’nim diversifikatsiyasi’, ishki ha’m si’rtqi’ bazarlarg’a kirip bari’wi’ menen baylani’sli’ boli’wi’ lazi’m. Sebebi, biznes-joba ka’rxanani’n’ ku’ndelikli xi’zmetinen basqa, bank ka’rxanalari’ ta’repinen joqari’da ko’rsetilgen ha’m sog’an uqsas ilajlardi’ finanslasti’ri’wda basli’ a’hmiyetke iye. Basqa jag’daylarda bolsa ka’rxana wo’z biznes-jobasi’n ne dep atawi’ni’n’ wonsha a’hmiyeti bolmaydi’, bul ka’rxanani’n’ wo’zine baylani’sli’ boladi’.

Biznes-joba ha’r qanday mashqalalardan qorg’awshi’ qural bola almaydi’, wol ka’rxanani’n’ wo’z wori’nlawi’ lazi’m bolg’an wazi’ypalardi’ wo’zinen-wo’zi sheshe almaydi’. A’meliyatti’n’ ko’rsetiwinshe, joba ju’da’ jaqsi’ islep shi’g’i’lg’an bolsa da, wonnan naduri’s paydalani’wda ka’rxana zi’yan ko’riwi mu’mkin. Biraq bul biznes-joba uluwma kerek yemes degen pikirge ali’p kelmewi kerek. Ma’selen, bankler, investcsiya firmalari’ ha’m basqa ka’rxanalar ani’q ha’m tuwri’ du’zilgen biznes-jobani’ almag’ansha ka’rxanalardan finansli’q qollap – quwatlaw boyi’nsha qarar qabi’l yetilmewine ha’reket etedi.

Biznes-joba birinshiden, ka’rxanani’n’ barli’q bo’limlerinin’ minnetlemelerin ha’m juwapkershilikti ani’qlawg’a imka’niyat beredi, ekinshiden,

wolardi' ka'rxana xi'zmeti menen shug'i'llani'w ha'mde ka'rxana maqsetlerine ha'm wolarg'a yerisiw jollari'n ani'qlawg'a ma'jbu'r etedi, u'shinshiden, ayi'ri'm ilimpazlar biznes jobag'a to'mendegishe tu'sinik beredi: «Na'tiyjeni ta'miyinleytug'i'n biznesti jobalasti'ri'w ha'm a'melge asi'ri'w ushi'n ba'ribir biznes-joba za'ru'r boladi'. Keyingi ji'llarda biznesmenler wortasi'nda biznes haqqi'ndag'i' ga'pler jan'a bir jan'ali'q woylap tawi'lg'ani'nday ko'beyip ketti. Bul wo'zi ne? Bul wo'zin'izdin' biznesin'izdin' jasawi'n tiykarlaw, bul biznesin'izdin' gu'llep jasnap ketiwi ushi'n tan'lanatug'i'n jol kartasi', wo'z ka'rxanan'i'zdi'n' quri'li'si' ushi'n za'ru'r bolg'an tiykarg'i' hu'jjet ha'm sonday-aq bankten kredit ali'w ushi'n imka'niyat jaratatug'i'n gilt yesaplanadi'.

Biznes-jobag'a iye bolsan'i'z siz professional boli'p ketesiz. Yag'ni'y wo'z isin'izdin' ustasi' bolasi'z. Biznes–joba sizdi bayli'qqa jetelep baradi'. Bayli'q siz inkar yetpekshi bolg'an mashqalalardi' sheshedi. Biraq mashqalalardi' ju'zege shi'g'ari'w, sheshiw – bul sheshilmeytug'i'n is yemes, bul tek qosi'msha izleniwler ali'p bari'w ushi'n, jan'a bilimler ali'w ha'm ja'nede izleniwshen'lik penen islew, ma'seleni aqi'ri'na shekem sheshpegenshe dawam yetetug'i'n process. Biznes-joba sizde tuwi'li'p ati'rg'an biznestin' ju'regi yesaplanadi'. Biznes–joba ne ushi'n za'ru'r?

- jan'a biznesti baslaw ushi'n;
- wo'z biznesin'izdi ken'eytiriw ushi'n;
- woni' basqa adamg'a wo'tkeriw yamasa sati'w ushi'n;
- ssuda ali'w ushi'n.

Ko'pshilik bul jerde ko'binese aqi'rg'i' sebebin za'ru'r dep biledi. Tiykari'nda bunday yemes. Biznesin'iz benen baylani'sli' bolg'an yen' za'ru'r na'rse, a'sirese kimnin'dur puli'n ali'w bolg'anda, bul menedjment. Biznes– joba ha'r qi'yli' biznesmenler, isbilermenler, ka'rxanalar, firmalar ha'm basqalar yamasa ha'r tu'rli mu'lk formasi'nda boli'p ha'r qi'yli' xi'zmetlerdi ori'nlaw, ha'r qi'yli' si'pattag'i', ko'lemdegi, qa'legen waqi'tta arnawli' islep shi'g'ari'wg'a qa'lewi bar qa'nigeler ta'repinen qaraladi'. Biznes tarawi'ndag'i' jan'a pikirler

miyge ha’r qanday sharayatta keledi. Mi’sali’, awqatlani’p ati’rg’anda yamasa samolëtta ushi’p barati’rg’ani’n’i’zda, dem ali’p ati’rg’ani’n’i’zda sa’tsizlikke ushi’rag’ani’n’i’zda ha’m t.b.

Ma’selen: bala tuwi’li’wi’nan parq qi’lg’an halda jan’a biznestin’ tuwi’li’wi’, baxi’tqa qarsi’ ma’lim mu’ddet arali’g’i’nda ju’zege kelmeydi. Ko’binese tiykarlanbag’an jan’a biznes wo’nim shi’qqansha joq boli’p ketedi. A’meliyatta jasap qalg’an biznes mug’dari’ 20 payi’zdi’ quraydi’. Jan’a biznestin’ wo’mirin ta’miynlewdin’ salmag’i’n asi’ri’w wo’z qoli’n’i’zda yag’ni’y tek biznes-jobani’ tuwri’ tayarlaw kerek.

Biznes-joba yen’ da’slep qatti’ ha’m isenimli fundamentke wornati’li’wi’ za’ru’r. Eger siz sonday jobasi’z «is» baslasan’i’z wo’zin’iz go’zlegen na’rsege yerise almay qali’wi’n’i’z mu’mkin. Du’nya a’meliyati’ soni’ ko’rsetedi biznes-joba ha’mme ushi’n za’ru’r: wo’z proektin’izdi a’melge asi’ri’w ushi’n kimnendur pul almaqshi’ bolsan’i’z–bankler ushi’n, investorlar ha’m wo’zlerinin’ keleshеklerin ha’m wazi’ypalari’n ani’q bilmekshi bolg’an qa’nigelerin’iz ushi’n, yen’ tiykarg’i’si’–sizin’ wo’zin’iz ushi’n. Sizin’ biznes joban’i’z qag’azda sizin’ biznesin’izdin’ wo’tken da’wirdegi ha’m a’welgi jag’dayi’n, ha’zirgi ha’m keleshektegi jag’dayi’n qi’sqasha sa’wlelendiredi. Endi baslani’p ati’rg’an biznesti jobalasti’ri’wda jobani’n’ yen’ tiykarg’i’ maqseti–biznesti ani’q jobalasti’ri’w, woni’ finansli’q ha’m strukturali’q ta’miyinlew. Biznes joba– bul woyi’ni’n’i’zdi’n’ jobasi’. Wol sizin’ ha’reketin’izdin’ ani’q maqsetin, bag’dari’n ha’m basqi’shlari’n belgilep beredi.

Biznes jumi’slari’ baslang’annan keyin ali’ng’an na’tiyjeler joba menen sali’sti’ri’p bari’ladi’, mashqalalar bolsa ju’zege shi’g’ari’ladi’, jobag’a du’zetiwler kiritilip bari’ladi’, soni’n’ menen biznesti tuwri’ bag’darg’a saladi’. Keri jag’dayda oni’ basqari’w qi’yi’nlasi’p ketedi. Biznes- joba a’ne soni’n’ ushi’n kerek boladi’. Ko’pshilik jag’dayda biznes-joba to’mendegi bo’limlerden ibarat boladi’:

**2.1-keste**

**Biznes-jobani’n’ bo’limleri**

| Uluwmali’q bo’legi | İslep shi’g’ari’w jobasi’ | Marketing jobasi’ | Finans jobasi’ | Sho’lkemles-kenlik jobasi’ |
|---|---|---|---|---|
| Titul beti | Ka’rxanada wori’nlanatug’i’n jumi’slar | İshki faktorlar | Da’ramat ha’m qa’rejet haqqi’nda mag’li’wmat | Mu’lk formasi’ ha’m ka’rxana tu’ri |
| Kirisiw bo’limi | Subpodryadchikler | Si’rtki’ faktorlar | Naq pul prognozi’ | Administra-tsiya ha’m sho’lkemlesken lik qurami’ |
| Tarawlar analizi | İslep shi’g’ari’w u’skeneleri | Taza tovar, xi’zmet wo’zgesheli gi | Balans jobasi’ | Ka’rxanani’n’ jaylasi’wi’ |
| Proekttin’ a’hmiyeti | Shiyki zat ha’m materiallar | Baha tan’law | | Sali’q ni’zamlari’-ni’n’ qollani’li’wi’. |
| Qa’wip-qa’terlik bahasi’ | Jumi’sshi’ ku’shi | Sati’w sistemasi’ | | |
| Qosi’msha | | Bazar segmenta-tsiyasi’ | | |

Eger ha’r bir bo’lim wo’zinin’ funkciyasi’n toli’q atqarsa wonda du’zilgen joba ju’da’ jaqsi’ na’tiyje beredi.

Biznes joba qanday bo’limlerden turadi’? Biznes-jobani’n’ bo’limlerinin’ sani’ ha’m ati’ ha’r qi’yli’ bolsada mazmuni’ boyi’nsha jaqi’n keledi. Biznes-jobada to’mendegi mag’li’wmatlar beriledi:

1. Sizin’ tovari’n’i’z yamasa xi’zmet jumi’slari’ni’n’ tu’rleri. (yamasa biznes-jobag’a rezyume). Jobani’n’ bul bo’liminde siz keleshektegi qari’ydarlari’n’i’z ushi’n usi’ni’s etiletug’i’n tovari’n’i’z yamasa xi’zmetlerin’iz ko’rsetiledi. Bunda to’mendegi sorawlarg’a ani’q juwap beriw za’ru’r:

–sizin’ tovari’n’i’z yamasa xi’zmetin’iz qanday talaplardi’ qanaatlandi’ra aladi’?

–woni’n’ wo’zine say ta’repleri nede ha’m ne ushi’n tuti’ni’wshi’lar ba’sekelesin’iz tovari’nan sizin’ tovari’n’i’zdi’ aji’rata aladi’, woni’ abzal ko’redi?

–sizin’ tovari’n’i’z yamasa texnologiyan’i’z qa’siyetleri qanday guwali’qlar ha’m patentler menen qorg’alg’an.

Biznes-joba toli’q tayar bolg’anda jobani’n’ bul bo’limin jazi’w an’sat boladi’.

Na’tiyjege yerisiw ushi’n biznes-jobag’a tovardi’n’ su’wretleri, si’zi’lmalari’ kiritilse wol haqqi’nda jaqsi’ ko’z-qaras payda boladi’. Tovari’n’i’z si’pati’n, woni’n’ dizayni’ni’n’ abzalli’g’i’ ha’m ha’tteki jaylasti’ri’w qa’siyetlerinin’ abzalli’qlari’na ani’q si’patlama beriw u’lken a’hmiyetke iye.

2. Biznes wortali’g’i’ yamasa firma haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar. Jobani’n’ bul bo’liminde biznestin’ mazmuni’ ha’m wori’nlanatug’i’n jumi’slardi’n’ bag’darlari’ ko’rsetiledi. Siz biznestin’ qaysi’ formasi’n a’melge asi’ri’w ma’lim ekenligin sheshiwin’iz za’ru’r. Buni’n’ u’sh varianti’ bar:

-jeke xojali’q mu’lki tiykari’nda;

-sheriklik tiykari’nda;

-korparaciya du’ziw tiykari’nda.

Bul jollardi’n’ ha’r birinin’ kemshiliklerin ha’m abzalli’qlari’n analiz etip shi’g’i’wi’n’i’z za’ru’r, sebebi sizin’ firma yamasa kompaniyan’i’zdi’ dizimnen wo’tkeriw, sizin’ keleshektegi licenziya ali’w processlerine ta’sir yetedi.

3. Tovardi’ tuti’ni’wshi’g’a (bazarg’a) jetkeriw biznes-jobani’n’ yen’ tiykarg’i’ bo’limi yesaplanadi’. Woni’ tayarlaw ushi’n ku’sh quwatti’ ayamaw kerek. Ta’jiriybe soni’ ko’rsetedi, bazardi’ jeterli da’rejede u’yrenbegenlik na’tiyjesinde ko’plegen kommerciyali’q joybarlar waqi’tti’n’ wo’tiwi menen sa’tsizlikke ushi’rag’an. Yen’ a’weli sizin’ tovari’n’i’z bazarda qanday wori’n tuti’wi’n ju’zege shi’g’ari’w za’ru’r boladi’. Yeger siz qari’ydar ba’sekeleslerin’iz usi’ni’si’na qaramay, tovari’n’i’zdan waz keshpey woni’ sati’p alatug’i’n bahani’

ani'qlap alsan'i'z siz bazardi' u'yreniwdegi wazi'ypalardi' joqari' da'rejede wori'nlag'an bolasi'z. Bazardi' tovar menen ta'miyinlew biznes ushi'n sharayat jarati'w yesaplanadi'.

4. Marketing jumi'slari' ha'm tovardi' sati'w jobasi'. Biznes-jobani'n' bul bo'limi sati'latug'i'n tovar ko'lemi ha'm wog'an qalay yerisiw mu'mkinligin ko'rsetedi. Bul jerde siz wo'zin'izdin' haqi'yqi'y, turaqli' qari'ydarlari'n'i'zg'a wo'z xi'zmetlerin'iz ha'm tovarlari'n'i'z haqqi'nda qalay so'ylep beriwin'iz, tovardi' qalay jetkerip beriwin'iz ha'm sizin' wo'z ba'sekleslerin'izden qay ta'repin'iz jaqsi' yekenligi ko'rsetiledi. Marketing jobasi'ni'n' elemenleri to'mendegiler:

-tovardi' tarqati'w sxemasi', qurami';

-bahani' qa'liplestiriw;

-reklama;

-sati'wdi' xoshametlew usi'llari';

-tovar sati'lg'annan keyin qari'ydarlarg'a ko'rsetiletug'i'n xi'zmetlerdi sho'lkemlestiriw. (texnikali'q tovarlar ushi'n);

-wo'z firman'i'z ha'm tovarlari'n'i'z haqqi'ndag'i' ko'pshiliktin' pikirin qa'liplestiriw.

Biznes-jobani' keleshektegi sherikler menen dodalap ati'rg'anda uyali'p qalmaw ushi'n sorawlarg'a beriletug'i'n juwapti' siz yaddan biliwin'iz za'ru'r.

5. Ba'seke jobasi' - jobani'n' bul bo'liminde siz tovari'n'i'z bari'p tu'setug'i'n bazardag'i' ba'seke haqqi'ndag'i' bilgenlerin'izdi wo'zin'izdin' potencial sheriklerin'izge ha'm investorlarg'a ma'lim yetiwin'iz za'ru'r. Siz to'mendegi sorawlarg'a ani'q juwap beriwin'iz za'ru'r.

-sizin' tovari'n'i'zg'a uqsas tovarlardi' ko'p islep shi'g'ari'wshi'lar kimler?

-wolardi'n' jumi'slari' qanday?: tovardi' sati'w ko'lemi, da'ramati', jan'a modellerdi qollaw, texnikali'q servis jumi'slari'. Wolar wo'z buyi'mlari'n reklama qi'li'wg'a ko'p a'hmiyet bereme, joqpa; qansha qarji' sarplaydi';

-ba'sekeleslerdin' tovari' haqqi'nda si'patlama, si'pat da'rejesi, dizayni', qari'ydarlar pikiri qanday?

-ba'sekeleslerdin' tovar bahasi'ni'n' da'rejesi, wolardi'n' baha siyasati' (uli'wmali'q ta'rizde bolsa da).

Bul sorawlarg'a juwap beriwde haqi'yqattan qashpaw ha'm qa'tege jol qoymaw za'ru'r.

6. Wo'ndiris jobasi'. Bul jerde tiykarg'i' wazi'ypa sheriklerge haqi'yqatta za'ru'r bolg'an tovarlardi', kerek mug'darda ha'm si'patta, kerekli mu'ddetlerde islep shi'g'ara ali'w imkaniyati'n'i'zdi' da'lillep beriwin'iz za'ru'r. Siz to'mendegi sorawlarg'a ani'q juwap tabi'wi'n'i'z kerek:

- tovari'n'i'z yeski islep turg'an ka'rxanada islep shi'g'ari'lama yamasa jan'a ka'rxanadama?

- buni'n' ushi'n qanday o'ndiris quwatlari' za'ru'r boladi' ha'm olar ha'r ji'li' qanshag'a ko'beyip baradi'?

- qanday u'skeneler za'ru'r boladi' ha'm olar qay jerden keltiriledi?

-wo'ndiris baylani'si' mo'lsherlengenbe yamas joqpa ha'm kim menen?

Jobani'n'  bul bo'liminldegi mag'li'wmatlar 2-3 ji'lg'a berilse jaqsi' boladi'.

Bul jobada bolatug'i'n qa'rejetlerdi yesaplap woni' bahalaw da za'ru'r. Bul jerde ta'biyatti'n' qorg'ali'wi' ushi'n shi'g'i'ndi'lardi' unitilizatsiya qi'li'w ushi'n kere bolatug'i'n qa'rejetlerdi de yesten shi'g'armaw kerek.

7. Miynet ha'm materialli'q resurslar jobasi' (strukturali'q joba). Jobani'n' bul bo'liminde qanday qa'nigeler isleydi. Wolardi'n' ka'sibi, mag'li'wmati', ta'jiriybesi qanday, jumi'sti' na'tiyjeli ali'p bari'wi' ushi'n qansha mug'darda is haqi' berliwi kerek degen mag'li'wmatlar ko'rsetiledi.

Ka'rxanani'n' kim ha'm ne menen shug'i'llani'wi', bo'limlerdin' wo'z-ara baylani'slari' qanday boladi', wolardi'n' ha'reketin siz qanday basqarasi'z ha'm qadag'alaysi'z degen sorawlarg'a juwap beriwshi strukturali'q sxema beriliwi kerek. Pu'tkil bir ji'l dawami'nda qari'ydarlardi'n' talabi'n qanaatlandi'ri'w ushi'n materialli'q resurslar mug'dari' ha'm si'pati' boyi'nsha jeterli boli'wi' za'ru'r.

8. Finans jobasi’, aldi’n’g’i’ jobalardi’n’ mag’li’wmatlari’n uli’wmalasti’ri’p, bir qansha hu’jjetler tayarlaw kerek:

–islep shi’g’ari’li’p sati’latug’i’n tovarlardi’n’ ko’lemin shamalap shi’g’i’w;

– pul qarji’lari’ni’n’ qa’rejeti ha’m tu’siminin’ balansi’;

– da’ramat ha’m qa’rejeler kestesi;

– ka’rxana aktivi ha’m passivinin’ uluwma balansi’;

– zi’yansi’z islewge yerisiw kestesi.

Bunday mag’li’wmatlar du’nya praktikasi’ standartlari’na tuwra keledi. Ha’zir bizde de bunday formada yesabat beriw ha’m jobalasti’ri’w jumi’slari’, Evropa buxgalteriya yesabi’n qollaw a’melge asi’ri’lg’an. Biznes-joba to’mendegi ha’m wonnan basqa bir qansha sorawlarg’a juwap beriwi za’ru’r:

- Yeger siz bankten kredit ali’wg’a mu’ta’j bolsan’i’z, woni’ to’lemesten mug’dari’n yesaplap shi’g’i’wi’n’i’z za’ru’r.

- Jumi’sqa tarti’lg’an kapitaldi’ alatug’i’n worni’ barma?

- Siz qansha qari’z ali’wi’n’i’z mu’mkin;

- Qari’zdi’ qay jerden almaqshi’si’z?

- Ha’mme jumi’slardi’n’ ta’rtipli, na’tiyjeli bari’wi’n qadag’alaw sistemasi’ barma?

Biznes–joba du’ziw da’slep anag’urli’m quramali’ ha’m mashaqatli’ is, soni’n’ ushi’n woni’ tayarlaw sozi’li’p ketiwi mu’mkin. Biraq bunday hu’jjet tayar bolg’annan keyin siz jumi’sti’ neden ha’m qanday qi’li’p baslamaqshi’si’z.

Qanday jollar menen go’zlegen maqsetke yerispekshisiz, qanday na’tiyjelerge yerispekshisiz degen sorawlarg’a juwapti’n’ boli’wi’ basqa investorlardi’n’ ha’m finansistlerdin’ sizin’ ha’reketin’izde qatnasi’wg’a bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n asi’ri’p jiberedi.

Demek, biznes joba bul sizin’ biznesin’izdin’ wo’tmishtegi, ha’zirdegi ha’m keleshektegi jag’dayi’n sa’wlelendiredi. Wo’z jumi’si’n’i’zdi’ jobalasti’ri’wda yen’ tiykarg’i’ maqset biznesti teren’ jobalasti’ri’w, woni’ finansli’q ha’m strukturali’q jaqtan ta’miynlew yesaplanadi’.

## 2.2. Fermer xojali’qlari’n byudjetlestiriwdin’ ma’mleket ekonomikasi’ndag’i’ tutqan orni’, woni’ rawajlandi’ri’wdi’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’

O’zbekistan Respublikasi’ g’a’rezsizlikke yeriskennen keyin administrativlik-buyri’qpazli’q basqari’w sistemasi’nan wo’zinin’ sotsialli’q-ekonomikali’q rawajlani’w joli’n ani’qlap, ma’mlekette ku’shli sotsialli’q qorg’awg’a bag’darlang’an ko’p ukladli’ bazar ekonomikasi’n jarati’w joli’nda ha’m wo’zinin’ sotsialli’q rawajlani’wi’nda jaqsi’ na’tiyjelerge yerispekte.

Ma’mlekette ekonomikani’ bazar qatnasi’qlari’na wo’tkiziwdin’ Respublika Prezidenti İ.A.Karimov ta’repinen ilimiy-a’meliy tiykarlang’an ha’m islep shi’g’i’lg’an «o’zbek modeli» yengizildi. Bul model principlerin basqi’shpa-basqi’sh a’melge asi’ri’wda respublika agrar sektori’ ekonomikali’q qi’yi’nshi’li’qtan shi’g’i’p turaqli’ rawajlani’w joli’na wo’tip aldi’.

Bul jag’daydi’ İ.A.Karimov to’mendegishe bayanlaydi’: «İslep shi’g’i’lg’an principler wo’mir si’nawi’nan wo’tti. A’meliyatta wolardi’n’ tuwri’li’g’i’ tasti’yi’qlandi’. Bul principler maqullandi’, yen’ tiykarg’i’si’ halqi’mi’zdi’n’ wo’zi wolardi’ qabi’l qi’ldi’ ha’m qollap-quwatladi’. Ha’zirgi waqi’tta bul principlerdi a’melge asi’ri’p, respublikada sotsialli’q-siyasiy turaqli’li’q, yen’ tiykarg’i’si’ bazar qatnasi’qlari’n yengiziw si’yaqli’ basqi’shpa-basqi’sh ilgerilep bari’wi’mi’z ta’miyinlenbekte. Sol sebepli bunnan bi’lay da bul principlerge a’mel qi’la beremiz» [1.5.5.77-b].

Bazar qatnasi’qlari’n qa’liplestiriw xali’q xojali’g’i’ni’n’ ha’mme tarmaqlari’nda a’melge asi’ri’lmaqta. Bul boyi’nsha u’lken itibar xali’q xojali’g’i’ni’n’ agrar sektori’na qarati’lmaqta.

Bul ma’sele haqqi’nda toqtali’p İ.A.Karimov 1993 ji’li’ bi’lay degen yedi: «Agrar tarmaqtag’i’ wo’zgerislerge u’lken a’hmiyet berilmekte. Bul bolsa xali’qti’n’ ko’pshiligi awi’lli’q jerlerde jasawi’, ekonomikani’n’ agrar-sanaat ta’rizde yekenligi ha’mde tiykarg’i’ mashqalalardi’ sheshiwde fermer xojali’qlari’ni’n’ tutqan worni’ menen baylani’sli’. Diyxan bay bolsa, pu’tkil

respublika bay boladi’. Ha’zir biz ha’mmemiz awi’l xojali’g’i’ yesabi’nan jasap ati’rg’ani’mi’zdi’ ta’n ali’wi’mi’z kerek

Ekonomikali’q reformalardi’ tuwri’ belgilew ha’m a’melge asi’ri’w ushi’n respublika fermer xojali’qlari’ni’n’ to’mendegi o’zgesheliklerin o’z aldi’na inabatqa ali’wdi’ sha’rt dep esaplaymi’z:

1. Respublika fermer xojali’qlari’ o’ndirisi suwg’ari’latug’i’n diyxanshi’li’qqa tiykarlang’an. Fermer xojali’qlari’ jalpi’ wo’niminin’ 95 payi’zi’ suwg’ari’latug’i’n jerlerde jetistiriliwi buni’n’ da’lili.

Lekin suwg’ari’latug’i’n jerlerdin’ ko’pshiligi ta’biyg’i’y shorlang’an jerlerde jaylasqan yaki respublikani’n’ ko’p regionlari’nda jer asti’ suwlari’ shorlang’an ha’m topi’raq qatlami’na jaqi’n jaylasqan boli’p, jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’, yag’ni’y woni’n’ wo’nimdarli’li’g’i’ ha’m awi’l xojali’g’i’ yeginlerine keri ta’sir ko’rsetip turadi’. Demek, suwg’ari’latug’i’n jerlerde awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin ko’p ha’m si’patli’ islep shi’g’ari’w ushi’n birinshi na’wbette ken’ ko’lemde irrigatsiya ha’m melioratsiya ilajlari’n a’melge asi’ri’wg’a tuwri’ keledi.

2. Respublika fermer xojali’qlari’nda paxta ha’m da’n yeginlerinen ti’sqari’ tez buzi’latug’i’n ha’m paydalani’wg’a jaramsi’z boli’p qalatug’i’n wo’nimler islep shi’g’ari’ladi’. Wolardi’ wo’z waqti’nda ji’ynaw, saqlaw, tasi’w mashqalalari’ toli’q sheshilmegenligi sebepli wolardi’n’ nabi’t boli’w da’rejesi joqari’.

Bunnan ti’sqari’ fermer xojali’qlari’ islep shi’g’ari’wi’ni’n’ xali’q xojali’g’i’ndag’i’ worni’ ha’m salmag’i’, bul jerde islep shi’g’ari’lg’an wo’nimlerdi qayta islew da’rejesine baylani’sli’. Bud mashqala respublikada jeterli da’rejede sheshilmegen.

Bul mashqalalardi’ sheshiw za’ru’rligin ayti’p İ.A. Karimov bi’lay degen edi: «Fermer xojali’g’i’n rawajlandi’ri’w ha’m bekkemlew, keyin fermer xojali’g’i’ wo’nimlerin qayta islew quwatli’li’g’i’n ja’nede wo’siriw menen tikkeley baylani’sli’. . . Biz «islep shi’g’ari’w-qayta islew-sati’w» degen principte islep, bul principte ba’nt bolg’anlardi’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n yesapqa ali’wdi’

u’yreniwimiz za’rur»

3. Respublika agrar sektori’nda ko’p miynet talap qi’latug’i’n, ma’selen, paxta, pali’z ha’m basqa wo’nimler ko’p mug’darda islep shi’g’ari’ladi’. Lekin agrar sektorda miynetti kemeyttiriw, islep shi’g’ari’wdi’ mexanizatsiyalaw to’men da’rejede. Sol sebepli fermer xojali’qlari’nda miynet qa’biletine iye bolg’an xali’qti’n’ islep shi’g’ari’w menen ba’ntlik da’rejesi optimal, kerekli da’rejede yemes. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda fermer xojali’qlari’nda miynetke jaramli’ xali’qti’n’ 45 payi’zdan ko’bi ba’nt. Bul ko’rsetkish si’rt yel ma’mleketlerinen İtaliyada 9, Evropa ma’mleketlerinde wortasha 7, AQShta 3, Frantsiyada 6,4 payi’zdi’ quraydi’.

Bu ma’sele ha’dden ti’sqari’ quramali’ boli’p, sheshiliwinde to’mendegi u’sh mashqala menen tikkeley baylani’sli’.

Birinshiden, fermer xojali’qlari’nda miynet wo’nimdarli’g’i’n keskin ko’teriw ilajlari’n a’melge asi’ri’w lazi’m. Buni’n’ ushi’n fermer xojali’qlari’ islep shi’g’ari’wi’n mexanizaciyalaw, jan’a texnologiyalardan paydalani’w, islep shi’g’ari’w ha’m miynetti sho’lkemlestiriwde jan’a, zamanago’y usi’llardan na’tiyjeli paydalani’w ha’m ken’ ko’lemde kapital qoyi’lmalar talap etiledi.

Ekinshiden, awi’l xojali’g’i’nan bosag’an xizmetkerlerdi miynet penen ba’nt yetiw ushi’n xali’q xojali’g’i’ni’n’ basqa tarmaq ha’m tarawlari’nda aldi’n’g’i’ jumi’s wori’nlari’n tiklewge tuwri’ keledi.

U’shinshiden, awi’l xojali’g’i’nan bosag’an xi’zmetkerler ta’jiriybe ha’m bilimlerinen na’tiyjeli paydalani’w maqsetinde wolardi’ woqi’ti’w, jan’a qa’nigeliklerge u’yretiw, qayta tayarlaw mashqalalari’ payda boladi’. Buni’n’ ushi’n waqi’t ha’m qosi’msha qa’rejetler talap yetiledi.

Joqari’da ko’rsetilgen mashqalalar ha’m wolardi’ sheshiw, sonday-aq buni’n’ ushi’n maqsetli qarji’lar aji’rati’w respublika agrar sektori’ni’n’ ta’biyg’i’y o’zgeshelikleri ha’m rawajlani’w da’rejesin yesapqa alg’an halda awi’l xojali’g’i’nda ekonomikani’ yerkinlestiriw talap ha’m principlerine juwap beretug’i’n bag’darlari’n ani’qlaw ha’m a’melge asi’ri’wg’a ha’r ta’repleme

baylani'sli'.

Juwmaqlap aytqanda bul wo'zgeshelik ha'm bag'darlardi' itibarg'a ali'w ilimiy ha'm a'meliy jaqtan u'lken a'hmiyetke iye. Agrar sektordi'n' bul worni' to'mendegilerde wo'z bayani'n tabadi' dep yesaplaymi'z:

1. Respublika sotsialli'q-ekonomikali'q rawajlani'wi'ni'n' tiykarg'i' mashqalalari'nan biri bul respublikadag'i' miynetke jaramli' xali'qti' jumi's wori'nlari' menen ta'miynlew.

2. Awi'l xojali'g'i', sanaatti' shiyki zat ha'm respublika xalqi'n azi'q-awqat penen ta'miynleytug'i'n yen' tiykarg'i' tarmaq. Aldi'n respublikani'n' azi'q-awqatqa bolg'an talabi'ni'n' 50 payi'zi' si'rttan keltirilgen wo'nimler menen ta'miynlengen bolsa, ha'zirgi waqi'tta respublikani'n' bul talabi' tiykari'nan respublikada islep shi'g'ari'lg'an wo'nimler menen qaplanbaqta.

3. Respublika xalqi'ni'n' 60 payi'zdan ko'bi awi'lli'q jerlerde jasaydi' ha'm woni'n' sani' bolsa joqari' da'rejede ko'beyip barmaqta. Bul jag'daylar awi'lli'q jerlerde xali'qti'n' miynet ba'ntligi mashqalasi'n, ba'lkim awi'llardi' sotsialli'q rawajlandi'ri'w mashqalalari'n da aktual ma'selelerge aylandi'ri'p, wolardi' kerekli da'rejede sheshiwdi talap yetedi.

Demek, respublika agrar sektori'ni'n' rawajlani'w da'rejesi ha'm na'tiyjeliligin asi'ri'w, fermer xojali'qlari'n byudjetlestiriwdi ja'nede teren'lestiriw ha'm bazar qatnasi'qlari'na sa'ykes jan'a bag'darlardi' a'melge asi'ri'w sotsialli'q-ekonomikali'q rawajlani'w jag'i'nan obiektiv za'ru'riyat ha'm u'lken a'hmiyetke iye wazi'ypalardan biri boli'p yesaplanadi'.

Fermer xojali'qlari'n byudjetlestiriwdi rawajlandi'ri'wdi'n' wo'zine ta'n wo'zgeshelik ha'm bag'darlari' bar boli'p, wolar bizin' **p**ikirimizshe to'mendegilerden ibarat:

-jerdi ma'mleket mu'lki ha'm uluwma bayli'q si'pati'nda saqlap qali'w, jer qatnasi'qlari'ni'n' huqi'yqi'y sistemasi'n bekkemlew respublikami'zdi'n' bazar ekonomikasi'na wo'tiw da'wiri talaplari'na sa'ykes keledi dep yesaplaymi'z;

-respublikami'z territoriya ha'm regionlari'ni'n' ha'r birine sa'ykes

sharayatlari’n inabatqa alg’an halda fermer xojali’qlari’ni’n’ jan’a xojali’q ju’ritiw formalari’ni’n’ xi’zmetin monitoring qi’li’w tiykari’nda wolardi’ ja’nede jetilistiriw ilajlari’n a’melge asi’ri’w;

-fermer xojali’qlari’ menen basqa ka’rxanalar, sho’lkemler wortasi’ndag’i’ ekonomikali’q qatnasi’qlardi’ administrativlik basqari’w usi’llari’nan basqi’shpa-basqi’sh bazar ekonomikasi’ principlerine wo’tkiziw.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ agrar sektori’ ma’mleket regionlari’nan wo’zine ta’n basqa wo’zgesheliklerge iye, wolar da fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’w processi ha’m bag’darlari’na, wolardi’ a’melge asi’ri’wg’a ta’sir ko’rsetedi. Bul wo’zgeshelikler, bizin’ pikirimizshe, to’mendegilerden ibarat:

1. O’zbekistan Respublikasi’ndag’i’ wortasha ta’biyi’y sharayatlarg’a sali’sti’rg’anda Qaraqalpaqstan awi’l xojali’g’i’ni’n’ quramali’ ha’m wo’zgeriwshen’ ekologiyali’q awi’r jag’daylari’n itibarg’a alg’an halda ju’ritiw talap yetiledi.

2. Aral ten’izinin’ quri’wi’ ta’sirinde woni’n’ ko’lemi 2 ma’rte, maydani’ 3 ma’rte kemeydi. Ten’iz a’tirapi’nda 2,5 mln. gektar shorlang’an jerler payda boldi’. Qa’niygelerdin’ yesap-kitaplari’na qarag’anda wonnan boran ha’m samallar arqali’ ha’r ji’li’ hawag’a 100 mln. tonna duz massasi’ ko’terilip, bir neshe km arali’qtag’i’ wo’nimdarli’ jerlerdin’ meliorativ jag’daylari’ni’n’ jamanlasi’wi’na ali’p kelmeqte. Bul bolsa ekologiyali’q worayda jaylasqan Qaraqalpaqstan awi’l xojali’g’i’ islep shi’g’ari’w na’tiyjeliligine keskin keri ta’sir ko’rsetpekte.

3. Qaraqalpaqstanda diyxanshi’li’q yeginlerinin’ vegetaciya da’wiri respublikani’n’ basqa regionlari’na sali’sti’rg’anda bir ay kem boli’p, bul jag’day awi’l xojali’g’i’ wo’nimleri wo’nimdarli’g’i’ ha’m si’pati’ni’n’ to’men boli’wi’na ali’p keletug’i’n sebeplerden biri boli’p yesaplanadi’.

4. Qaraqalpaqstanda hawa rayi’ keskin wo’zgeriwshen’ (kontinental) boli’p, jaz aylari’nda i’ssi’li’q 45 gradusqa shekem ko’teriledi, qi’s aylari’nda suwi’qli’q 25-30 gradusqa shekem to’menleydi. Bul da awi’l xojali’g’i’n sho’lkemlestiriwge, awi’l xojali’g’i’ wo’nimlarin jetistiriwge keri ta’sir ko’rsetedi.

5. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Amudaryani’n’ to’mengi ag’i’mi’nda jaylasqan. Respublika territoriyasi’nda suwlardi’ ji’yi’p, kerekli waqi’tta paydalani’latug’i’n irrigatsiya suw qorlari’ joq. Amudarya suwlari’nan Worayli’q Aziyadag’i’ bir qansha ma’mleketler paydalanadi’. Demek, Amudarya suwlari’ni’n’ yen’ aqi’rg’i’ bo’legi Qaraqalpaqstang’a jetip keledi. Sol sebepli respublika suw qi’tshi’li’g’i’ ji’llari’nda suw resurslari’ menen toli’q ta’miynlenbeydi ha’m bul jag’day awi’l xojali’g’i’n rawajlandi’ri’wg’a keri ta’sir ko’rsetedi.

Juwmaqlap aytqanda, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ awi’l xojali’g’i’ni’n’ xali’q xojali’g’i’nda salmaqli’ worni’ ha’m wo’zine ta’n ta’biyg’i’y-ekonomikali’q sha’rt-sharayatlarg’a iyeligi agrar sektordi’ bazar qatnasi’qlari’na wo’tkiziw maqsetinde woni’n’ jag’dayi’ ha’m na’tiyjelerin analiz yetip, wolardi’n’ barli’q bag’darlari’n jetilistiriw ha’m a’melge asi’ri’w tiykari’nda respublikani’n’ sotsialli’q-ekonomikali’q rawajlani’wi’n ta’miyinlew ilajlari’n belgilep beriw yen’ a’hmiyetli wazi’ypalardan biri boli’p yesaplanadi’.

## 3-BAP. Fermer xojali’qlari’ finans xojali’q iskerligin byudjetlestiriw na’tiyjeleri ha’m ekonomikadag’i’ u’lesin ko’beyttiriw jollari’

### 3.1. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda fermer xojali’qlari’ finans xojali’q iskerligin byudjetlestiriwdin’ na’tiyjeleri ha’m mashqalalari’

Qaraqalpaqstan O’zbekistanni’n’ aji’ralmas quramli’q-administrativlik bo’limi boli’p, wol wo’z tariyxi’, ta’biyi’y, ekonomikali’q, sotsialli’q wo’zgesheliklerine iye. Bul wo’zgesheliklerdi itibarg’a alg’an halda Qaraqalpaqstan awi’l xojali’g’i’n byudjetlestiriw ma’mleket basshi’lari’ni’n’ ha’mme waqi’t itibar worayi’nda boli’p kelmekte. Awi’l xojali’g’i’ ka’rxanalari’n ma’mleket qaramag’i’nan shi’g’ari’w ha’m menshiklestiriw na’tiyjesinde respublikadag’i’ ma’mleketlik awi’l xojali’g’i’ ka’rxanalari’- sovxozlar, sharwashi’li’q fermalari’ basqa xojali’q ju’ritiw formalari’na, shirket xojali’qlari’ fermer xojali’qlari’na aylandi’ri’ldi’ Bul respublikani’n’ sotsialli’q rawajlani’wi’na jaqsi’ na’tiyje boli’p yesaplanadi’.

Ko’rilip ati’rg’an da’wirde awi’l xojali’g’i’ jalpi’ wo’nimi ko’beydi. Bul jag’day diyxanshi’li’q ha’m sharwashi’li’q wo’nimlerinin’ ko’beyiwi yesabi’nan payda boldi’. Bul jag’daydi’ to’mendegi 3.1-keste mag’li’wmatlari’nan ko’riw

**3.1-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin islep shi’g’ari’w dinamikasi’, (payi’z yesabi’nda)**

| Wo’nim tu’rleri | Ji’llar | | |
|---|---|---|---|
| | 2012 | 2013 | 2014 |
| Paxta | 100 | 100,1 | 101,6 |
| Da’n | 100 | 113,2 | 119,8 |
| Kartoshka | 100 | 264,3 | 270,4 |
| Pali’z | 100 | 165,3 | 173,5 |
| Miywe | 100 | 56,2 | 74,1 |
| Ju’zim | 100 | 103,4 | 132,6 |
| Su’t | 100 | 100,5 | 103,0 |
| Go’sh | 100 | 106,8 | 110,0 |
| Ma’yek | 100 | 107,1 | 109,3 |
| Ju’n | 100 | 20,5 | 72,5 |

Keste mag'li'wmatlari'nan ko'rinip turg'ani'nday, paxta, da'n, kartoshka, pali'z, miywe, ju'zim, su't, go'sh ha'm ma'yek awi'l xojali'g'i' wo'nimleri boyi'nsha 2012 ji'l da'rejesinen ko'terilgen. Ju'n jetistiriw boyi'nsha ashi'narli' jag'day ju'zege keldi.

2012-2014 ji'llarda Qaraqalpaqstan Respublikasi' awi'l xojali'g'i'ni'n' respublika ekonomikasi'ndag'i' tutqan worni' tu'pten wo'zgerdi ha'm awi'l xojali'g'i'ni'n' qurami' da wo'zgerdi. (3.2-keste)

**3.2-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' awi'l hojali'g'i' rawajlani'wi'ni'n' makroekonomikali'q ko'rsetkishleri, (payi'z yesabi'nda)**

| Ko'rsetkishler | 2012 ji'l | | 2014 ji'l | |
|---|---|---|---|---|
| | Qaraqalpaqstan Respublikasi' | O'zbekistan Respublikasi' | Qaraqalpaq-stan Respublikasi' | O'zbekistan Respubli-kasi' |
| JİO'de awi'l xojali'g'i' jalpi' wo'niminin' u'lesi | 21,2 | 30,1 | 40,1 | 21,7 |
| Diyxanshi'li'qti'n' awi'l xojali'g'i' jalpi' wo'nimindegi u'lesi | 43,8 | 50,2 | 54,6 | 55,1 |
| Sharwashi'li'qti'n' awi'l xojali'g'i' jalpi' wo'nimindegi u'lesi | 56,2 | 49,8 | 65,4 | 44,9 |

Keste mag'li'wmatlari'nan ko'rinip turg'ani'nday:

-awi’l xojali’g’i’ wo’niminin’ respublika jalpi’ ishki wo’nimindegi u’lesi 21,2 payi’zdan 40,1 payi’zg’a ko’terildi. Bul ko’rsetkish O’zbekistan ko’leminde 30,1 payi’zdan 21,7 payi’zg’a qi’sqardi’;

-Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ jalpi’ ishki wo’niminde diyxanshi’li’q wo’niminin’ u’lesi 43,8 payi’zdan 54,6 payi’zg’a ko’terildi, sharwashi’li’q wo’niminin’ u’lesi 56,2 payi’zdan 65,4 payi’zg’a ko’terildi. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda paxta ha’m g’a’lle yeginleri u’lesinin’ keskin asqanli’g’i’ na’tiyjesinde awi’l xojali’g’i’ni’n’ jalpi’ wo’nimindegi u’lesi 2012 ji’ldag’i’ 21,2 payi’zdan 2014 ji’lda 40,1 payi’zg’a shekem wo’sti.

Qaraqalpaqstan Respubikasi’nda fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’wg’a ayri’qsha itibar qarati’lmaqta. (3.3-keste)

**3.3-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’ fermer xojali’qlari’ni’n’ rawajlani’w ko’rsetkishleri**

| Ko’rsetkishler | Ji’llar | | |
|---|---|---|---|
| | 2012 | 2013 | 2014 |
| Xojali’qlar sani’, mi’n’ xojali’q | 3,3 | 3,2 | 3,1 |
| Son’i’n’ ishinde: | | | |
| Diyxanshi’li’qta, mi’n’ xojali’q | 2,8 | 2,7 | 2,6 |
| Sharwashi’li’qta, mi’n’ xojali’q | 0,5 | 0,5 | 0,5 |
| Ja’mi jer maydani’, mi’n’ ga | 464,0 | 536,2 | 567,6 |
| Soni’n’ ishinde: | | | |
| Suwg’ari’latug’i’n jerler, mi’n’ ga | 304,8 | 304,8 | 311,4 |
| Bir fermer xojali’g’i’na tuwri’ keletug’i’n jer maydani’, ga | 140,6 | 167,5 | 183,1 |
| Soni’n’ ishinde: | | | |
| suwg’ari’latug’i’n jerler, ga | 92,4 | 95,2 | 100,5 |
| Fermer xojali’qlari’nda ba’nt xi’zmetkerler sani’, mi’n’ adam | 64,1 | 80,0 | 85,3 |
| Bir fermer xojali’g’i’nda ba’nt xi’zmetkerler sani’, adam | 19,4 | 25,0 | 27,5 |

Kesteden ko’rinip turg’ani’nday, 2012-2014 ji’llarda fermer xojali’qlari’ni’n’ sani’ 3,3 mi’n’nan 3,1 mi’n’g’a kemeydi. Fermer xojali’qlari’ sani’ni’n’ tiykarg’i’ bo’limi diyxanshi’li’q tarmaqlari’ u’lesine tuwri’ keledi.

Usi’ da’wirde wolarg’a aji’rati’lg’an uluwma jer maydanlari’ 464,0 mi’n’ gektardan 567,6 mi’n’ gektarg’a, soni’n’ ishinde suwg’ari’latug’i’n jerler 304,8 mi’n’ gektardan 311,4 mi’n’ gektarg’a ko’beydi. Fermer xojali’qlari’nda ba’nt xi’zmetkerler sani’ 64,1 mi’n’ adamnan 85,3 mi’n’ adamg’a jetti ha’m bir fermer xojali’g’i’na tuwri’ keletug’i’n xi’zmetkerler sani’ 19,4 adamnan 27,5 adamg’a ko’beydi. Demek, fermer xojali’qlari’ irilendirilmekte ha’m bul, bizin’ pikirimizshe, tuwri’ ha’m ni’zamli’ process, sebebi a’meliyat ha’m wo’mirdin’ wo’zi soni’ talap qi’lmaqta.

Fermer xojali’qlari’nda awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerinin’ wo’siwi wolarg’a aji’rati’lg’an jer ushastkalari’ni’n’ ken’eyiwi, ba’lkim wolarda islep ati’rg’an xi’zmetkerler materialli’q qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ni’n’ joqari’ da’rejede ta’miynlengenligine baylani’sli’ (3.4-keste).

**3.4-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’ fermer xojali’qlari’nda jetistirilgen o’nimler mig’dari’ni’n’ o’siwi (2012-2014 j.j), tonna**

| Wo’nim tu’rleri | 2012j | 2013j | 2014j |
|---|---|---|---|
| **Diyxanshi’li’qta:** | | | |
| Paxta | 208264 | 209564 | 211668 |
| Da’n, ha’mmesi | 150538 | 170432 | 180383 |
| **Sharwashi’li’qta:** | | | |
| Go’sh | 1548 | 1654 | 1703 |
| Su’t | 9939 | 9987 | 10236 |
| Ma’yek, mi’n’ dana. | 10497 | 11245 | 11478 |

Keste mag’li’wmatlari’ fermer xojali’qlari’nda islep shi’g’i’lg’an wo’nimler ko’leminin’ ji’ldan ji’lg’a ko’beyip barg’anli’g’i’ ha’m bul tendenciya ha’m diyxanshi’li’q, ha’m sharwashi’li’q tarmaqlari’nan da’lalat beredi. Fermer xojali’qlari’ qurami’nda sharwashi’li’q tarmag’i’ndag’i’ xojali’qlar sani’ni’n’ kem

boli'wi'na qaramastan wolarda sharwa mallari' bas sani'n ko'beytiw boyi'nsha ali'p bari'li'p ati'rg'an jumi'slar u'lken a'hmiyetke iye.

**3.5-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' fermer xojali'qlari'nda sharwa mallari' bas sani'ni'n' wo'zgeriw dinamikasi' (2012-2014 j.j), mi'n' bas**

| Ko'rsetkishler | 2012j. | 2013j. | 2014j |
|---|---|---|---|
| Ja'mi qara mallar | 33297 | 35142 | 35166 |
| Soni'n' ishinde si'yi'rlar | 12337 | 13121 | 13588 |
| Qoy ha'm eshkiler | 31287 | 32968 | 35236 |
| Atlar | 1789 | 1816 | 1886 |

Kestedan ko'rinip turg'ani'nday, respublika fermer xojali'qlari'nda 2012-2014 ji'llarda qara mallar bas sani' 105,6 payi'zg'a, qoy ha'm yeshkiler sani' 112,6 payi'zg'a, atlar sani' 105,4 payi'zg'a ko'beygen. Lekin, analizlerimizdin' ko'rsetiwinshe, fermer xojali'qlari' bir tegis rawajlanbay ati'r. Sebebi xi'zmet ju'ritip ati'rg'an fermer xojali'qlari'ni'n' bir topari' si'ni'p, basqa bir topari' jan'adan sho'lkemlestirilmekte ha'm bul process bazar ekonomikasi' sharayati'nda ni'zamli' jag'day boli'p yesaplanadi'.

Fermer xojali'qlari'n sho'lkemlestiriw quramali' process boli'p, wolardan bir bo'limi wo'z xi'zmetin toqtati'wi' - bul ta'biyg'i'y ha'dise. Sebebi fermer xojali'qlari'ni'n' xi'zmetine ta'sir ko'rsetiwshi faktorlar ko'p boli'p, wolar to'mendegilerden ibarat:

- fermer xojali'qlari' tiyisli ni'zamshi'li'q hu'jjetlerinde belgilengen g'a'rezsiz ha'm yerkin xi'zmet ju'ritiw huqi'qlari'nan toli'q paydalana almay ati'r, sebebi ko'plegen sho'lkem ha'm jergilikli organlar basshi'lari' wolardi'n' byudjetlestiriw ha'm ishki finansli'q jag'dayi'na aralasi'p, normal xi'zmet ali'p bari'wi'na tosqi'nli'q bermekte;

- fermer xojali'qlari'na aji'rati'latug'i'n jerler jaqsi' meliorativ jag'dayda boli'wi' lazi'm ha'm bul jerler 50 ji'ldan kem bolmag'an mu'ddetke ijarag'a beriliwi kerek. Lekin a'melde bolsa fermerlerge meliorativ jag'dayi' jaman jerler

qi’sqa mu’ddetke ijarag’a berilgen;

- qabi’l qi’li’ng’an normativ hu’jjetlerde fermer xojali’qlari’nda du’ziletug’i’n sha’rtnamalar, sonday-aq lizing tiykari’nda kerekli resurslar ha’m qolay sha’rt-sharayatlar menen ta’miyinleniwi lazi’m. Ameliyatta fermer xojali’qlari’ni’n’ bul mu’ta’jlikleri de wo’z waqti’nda toli’q qandi’ri’lmay ati’r;

- fermer xojali’qlari’ imtiyazli’ kreditler ha’m basqa finansli’q resurslar menen ta’miyinleniwi ha’m islep shi’g’arg’an wo’nimin sati’wdan keletug’i’n qarji’ni’ belgilengen mu’ddetlerde wo’z yesap-betlerine tu’siriwleri lazi’m. Lekin, ha’zirgi ku’nde bul bari’si’nda da fermer xojali’qlari’ni’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’ shegaralanbaqta.

Usi’ ha’m basqa da mashqalalardi’n’ shesheliwi fermer xojali’qlari’ni’n’ ja’nede rawajlani’wi’ ha’m wolar xi’zmetinin’ na’tiyjeliligin asi’ri’wg’a jaqsi’ ta’sir ko’rsetedi.

Juwmaqlap aytqanda respublika fermer xojali’qlari’ni’n’ finans xojali’q iskerligin byudjetlestiriwdi ja’nede jedellestiriw ushi’n a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an ekonomikali’q bag’darlardi’ tuwri’ tan’law ha’m wolardi’ bazar qatnasi’qlari’ talaplari’ do’gereginde jetilistirip bari’w aktual wazi’ypalardan biri boli’p qaladi’.

## 3.2. Fermer xojali’qlari’n byudjetlestiriwdin’ abzalli’qlari’ ha’m wolardi’n’ ekonomikadag’i’ u’lesin ko’beyttiriw jollari’

Fermer xojali’qlari’ni’n’ bazar qatnasi’qlari’ sharayati’ndag’i’ ro’li ha’m joqari’ na’tiyjeliligi ko’plegen si’rt yel ma’mleketlerinin’ ta’jiriybesinde tasti’yi’qlang’an. Respublikami’zda da’slepki fermer xojali’qlari’ni’n’ qa’liplesiwi jer ha’m suw reformalari’n wo’tkiziw menen baylani’sli’ boli’p ha’m wolar agrar sektordi’n’ rawajlani’wi’na, jer resurslari’nan paydalani’w ta’rtibine, awi’l xalqi’ni’n’ sotsialli’q qatlamlani’wi’na u’lken ta’sir ko’rsetti. Wolardi’ sho’lkemlestiriw tikkeley awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin islep shi’g’ari’wshi’larg’a jer aji’rati’p beriw joli’ menen a’melge asi’ri’ldi’.

Sol sebeplerge baylani’sli’ ha’zirgi waqi’tta bazar qatnasi’qlari’ qa’liplestirilip, fermer xojali’qlari’n sho’lkemlestiriw ku’n ta’rtibine qoyi’ldi’ ha’m

a’melge asi’ri’lmaqta. Bul za’ru’riyat birinshi na’wbette wolardi’n’ to’mendegi abzalli’qlarg’a iye yekenligi menen tikkeley baylani’sli’:

-awi’lda bazar qatnasi’qlari’ talaplari’na sa’ykes keletug’i’n menshik mu’lkshilik formalari’ rawajlanadi’;

-haqi’yqi’y mu’lkshilik klasi’ni’n’ qarar tabi’wi’ ha’m rawajlani’wi’ na’tiyjesinde agrar resurslardan na’tiyjeli paydalani’w imka’niyatlari’ izlep tabi’ladi’;

-islep shi’g’ari’lg’an wo’nim mug’dari’n ko’beytiw ha’m sapasi’n jaqsi’law ha’mde da’ramatti’ asi’ri’wg’a bolg’an qi’zi’g’i’w artadi’;

-islep shi’g’ari’wdi’ sho’lkemlestiriw ha’m ali’ng’an da’ramatti’ bo’listiriwde g’a’rezsizlik, yerkinlik principlerinen paydalani’w imka’niyatlari’ jarati’ladi’;

-g’a’rezsiz isbilermenlik subiektleri si’pati’nda fermer xojali’qlari’ni’n’ basqa sho’lkem ha’m ka’rxanalar menen payda bolatug’i’n sha’rtnamali’q qatnasi’qlari’ bazar ekonomikasi’ talaplari’na sa’ykes sho’lkemlestiriledi, rawajlanadi’.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ fermer xojali’qlari’ haqqi’ndag’i’ birinshi ni’zami’ «Diyxan (fermer) xojali’qlari’ haqqi’nda» 1992 ji’li’ qabi’l qi’li’ndi’. Bul ni’zamda «Diyxan xojali’g’i’ g’a’rezsiz islep shi’g’ari’w birligi boli’p, wol basqa ka’rxanalar ha’m sho’lkemler menen bir qi’yli’ huqi’qqa iye» dep tasti’yi’qlang’an.

Fermer xojali’qlari’ bazar qatnasi’qlari’ni’n’ qa’liplesiwi menen baylani’sli’ boli’p, ko’p ukladli’ bazar ekonomikasi’ni’n’ wo’z aldi’na sotsialli’q-ekonomikali’q ukladi’n sho’lkemlestiredi. Fermer xojali’qlari’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lardi’n’ islep shi’g’ari’w qurallari’na, mu’lkke, jer resurslari’na iyelik yetiwin rawajlandi’ri’wda ayri’qsha basqi’shti’ bayanlaydi’. Wolar awi’l xojali’g’i’ miynetkeshlerinde qala xalqi’na isbilermenlik penen shug’i’llani’w imka’niyati’n jaratti’. Fermer xojali’qlari’ xali’qti’n’ awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerine bolg’an talabi’n qandi’ri’p qoymastan, tovar islep shi’g’ari’w qatnasi’qlari’nda qatnasi’w, islep shi’g’ari’lg’an wo’nimlerdi bazarda sati’w imka’niyatlari’n beredi. Fermer xojali’qlari’nda materialli’q xoshametlew principlerinin’ a’melge

asi’ri’li’wi’ na’tiyjesinde wolarda miynet wo’nimdarli’g’i’ ha’m islep shi’g’ari’w na’tiyjeliligi joqari’ boli’p, agrar sektordi’n’ rawajlani’wi’n ta’miyinlewde u’lken a’hmiyetke iye.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda bul bari’si’nda kerekli ilajlar a’melge asi’ri’ldi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ fermer xojali’qlari’ni’n’ qa’liplesiwi processinde wolardi’n’ xi’zmetine baylani’sli’ mashqalalar dodalani’p sheshildi. Bul mashqalalar to’mendegilerden ibarat:

-fermer xojali’qlari’na texnika, to’gin, kredit ha’m basqa xi’zmetler menen ta’miynlewshi, wo’nimlerdi sati’p ali’wshi’ sho’lkemler menen sha’rtnamalar du’ziw tiykari’nda xi’zmet ju’ritiw;

-fermer birlespeleri ta’repinen fermer xojali’qlari’n materialli’q resurslar menen ta’miynlewde ja’rdem beriw;

-aldi’nnan islep turg’an texnikalardi’n’ yesabi’ ali’ni’p, bar texnikalardan paydalang’anli’g’i’ ushi’n fermer xojali’qlari’ shek sistemasi’nda yesaplasi’w;

-fermer xojali’qlari’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti kem qa’rejet jumsap, ko’birek wo’nim islep shi’g’ari’wdan ibarat bolar yeken, fermer xojali’qlari’na ha’r qi’yli’ xi’zmetler ko’rsetiwshi ka’rxanalar kerek yedi. Soni’n’ ushi’n fermer xojali’qlari’ menen bir qatarda agroximiya ha’m ta’miynlew shirketleri du’zildi. Bul shirketlerdin’ wazi’ypasi’na mineral to’gin ha’m ximiyali’q qurallar menen ta’miynlew sha’rtnama tiykari’nda a’melge asi’ri’ldi’.

Fermer xojali’qlari’na finansli’q ja’rdem ko’rsetiwde wolardi’n’ texnika qurallari’na bolg’an talabi’n lizing arqali’ qanaatlandi’ri’w ha’m bunda ma’mleket byudjeti yesabi’nan finanslasti’ri’p, respublikami’zda islep shi’g’ari’lg’an, sapali’ texnika qurallari’n lizing tiykari’nda fermer xojali’qlari’na «O’zawi’lxojali’qmashlizing» lizing kompaniyasi’ni’n’ agrosanaat kompleksi sistemasi’na kiretug’i’n tayarlaw, qayta islew, sanaat wo’nimlerin islep shi’g’ari’w ha’m kommerciyali’q bankler, si’rt yel ma’mleketlerinin’ finansli’q institutlari’ yamasa sanaat wo’nimlerin islep shi’g’ari’wshi’ ka’rxanalari’ qatnasi’wi’nda qosi’msha qa’rxanalar si’pati’nda lizing kompaniyalari’n qa’liplestiriw ha’m

wolardi’ ma’mleket ta’repinen ekonomikali’q xoshametlew maqsetke muwapi’q.

O’zbekistan Respublikasi’nda finansli’q qurallardan biri boli’p yesaplang’an lizing xi’zmeti tu’ri klientler ha’m kommerciyali’q bankler ushi’n maqul bolg’anli’g’i’ sebepli rawajlanbaqta. Na’tiyjede, wo’z waqti’nda,bunday operaciyalardi’ yesapqa ali’w, wolar boyi’nsha kommerciyali’q banklerde a’melge asi’ri’latug’i’n lizing operaciyalari’ ha’m wolardi’n’ yesabi’n ja’nede jetilistirip bari’w za’ru’rligi payda boldi’.

Bunday jumi’slardi’ a’melge asi’ri’w kommerciyali’q banklerdin’ ishki faktorlari’ ta’sirine baylani’sli’ bolsa, ayi’ri’m jag’daylarda wolardi’ rawajlandi’ri’w ha’m jetilistiriw si’rtqi’ faktorlar pul-kredit siyasati’na baylani’sli’. Lizing operaciyalari’n rawajlandi’ri’wdan ma’mleket ta’repinen beriletug’i’n jen’illiklerdin’ kommerciyali’q bankler ta’repinen toli’q ha’m tuwri’ qollani’li’wi’ kommerciyali’q bankler lizing operaciyalari’ni’n’ ko’lemine, ba’lkim wolardi’n’ yesabi’ ha’m basqari’wi’n sho’lkemlestiriwge de tikkeley ta’sir qi’ladi’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’wda Ja’ha’n tikleniw ha’m rawajlani’w banki menen g’amqorli’qta jumi’slar ali’p bardi’.

Bul banktin’ tapsi’rmalari’ boyi’nsha respublikada to’mendegi jumi’slar a’melge asi’ri’ldi’:

1. awi’l xojali’g’i’ rawajlani’w da’rejesinin’ ha’zirgi jag’dayi’ haqqi’nda tiyisli mag’li’wmatlardi’ ji’yi’w;
2. irrigaciya-melioraciya quri’lmalari’n jetilistiriw ushi’n za’ru’r investiciyalardi’ yesaplap shi’g’i’w;
3. suwdan paydalani’wshi’lar topari’n du’ziw maqsetinde tiyisli usi’ni’slardi’ islep shi’g’i’w;
4. xojali’qlar qurami’ndag’i’ irrigaciya-melioraciya quri’lmalari’n tiklewge kerek bolg’an qa’rejetler summasi’n ani’qlaw.

Fermer xojali’qlari’ rawajlani’wi’ni’n’ jan’a basqi’shi’ O’zbekistan

Respublikasi’ Prezidenti İ.A. Karimovtin’ 2003 ji’l 27 oktyabrde qabi’l qi’lg’an «2004-2006 ji’llarda fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’w koncepciyasi’ haqqi’nda»g’i’ Pa’rmani’ ha’m O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 2003 ji’l 30 oktyabrde qabi’l qi’lg’an «2004-2006 ji’llarda fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’w koncepciyasi’n a’melge asi’ri’w ilajlari’ haqqi’nda»g’i’ qarari’ menen baylani’sli’.

Bul Pa’rman ha’m qarar boyi’nsha 2004-2006 ji’llarda O’zbekistanda to’men rentabelli xojali’qlardan 1020 si’ fermer xojali’qlari’na aylandi’ri’ldi’. Bul sho’lkemlestirilgen fermer xojali’qlari’na xi’zmet ko’rsetiw ushi’n jan’adan 654 mashina-traktor parkleri, 925 suwdan paydalani’wshi’lar birlespeleri, 829 jani’lg’i’, 248 mineral to’ginler menen ta’miynlewshi punktler, 701 mini-bankler, 249 awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin sati’p ali’wshi’ sho’lkemler, 300 veterinariya organlari’ sho’lkemlestirildi.

Bul ilajlardi’n’ a’melge asi’ri’li’wi’ respublikada ma’mleket ta’repinen fermer xojali’qlari’na finansli’q ja’rdem ko’rsetiwdi qollap-quwatlawdi’ ja’nede ku’sheyttirdi ha’m soni’n’ menen birge fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’w mashqalalari’n quramalasti’rdi’, sebebi bul ilajlar qi’sqa waqi’tta u’sh ji’l ishinde a’melge asi’ri’ldi’. Koncepciyada ko’terilgen mashqalalardi’ sheshiw a’lbette Qaraqalpaqstan Respublikasi’na da tiyisli boldi’. Ko’rinip turg’ani’nday, fermer xojali’qlari’ni’n’ sho’lkemlestiriliwi, qa’liplesiwi respublikada wo’zin aqladi’, lekin bul bari’si’nda da qoyi’latug’i’n ha’m sheshiletug’i’n mashqalalar az yemes ha’m aldag’i’ waqi’tta wolardi’ jetilistiriw itibarg’a ali’ni’wi’ lazi’m.

Ha’zirgi da’wirde fermer xojali’qlari’ni’n’ ma’mleket ekonomikasi’ndag’i’ u’lesin ko’beyttiriw ha’m worni’n bekkemlewge tosqi’nli’q qi’li’p ati’rg’an ayi’ri’m faktorlardi’ itibarg’a ali’w wori’nli’ dep yesaplaymi’z.

Birinshiden, fermer xojali’qlari’ wo’lshemlerinin’ kishiligi, suw resurslari’ ha’m texnika qurallari’nan na’tiyjeli paydalani’w imka’niyatlari’n ma’lim da’rejede sheklewge ali’p keledi.

Ekinshiden, fermer xojali’qlari’ni’n’ basshi’lari’n haquqi’y bazar usi’llari’

ha’m mexanizmleri tiykari’nda jumi’s ju’ritiwlerin a’melge asi’ri’w maqsetinde qayta tayarlaw, woqi’ti’w ha’m qa’niygeligin jetilistiriw processi quramali’ boli’p, bul ilajlardi’ a’melge asi’ri’w uzaq da’wirdi talap yetedi.

U’shinshiden, zi’yan menen islep ati’rg’an fermer xojali’qlari’ni’n’ si’ni’wi’ ha’m basqadan sho’lkemlestiriliwi (wolardi’n’ ko’lemin u’lkeytiw, basqa fermer xojali’qlari’na birlestiriw, qosi’p jiberiw ha’m t.b.) region mentaliteti sharayati’nda sho’lkemlestiriw, ekonomikali’q ha’m sotsialli’q jaqtan ta’jiriybelilik penen a’melge asi’ri’wdi’ talap qi’latug’i’n mashqalalardan biri boli’p yesaplanadi’.

Juwmaqlap aytqanda, joqari’dag’i’ abzalli’q ha’m mashqalalardi’n’ itibarg’a ali’ni’wi’ tiykari’nda fermer xojali’qlari’n sani’ ha’m sapasi’ jag’i’nan tuwri’ rawajlandi’ri’w wolardi’n’ ekonomikadag’i’ u’lesin ko’beyttirip bari’w ha’m na’tiyjede awi’l xalqi’ni’n’ turmi’s da’rejesin jaqsi’lawg’a ken’ imka’niyatlar jaratadi’.

# J U W M A Q L A W

Fermer xojali’qlari’ finans xojali’q iskerligin byudjetlestiriw boyi’nsha ali’p bari’lg’an magistrlik dissertaciya jumi’si’nda to’mendegi ilimiy juwmaqlar ali’ndi’ ha’m a’meliy usi’ni’slar islep shi’g’i’ldi’:

1. Ekonomikani’n’ agrar sektori’n modernizatciyalaw sharayati’nda fermerlik ha’reketi awi’l xojali’g’i’ wo’ndirisin sho’lkemlestiriw ha’m basqari’wdi’n’ jan’a usi’llari’n izlep kelmekte.

Fermer xojali’qlari’nda basqari’w yesabi’ sistemasi’n rawajlandi’ri’w ha’m juwapkerlik woraylari’n ani’qlawda to’mendegi mashqalalar barli’g’i’ ju’zege keldi.

-byudjetlestiriw kontsepciyasi’ tiykari’nda ag’i’mdag’i’ byudjetler strategiyali’q byudjetler menen sa’ykeslestirilmey ati’r;

-ag’i’mdag’i’ byudjetler fermer xojali’qlari’ni’n’ tu’rli bag’darlari’ boyi’nsha muwapi’qlasti’ri’lmay ati’r;

-fermerlerdi optimal mu’ddetler ishinde informaciyalar menen ta’miyinlew sistemasi’ engizilmey ati’r;

-finansli’q byudjetlerdi wori’nlaw u’stinen qadag’alaw sistemasi’ sho’lkemlestirilmey ati’r.

Bul mashqalalardi’ sheshiw byudjetlestiriwdi basqari’wdi’n’ o’z-aldi’na qurali’ boli’p, qabi’l qi’li’ng’an byudjetlerdin’ wori’nlani’wi’ u’stinen qadag’alaw ju’ritiw, haqi’qi’y ko’rsetkishlerdin’ byudjet ko’rsetkishlerinen shetleniwlerdi yesapqa ali’w ha’m a’hmiyetli shetleniwlerdi analiz qi’li’w sistemasi’ si’pati’nda ta’riplew u’lken a’hmiyetke iye.

2. Fermer xojali’qlari’nda byudjetlestiriw processi ha’zirshe sho’lkemlestiriw-metodikali’q jaqtan ta’miyinlengenligi joq. Pikirimizshe, bunda to’mendegi tiykarg’i’ basqi’shlardi’ a’melge asi’ri’w za’ru’r.

Birinshiden fermerdin’ strategiyali’q maqsetlerinen kelip shi’g’i’p qi’sqa mu’ddetli maqsetler islep shi’g’i’w.

Ekinshiden fermer xojali’qlari’ni’n’ operacion byudjetlerin tayarlaw.

U’shinshiden tayarlang’an byudjetler fermer ta’repinen analiz qi’li’ng’annan keyin tiyisli du’zetiwler kiritiw.

To’rtinshiden wo’z-aldi’na byudjetlerdi uluwma byudjetke birlestiriw lazi’m.

3. Fermer xojali’qlari’n byudjetlestiriwdi rawajlandi’ri’wdi’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri ha’m bag’darlari’ bar boli’p, wolar to’mendegilerden ibarat:

-jerdi ma’mleket mu’lki ha’m uli’wma bayli’q si’pati’nda saqlap qali’w, jer qatnasi’qlari’ni’n’ huqi’yqi’y sistemasi’n bekkemlew respublikami’zdi’n’ bazar ekonomikasi’na wo’tiw da’wiri talaplari’na sa’ykes keledi dep yesaplaymi’z;

-respublikami’z territoriya ha’m regionlari’ni’n’ ha’r birine sa’ykes sharayatlari’n yesapqa alg’an halda fermer xojali’qlari’ni’n’ jan’a xojali’q ju’ritiw formalari’ni’n’ xi’zmetin monitoring qi’li’w tiykari’nda wolardi’ ja’nede jetilistiriw ilajlari’n a’melge asi’ri’w;

-fermer xojali’qlari’ menen basqa ka’rxanalar, sho’lkemler wortasi’ndag’i’ ekonomikali’q qatnasi’qlardi’ administrativlik basqari’w usi’llari’nan basqi’shpa-basqi’sh bazar ekonomikasi’ principlerine wo’tkiziw.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ agrar sektori’ ma’mleket regionlari’nan wo’zine ta’n basqa wo’zgesheliklerge iye, wolar da fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’w processi ha’m bag’darlari’n a’melge asi’ri’wda keri ta’sir ko’rsetedi. Bul wo’zgeshelikler, bizin’ pikirimizshe, to’mendegilerden ibarat:

-O’zbekistan Respublikasi’ndag’i’ wortasha ta’biyg’i’y sharayatlarg’a sali’sti’rg’anda Qaraqalpaqstan awi’l xojali’g’i’ni’n’ quramali’ ha’m wo’zgeriwshen’ ekologiyali’q awi’r jag’daylari’n itibarg’a alg’an halda ju’ritiw talap etiledi.

-Aral ten’izinin’ quri’wi’ ta’sirinde woni’n’ ko’lemi 2 ma’rte, maydani’ 3 ma’rte kemeydi. Ten’iz a’tirapi’nda 2,5 mln. gektar shorlang’an jerler payda boldi’. Qa’niygelerdin’ yesap-kitaplari’na qarag’anda wonnan boran ha’m samallar arqali’ ha’r ji’li’ hawag’a 100 mln. tonna duz massasi’ ko’terilip, bir neshe km arali’qtag’i’ wo’nimdarli’ jerlerdin’ meliorativ jag’daylari’ni’n’ jamanlasi’wi’na ali’p kelmeqte. Bul bolsa ekologiyali’q worayda jaylasqan Qaraqalpaqstan awi’l

xojali’g’i’ islep shi’g’ari’w na’tiyjeliligine keskin keri ta’sir ko’rsetpekte.

-Qaraqalpaqstanda diyxanshi’li’q yeginlerinin’ vegetatsiya da’wiri respublikani’n’ basqa regionlari’na sali’sti’rg’anda bir ay kem boli’p, bul jag’day awi’l xojali’g’i’ wo’nimleri wo’nimdarli’g’i’ ha’m si’pati’ni’n’ to’men boli’wi’na ali’p keletug’i’n sebeplerden biri boli’p yesaplanadi’.

-Qaraqalpaqstanda hawa rayi’ keskin wo’zgeriwshen’ (kontinental) boli’p, jaz aylari’nda i’ssi’li’q 45 gradusqa shekem ko’teriledi, qi’s aylari’nda suwi’qli’q 25-30 gradusqa shekem to’menleydi. Bul da awi’l xojali’g’i’n sho’lkemlestiriwge, awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin jetistiriwge keri ta’sir ko’rsetedi.

-Qaraqalpaqstan Respublikasi’ A’muda’ryani’n’ to’mengi ag’i’mi’nda jaylasqan. Respublika territoriyasi’nda suwlardi’ ji’yi’p, kerekli waqi’tta paydalani’latug’i’n irrigatsiya suw qorlari’ joq. A’muda’rya suwlari’nan Worayli’q Aziyadag’i’ bir qansha ma’mleketler paydalanadi’. Demek, A’muda’rya suwlari’ni’n’ yen’ aqi’rg’i’ bo’legi Qaraqalpaqstang’a jetip keledi. Sol sebepli respublika suw qi’tshi’li’g’i’nda suw resurslari’ menen toli’q ta’miynlenbeydi ha’m bul jag’day awi’l xojali’g’i’n rawajlandi’ri’wg’a keri ta’sir ko’rsetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ awi’l xojali’g’i’ni’n’ xali’q xojali’g’i’nda salmaqli’ worni’ ha’m wo’zine ta’n ta’biyg’i’y-ekonomikali’q sha’rt-sharayatlarg’a iyeligi agrar sektordi’ bazar qatnasi’qlari’na wo’tkiziw maqsetinde woni’n’ jag’dayi’ ha’m na’tiyjelerin analiz yetip, wolardi’n’ barli’q bag’darlari’n byudjetlestiriw ha’m a’melge asi’ri’w tiykari’nda respublikani’n’ socialli’q-ekonomikali’q rawajlani’wi’n ta’miyinlew ilajlari’n belgilep beriw yen’ a’hmiyetli wazi’ypalardan biri boli’p yesaplanadi’.

4. Si’rt yeller ta’jiriybesinen kelip shi’qqan halda, ma’mleket ta’repinen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ fermer xojali’qlari’n finansli’q qollap-quwatlap byudjetlestiriw maqsetinde:

- suwg’ari’latug’i’n jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n yesapqa ali’p, irrigaciya ha’m melioraciya sistemalari’n qaytadan tiklew ha’mde rekonstrukciya qi’li’w ushi’n ma’mleket qarji’lari’ ko’lemin ko’beyttiriw;

- fermer xojali’qlari’na sali’natug’i’n sali’qti’ pa’seytiriw, woni’ to’lew mu’ddetlerin fermer xojali’qlari’ xi’zmetinin’ finansli’q na’tiyjelerinin’ qa’liplesiw waqti’ menen muwapi’qlasti’ri’w.

5. Fermer xojali’qlari’n byudjetlestiriwdin’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n ku’sheyttiriw maqsetinde:

- fermer xojali’qlari’na kommerciyali’q bankler ta’repinen beriletug’i’n kreditler ko’lemin ko’beytiw, stavkalari’n kemeytiw, uzaq mu’ddetli kreditlerdi ko’beytiw menen birge, ma’mleketlik yemes sho’lkemler qarji’lari’nan ken’ paydalani’w;

- fermer xojali’qlari’ni’n’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n ja’nede rawajlandi’ri’w maqsetinde lizing mexanizminen na’tiyjeli paydalani’w.

6. Fermer xojali’qlari’ni’n’ ekonomikali’q qatnasi’qlari’n bekkemlew maqsetinde ka’rxana ha’m sho’lkemler menen baylani’slar tuwri’ du’zilgen sha’rtnamalarg’a tiykarlang’an boli’wi’, wolarda ha’mme sha’rtnama qatnasi’wshi’lari’ni’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’ bir qi’yli’ da’rejede itibarg’a ali’ni’wi’, ma’mleketlik ha’m jergilikli basqari’w worganlari’ ta’repinen fermer xojali’qlari’ xi’zmetine tiykarsi’z aralasi’wi’n joq qi’li’w ha’m servis xi’zmetlerin ko’rsetiw bag’darlari’nda qayta ko’rip shi’g’i’w maqsetke muwapi’q.

# PAYDALANILFAN A’DEBİYATLAR DİZİMİ

## 1. Normativ-h’uqıyqıy h’u’jjetler

### 1.1. O’zbekistan Respublikası Nızamları

1.1.1. O’zbekiston Respublikasining Konstituciyasi. –T.: - «O’zbekiston», 2005y.

1.1.2. O’zbekiston Respublikasining «Fermer xo’jaligi to’g’risida»gi Qonuni. O’zbekiston qishloq xo’jaligida isloh’otlarni chuqurlashtirishga oid qonun, h’ukumat qarorlari va meyoriy h’ujjatlar to’plami. Toshkent- O’qituvchi. 1998.

1.1.3. O’zbekiston Respublikasi «Buxgalteriya h’isobi to’g’risida» gi Qonuni Toshkent, 1996 y. 30 avgust.

### 1.2. O’zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ qararları.

1.2.1. O’zbekiston Respublikasining «Fermer xo’jaligi to’g’risida»gi Qonuni. O’zbekiston qishloq xo’jaligida isloh’otlarni chuqurlashtirishga oid qonun, h’ukumat qarorlari va meyoriy h’ujjatlar to’plami. Toshkent- O’qituvchi. 1998.

1.2.2. 2004-2006 yillarda fermer xo’jaliklarni rivojlantirish kontsepciyasi to’g’risidagi PF-3342-sonli Farmoni. Toshkent- O’zbekiston. 2003 y. 27-oktyabr.

1.2.3. Soliqqa oid qonun xujjatlaridagi yangiliklar. 2012 yil. – Toshkent: «NORMA», 2012. -512 b. («Norma maslah’atchi» gazetasi kutubxonasi, 1-chiqarilish). 116 b.

1.2.4. “Mah’sulot (ish, xizmat) ishlab chiqarish va sotishga doir xarajatlar tarkibi va moliyaviy natijalarni shakllantirish tartibi to’g’risida Nizom” O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mah’kamasining 05.02.1999 yil №54 Qarori bilan tasdiqlangan

1.2.5. Qishloq xo’jaligida h’isob-kitob tizimini tubdan takomillashtirish chora-tadbirlari to’g’risida, 1997.

1.2.6. 2004-2006 yillarda fermer xo’jaliklarni rivojlantirish kontsepciyasi

to’g’risidagi PF-3342-sonli Farmoni. Toshkent- O’zbekiston. 2003 y. 27-oktyabr.

1.2.7. «2003-2007 yillar davrida Qoraqalpog’iston Respublikasida qishloq xo’jaligi ishlab chiqarishi barqaror rivojlantirilishini taminlashga doir qo’shimcha chora-tadbirlar to’g’risida»gi 276 sonli qarori, 2002 y. 1-avgust.

## 2. Prezident miynetleri

2.1.1. Karimov İ.A. Vatan sajdagoh’ kabi muqaddasdir. Tom 3. Toshkent- O’zbekiston, 1996. -177 b.

2.1.2. Karimov İ.A. O’zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. Tom 1. Toshkent- O’zbekiston, 1996. -289-290, 340-341 b.

2.1.3. Karimov İ.A. Yangicha fikrlash va ishlash davr talabi. Tom 5. Toshkent- O’zbekiston, 1997 -325 b.

2.1.4. Karimov İ.A. O’zbekiston XXI asr bo’sag’asida: xafvsizlikka taxdid, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari. Toshkent- O’zbekiston, 1997. -202 b.

2.1.5. Karimov İ.A. Xavfsizlik va barqaror tarraqiyot yo’lida Tom 6. -Toshkent- O’zbekiston, 1998. -424, 425, 426, 427 b.

2.1.6. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan va Farovon xayot-provard maqsadimiz Tom 8. Toshkent- Wzbekiston, 2000. -43,104-105 b.

2.1.7. Karimov İ.A. Jah’on moliyaviy - iqtisodiy inqirozi, O’zbekiston sharoitida uni bartaraf etishning yo’llari va choralari//-T.:O’zbekiston ,2009.-23b.

## 3. Kitap h’a’m maqalalar toplami

### 3.1. Bir tomlıq kitaplar, monografiyalar, oqıwlıqlar, maqalalar toplamı:

3.1.1. Akramov E.A. Ekonomicheskie reformı Respubliki Uzbekistan. // Reforma. Kirgizskaya Respublika. - Bishkek.: 2001. № 3.-s.80-82

3.1.2. Ubaydullaev X. Rezervı povısheniya effektivnosti ispolzovaniya resursov agrarnogo sektora v usloviyax rınochnıx otnosheniy v Respublike Karakalpakstan. - Nukus.: Bilim 2002. –s.68

3.1.3. Popov V.M.i dr. Biznes firmı i byudjetirovanie potoka denejnıx

sredstv.- M.: Finansı i statistika, 2003 114s.

3.1.3. Yusupboev K., Yusupboev G. Orol vodiy agrar zonasi muammolarini qanday qilib bartaraf qilish mumkin.// O'zbekiston iqtisodiy axborotnomasi. Toshkent- 2002. № 9.

3.1.4. Abilqosimov X., Allayarov Sh., İsamitdinov G. Fermer xo'jaliklari istiqbollarini belgilash qay tartibda amalga oshiriladi.// O'zbekiston iqtisodiy axborotnomasi. Toshkent- 2000. № 11-12.

3.1.5. Dusmuratov R.D., Mamadiyarov D.U. Qishloq xo'jaligida boshqaruv h'isobi: uslubiyot va amaliyot.T.: "Moliya" nashriyoti, 2008 y.-148b.

3.1.6. Pardaev A.X., Pardaev B.X. Boshqaruv h'isobi./-T.: G'ofur G'ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2008.104b.

3.1.7. Xasanov B.A. Xashimov A.A. Boshqaruv h'isobi : oliy o'quv yurtlari uchun darslik. TDİU.-Toshkent:Yangi nashr, 2011. 168b.

3.1.8. Ekonomika firmı. Uchebnik/ Pod obsh. red. prof. N.P.İvashenko. -M.:İNFRA -M, 2006. 468 s. (Uchebnik ekonomicheskogo fakulteta im. M.V.Lomonosova).

3.1.9. Finansı predpriyatiy: uchebnoe posobie /N.E.Zayats F.59 [i dr.] ; pod obsh.red. N.E.Zayats, T.İ. Vasilevskoy.- 2-e izd.-Mn.: Vısshaya shk., 2005,394s.

3.1.10. Xasanov B.A. Xashimov A.A. Boshqaruv h'isobida byudjetlashtirish :Wquv qwllanma). –T.:"Wqituvchi", 2004. 5b..

3.1.11. Sklyarenko V.K., Prudnikov V.M. «Ekonomika predpriyatiya»: Uchebnik-M.: İNFRA-M, 2006.466s. (Vısshee obrazovanie).

3.1.12. Ubaydullaev K., Torebekov A., Tajibaeva K. Regulirovanie ekonomicheskix otnosheniy i ego rol v razvitii povısheniya effektivnosti selskoxozyaystvennogo proizvodstva v RK. - Nukus.: Bilim. 2000. -s.29

**4. Dissertaciya va dissertaciya avtoreferatları.**

4.1.4. Xasanov B.A. "Boshqaruv h'isobi va ichki audit metodologiyasini takomillashtirish masalalari" 08.00.08 Buxgalteriya h'isobi, iqtisodiy tah'lil va

audit" ixtisosligi bo'yicha doktorlik dissertaciyasi avtoreferati. Toshkent, O'zRBMA, 2004,13 B

**5. Jurnallardag'ı maqalalar.**

5.1. Deh'qonboev A. Qishloq xo'jalik korxonalarini samarali moliyalashtirish // Bozor, pul va kredit. Toshkent- 2003. № 2.

5.2. Kambarov M. Fermeram eto pod silu // Ekonomicheskiy vestnik Uzbekistana. Toshkent- 2001. № 4-5.

5.3. Mustafaev E. Fermerstvo: mexanizmı podderjki // Ekonomicheskiy vestnik Uzbekistana. Toshkent- 2003. № 7-8.

5.4. Nosirov B. Fermer xo'jaliklarni vujudga kelishining iqtisodiy moh'iyati // O'zbekiston iqtisodiy axborotnomasi. Toshkent- 2001. № 3.

5.5. Seilbekov B. Nekotorıe osobennosti reformirovaniya agrarnogo sektora regiona Priaralya. // Aktualnıe problemı sovremennoy nauki. – Moskva- 2002. №4. -B.75.

5.6. Seilbekov B. Qishloq xo'jaligida ko'p ukladli iqtisodiyotni barpo etish. // O'zbekiston iqtisodiy axborotnomasi.Toshkent- 2002. №7-8. B.41.

5.7. Seilbekov B., Akramov E. Qoraqalpog'iston qishloq xo'jaligini moliyalashtirish muammolari. // Ekonomika i klass sobstvennikov. Toshkent- 2004. B.31-34.

5.8. Urazmetov R. Forma organizatsii lizinga selskoxozyaystvennoy texniki (opıt kompanii «Uzselxozmashlizing»)// Rınok, dengi i kredit. Toshkent- 2003. № 2.

5.9. Yusupboev K. Qoraqalpog'istonda fermer xo'jaliklarni rivojlantirishning asosiy yo'llari. //O'zbekiston iqtisodiy axborotnomasi. Toshkent- 2000. № 2. -28b.

5.10. Yusupov M. O'zbekistonda fermer xo'jaliklarini davlat tomonidan qollab-quvvatlash. // Bozor, pul va kredit. Toshkent- 2003. №1.

5.11. Yusupboev K., Yusupboev G. Orol vodiy agrar zonasi muammolarini qanday qilib bartaraf qilish mumkin.// O'zbekiston iqtisodiy axborotnomasi. Toshkent- 2002. № 9.

5.12. Abilqosimov X., Allaёrov Sh., İsamitdinov G. Fermer xo’jaliklari istiqbollarini belgilash qay tartibda amalga oshiriladi.// O’zbekiston iqtisodiy axborotnomasi. Toshkent- 2000. № 11-12.

İnternet saytları:

www. mf. uz. – O’zbekiston Respublikasi Moliya vazirligi,

http://www.lex.uz

http://www.soliq.uz

http://www.prezident.uz

http://www.uza.uz

http://www.ziyonet.uz